ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ

ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ

# ИНСАН ФИЛОСОФИЯСЫ МОДУЛИ БОЙЫНША

# ОҚЫЎ МЕТОДИКАЛЫҚ КОМПЛЕКСИ

НӨКИС-2018

**Бул оқыў-методикалық комплекс Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлигиниң 2017-жыл «__»-_________дағы __-санлы буйрығы менен тастыйықланған оқыў реже ҳәм дәстүр тийкарында таярланды.**

| | | |
|---|---|---|
| **Дүзиўши:** | - | Бердақ атындағы ҚҚМУ "Социаллық пәнлер" кафедрасы доценти ф.и.к  Ю. Алимбетов |
| **Пикир билдириўшилер:** | | |
| Р.Реймов | - | Бердақ атындағы ҚҚМУ "Миллий идея ҳәм мәнаўият тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими" кафедрасы доценти |
| Алима Бердимуратова | - | Бердақ атындағы ҚҚМУ "Социаллық пәнлер" кафедрасы баслығы ф.и.д. |

**Оқыў-методикалық комплекс ҚМУдың 2018-жыл «___»-_____дағы __-санлы қарары менен баспаға усынылды**

# МАЗМУНЫ

**ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМА ........ 4**

**ТЕОРИЯЛЫҚ МАТЕРИАЛЛАР ........ 12**

**ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎ УШЫН МАТЕРИАЛЛАР ........ 98**

**ӨЗ БЕТИНШЕ ТӘЛИМ ТЕМАЛАРЫ ........ 104**

**АССЕССМЕНТ ТАПСЫРМАЛАРЫ ........ 106**

**ТЕСТ ТАПСЫРМАЛАРЫ ........ 116**

**ПИТКЕРИЎ ЖУМЫСЛАРЫ УШЫН ТЕМАЛАР ........ 124**

**ГЛОССАРИЙ ........ 126**

**ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ ........ 129**

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы» пәни бойынша**

# ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМА

**НӨКИС-2018**

# ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМА

## Ис бағдарламаның тийкарғы мақсети ҳәм ўазыйпалары

Бағдарлама Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2015 жыл 12 июндеги “Жоқары тәлим орынларының басшы ҳәм педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў системасын жәнеде жетилистириў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПП-4732-санлы, 2017 жыл 7 февралдағы “Өзбекстан Республикасын жәнеде раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында”ғы ПП-4947-санлы Пәрманлары, сондай-ақ 2017 жыл 20 апрелдеги “Жоқары тәлим системасын жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ–2909-санлы қарарында белгиленген үстин ўазыйпалар мазмунынан келип шыққан ҳалда дүзилген болып, ол заманагөй талаплар тийкарында қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў процесслериниң мазмунын жетилистириў ҳәмде жоқары тәлим орынлары педагог кадрларының кәсиплик компетентлигин асырып барыўды мақсет қылады.

Бағдарлама мазмуны жоқары тәлимниң норматив-ҳуқықый тийкарлары ҳәм нызамшылық нормалары, алдыңғы тәлим технологиялары ҳәм педагогикалық шеберлик, тәлим процесслеринде хабар-коммуникация технологияларын қолланыў, әмелий шет тили, системалы анализ ҳәм қарар қабыл қылыў тийкарлары, арнаўлы пәнлер негизинде илимий ҳәм әмелий изертлеўлер, технологиялық раўажланыў ҳәм оқыў процессин шөлкемлестириўдиң заманагөй усыллары бойынша соңғы жетискенликлер, педагогтың кәсиплик компетентлиги ҳәм креативлиги, глобал Интернет тармағы, мультимедиа системалары ҳәм аралықтан оқытыў усылларын өзлестириў бойынша жаңа билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелерди қәлиплестириўди нәзерде тутады.

Бағдарлама шеңберинде берилип атырған темалар тәлим тараўы бойынша педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў мазмуны, сапасы ҳәм олардың таярланғанлығына қойылатуғын улыўма қәнигелик талаплары ҳәм оқыў режелери тийкарында қәлиплестирилген болып, бул арқалы жоқары тәлим орынлары педагог кадрларының тараўға тийисли заманагөй тәлим ҳәм инновация технологиялары, алдыңғы шет ел тәжирийбелерден нәтийжели пайдаланыў, хабар-коммуникация технологияларын оқыў процессине кең түрде енгизиў, шет тиллерин интенсив өзлестириў дәрежесин асырыў есабына олардың кәсиплик шеберлигин, илимий искерлигин жетилистириў, жоқары тәлим орынларында оқыў тәрбия процесслерин шөлкемлестириў, ҳәм басқарыўды системалы анализ қылыў, сондай-ақ, педагогикалық шәриятларда оптимал қарарлар қабыл қылыў менен байланыслы компетенцияларға ийе болыўлары тәмийнленеди.

Қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў принципиниң өзине сай қәсийетлери ҳәмде актуаль мәселелеринен келип шыққан ҳалда бағдарламада тыңлаўшылардың арнаўлы пәнлер шеңбериндеги билим, көнликпе, тәжирийбе ҳәмде компетенцияларына қойылатуғын талаплар жетилистириўи мүмкин.

Усы оқыў модулинде тыңлаўшының оқыў жүклемеси -30 саат болып, соннан:

Жәми аудитория оқыў жүклемеси -26 саат;

Соннан: **Лекция** -10 саат;

**Әмелий шынығыўлар** -16 саат;

**Өз бетинше жумыс** - 4 саат

**Лекция ҳәм әмелий сабақлардың атамалары**

| **№** | **Сабақ өтилетуғын теманың аты** | **Жәми** | **Лекция** | **Әмелий** | **Өз бетинше жумыс** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Философия тарийхында инсанның келип шығыўы ҳаққындағы тәлийматлар | | 2 | 2 | 2 |
| 2 | Инсан болмысының өзине сай қәсийетлери | | 2 | 2 | - |
| 3 | Сана инсан болмысының тийкары сыпатында | | 2 | 2 | 2 |
| 4 | Инсан болмысында дүньяға илимий көз-қарастың орны | | 2 | 2 | - |
| 5 | Сана ҳаққында ойлардың раўажланыўы | | 2 | 2 | - |
| 6 | Инсанды философиялық түсиниўдиң өзине сай қәсийети. | | - | 2 | - |
| 7 | Инсан философиялық проблема сыпатында | | - | 2 | - |
| 8 | Сана руўхый болмыс сыпатында. | | - | 2 | - |
| **ЖӘМИ** | | **30** | **10** | **16** | **4** |

## Курстың мақсети ҳәм ўазыйпалары

Жоқары тәлим мекемелери педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў курсының **мақсети** педагог кадрлардың оқыў-тәрбиялық процеслерди жоқары илимий-методикалық дәрежеде тәмийнлеўлери ушын зәрүр болатуғын болатуғын кәсиплик билим,

көнликпе ҳәм қәнигеликлерин үзликсиз жаңалаў, қәнигелик талаплары, оқыў реже ҳәм бағдарламасы тийкарында олардың кәсиплик компетентлиги ҳәм педагогикалық шеберлигин бәрқулла раўажланыўы тәмийнлеўден ибарат.

Курстың **ўазыйпаларына** төмендегилер киреди:

“**Инсан философиясы**” модулинде педагог кадрлардың кәсиплик билим, көнликпе, қәнигеликлерин үзликсиз жаңалаў ҳәм раўажландырыў механизмлерин жаратыў;

заманагөй талапларға сәйкес ҳалда жоқары тәлимниң сапасын тәмийнлеў ушын зәрүр болған педагоглардың кәсиплик компетентлик дәрежесин асырыў;

педагог кадрлар тәрепинен заманагөй хабар-коммуникация технологиялары ҳәм шет тиллерди нәтийжели өзлестирилиўин тәмийнлеў;

инсан философиясы модулиндеги оқытыўдың инновациялық технологиялары ҳәм алдыңғы шет тәжирийбелерди өзлестириў;

**“Инсан философиясы”** модулинде қайта таярлаў ҳәм қәнигелик асырыў процеслериниң пән ҳәм ислеп шығарыў менен интеграциясын тәмийнлеў.

## Курс жуўмағында тыңлаўшылардың билим, көнликпе қәнигеликлери ҳәмде компетентлигине қойылатуғын талаплар:

Инсан философиясы модули бойынша тыңлаўшылар төмендеги жаңа билим, көнликпе, қәнигелик ҳәмде компетенцияларға ийе болыўлары талап етиледи:

**тыңлаўшы:**

- инсан философиясы модулиниң теориялық тийкарларын ҳәм категориал аппаратын;
- инсан болмысының өзине сай қәсийетлерин;
- философия тарийхында инсан болмысына мүнәсебетин;
- сана инсан болмысының тийкары екенлигин;
- инсан философиялық проблема сыпатында анализлеўди;
- шығыс философиясында инсан проблемасына тийисли методларды **билиўи** керек;

**тыңлаўшы:**

-инсан философиясы модулиниң әмелий ҳәм теориялық тийкарларын түсиндирип бериў;

-инсан болмысы раўажланыўының әмелий тийкарларын анализ қылыў;

- философиялық антропологияның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы, предмети ҳәм ўазыйпаларын тийкарлаў;

- жазба ҳәм аўызеки сөйлеўде, сәўбетлесиў процессинде аргументлестириў ҳәм контраргументлестириўдиң усылларын қолланыў, аргументлестириўде ушырайтуғын қәтелер, ҳийлелерди анықлаў ҳәм оларды

ашыў усылларынан практикада пайдаланыў тәжирийбелерине ийе болыўы зәрүр;

### “Инсан философиясы” модули бойынша қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў курсының оқыў модуллары ҳәм олардың мазмуны

Инсан болмысының өзине сай қәсийетлери. Философия тарийхында инсан болмысына мүнәсебет. Сана инсан болмысының тийкары. Жан ҳаққындағы философия. Индивидуаллық болмысы. Сананың тәбияты. Сана ҳәм жанның теңлестирилиўи. Сана ҳаққында ойлардың раўажланыўы. Инсан философиялық проблема сыпатында. Философия тарийхында инсанның келип шығыўы ҳаққындағы тәлийматлар. Инсанды философиялық түсиниўдиң өзине сай қәсийети. Инсанның көп өлшемлилиги. Шығыс философиясында инсан проблемасы. Инсан мәселесинде Батыс дәстүри.

Философиялық антропологияның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы, предмети ҳәм ўазыйпалары. Инсан барлығының космобиологиялық дәрежелери. Социаллық ҳәм мәдений факторлардың инсан санасына тәсири. Инсан мәдениятының қәлиплесиўине диний дүньяға көз-қарастың тәсири.

### Әмелий шынығыўларды шөлкемлестириў бойынша бойынша көрсетпе ҳәм усыныслар

Әмелий шынығыўларда тыңлаўшылар инсан философиясы модули шеңбериндеги дөретиўшилик тапсырмалар, кейслер, оқыў жойбарлары, технологиялық процеслер менен байланыслы шараятлы мәселелер тийкарында әмелий ислерди орынлайды.

Әмелий шынығыўлар заманагөй тәлим усыллары ҳәм инновациялық технологияларға тийкарланған ҳалда өткизиледи. Буннан тысқары, ғәрезсиз ҳалда оқыў ҳәм илимий әдебиятлардан, электрон ресурслардан, тарқатпа материаллардан пайдаланыў усыныс етиледи.

### Өз бетинше тәлимди шөлкемлестириўдиң формасы ҳәм мазмуны

Өз бетинше тәлим тийисли оқыў модули бойынша ислеп шығылған тапсырмалар тийкарында шөлкемлестириледи ҳәм оның нәтийжесинде тыңлаўшылар питкериў жумысы (жойбар жумысы)ны таярлайды.

Питкериў жумысы (жойбар жумысы) талаплары шеңберинде ҳәр бир тыңлаўшы өзи сабақ берип атырған пәни бойынша электрон оқыў модулларының презентациясын таярлайды.

Электрон оқыў модулларының презентациясы төмендеги бөлимлерден ибарат болады:

Кейслер банки;

Темалар бойынша презентациялар;

Басқа материаллар (пәнди өзлестириўге жәрдем бериўши қосымша материаллар: электрон тәлим ресурслары, лекция тексти, глоссарий, тест, кроссворд ҳәм басқ.)

Электрон оқыў модулларын таярлаўда төмендегилерге айрықша итибар бериледи:

- усыныс қылынған әдебиятларды үйрениў ҳәм анализ қылыў;
- тараў раўажланыўының үстин принциплери ҳәм ўазыйпаларын орынлаў;
- қәнигелик пәнлериндеги инновациялардан ҳәмде алдыңғы шет тәжирийбелерден пайдаланыў.

Сондай-ақ, өз бетинше тәлим процессинде тыңлаўшы кәсиплик искерлиги нәтийжелерин ҳәм студентлер ушын жаратылған оқыў-методикалық ресурсларын "Электрон потрфолио" системасына киритип барыўы лазым.

**Бағдарламаның хабар-методикалық тәмийнлениўи**

Модулларды оқытыў процессинде ислеп шығылған оқыў-методикалық материаллар, тийисли тараў бойынша илимий журналлар, Интернет ресурслары, мультимедия өнимлери ҳәм басқа электрон ҳәм қағаз варианттағы дереклерден пайдаланылады.

## Әдебиятлар

### I. Өзбекстан Республикасы Президентиниң шығармалары

1. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. –Т.: "Маънавият", 2008.–176 б.

2. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. –Т.: "Ўзбекистон", 2011.–440 б.

3. Каримов И.А. Она юртимиз бахти иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш – энг олий саодатдир. –Т:. "Ўзбекистон", 2015. – 302 б.

4. Мирзиёев Ш.М. "Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз" мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимига бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи. – Т.: "Ўзбекистон", 2016. – 56 б.

5. Мирзиёев Ш.М. "Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови" мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. – Т.: "Ўзбекистон", 2017. – 48 б.

6. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. –Т.: "Ўзбекистон". – 2017.– 102б.

7. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб ҳалқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. – 488 б.

## II. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер

1.Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги 4947-сон Фармони.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 5 июлдаги “Ёшларга оид давлат сиёсати самарадорлигини ошириш ва Ўзбекистон ёшлар иттифоқи фаолиятини қўллаб-қувватлаш тўғрисида”ги 5106-сон Фармони.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2015 йил 12 июндаги “Олий таълим муасасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида” ги 4732-сон Фармони.

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 2 февралдаги “Коррупцияга қарши курашиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси Қонунининг қоидаларини амалга ошириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-2752-сонли қарори.

6. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 20 апрелдаги “Олий таълим тизимини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-2909-сонли қарори.

7. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 26 сентябрдаги “Олий таълим муассасалари педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 278-сонли Қарори.

8. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2015 йил 20 августдаги “Олий таълим муассасалари раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини оширишни ташкил этиш чора тадбирлари тўғрисида”ги 242-сонли қарори.

9. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2017 йил 27 февралдаги “Олий таълим муассасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш курслари тўғрисидаги низомга ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш ҳақида”ги 103-сонли қарори.

## Ш. Арнаўлы әдебиятлар

1. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технологиялар ва педагогик маҳорат. – Т.: Молия, 2003. – 192 б.

2. Арипов М. Интернет ва электрон почта асослари.- Т.; 2000. – 218 б.

3. Баркалов С.А. Системный анализ и принятие решений.– Воронеж: НПЦВГУ,2010. 662с.

4. DUET-Development of Uzbekistan English Teachers*- 2-том. CD ва DVD материаллари, Тошкент.: 2008.

5. Michael McCarthy “English Vocabulary in use”. Cambridge University Press, 1999, Presented by British Council.

6. Нурматова М., Муҳаммаджонова Л. Маънавиятнинг ахлоқий асослари /Ўқув қўлланма. Тошкент: Унверситет, 2013.

7. Ракитов А. И. Философские проблемы науки: Системный подход. — М.: Мысль, 1977. — 270 с.

8. О`Коннор Джозеф, Макдермотт Иан. Искусство системного мышления: Необходимые знания о системах и творческом подходе к решению проблем = The Art of Systems Thinking: Essential Skills for Creativity and Problem Solving // «Альпина Паблишер». — М., 2011. — № 978-5-9614-1589-6.

9. Попков Ю.С., Тищенко В.И. и др. Системные исследования. Методологические проблемы.: Ежегодник 2013--2014: Системный подход, системный анализ, системное моделирование. методология междисциплинарных исследований. методологическое наследие к. поппера. дружеские воспоминания О В. Н. Садовс. Серия:Труды Института системного анализа РАН Вып.37/2013--2014 ЛЕНАНД 2014. 456с.

10. Савельев А. В. Онтологическое расширение теории функциональных систем // Журнал проблем эволюции открытых систем. — Алматы, 2005. — № 1(7). — С. 86-94.

11. Савельева Т. С., Савельев А. В. Трудности и ограничения системного подхода в науке о мозге // в сб. материалов XI Междунар. конференции по нейрокибернетике «Проблемы нейрокибернетики». — Ростов-на-Дону, 1995. — С. 208—209.

12. Скляров И.Ф. Система --- системный подход --- теории систем. Изд.стереотип. Книжный дом ЛИБРОКОМ 2016. 152с.

13. Сидоров С. В. Правила реализации системного подхода в управлении развивающейся школой // «Знание. Понимание. Умение». — 2010. — № 2 — Педагогика. Психология.

14. СИСТЕМНЫЙ АНАЛИЗ. Учебник и практикум для академического бакалавриата Кузнецов В.В. - Отв. ред. М.:Издательство Юрайт 2017. 270 с.

15. Философско-методологические исследования технических наук // Вопросы философии. — 1981. — № 10. — С. 172—180.

16. Черногор С. А. Синтез креативных подходов в решении практических системологических задач // Философская мысль. — М., 2004. — № 5. — С. 68-81.

17. Черногор С. А. Введение в синергологию и сложные системы моделирования. — М.: Наука, 2008. — 346 с.

18. Шагиахметов М. Р. Основы системного мировоззрения. Системно - онтологическое обоснование. — М.: КМК, 2009. — 263 с. — ISBN 978-5-87317-546-8.

19. Щедровицкий Г. П. Принципы и общая схема методологической организации системно-структурных исследований и разработок. — М.: Наука, 1981. — С. 193—227.

20. Хомяков П.М. Системный анализ: Экспресс-курс лекций. Под ред. В.П. Прохорова. Изд. 3-е. М. Издательство ЛКИ 2008. - 216с.

21. Юдин Э.Г. Методология науки. Системность. Деятельность Серия:Философы России XX века Изд.2, стереотип. ЛЕНАНД 2016. 448с.

22. Пулатова Д.А., Жалолова Ў.К., Рўзматова Г.М. Ахлоқшунослик /Ўқув қўлланма. Тошкент: Premier print, 2011.

23. Shermuxamedova N. Falsafa va fan metodologiyasi – T.: Axborot texnologiyalari, 2008.

24. Шермухамедова Н.А. Гносеология – билиш фалсафаси. -Т.:"Ношир", 2011.

25. Шермухамедова Н.А. Фан фалсафаси. -Т.: Ношир, 2013.

## IV. Электрон тәлим ресурслары

1. www. Lex.uz
2. www. Ziyonet.uz
3. www. Edu.uz
4. www. Ma'naviyat.uz
5. www.faylasuf.uz
6. www. Bilim.uz
7. www. Fikr.uz
8. www. Uza.uz
9. www. Senat.uz
10. www. Nauka.uz
11. www. Faylasuf.uz
12. www. Muloqot.uz
13. www. Xabardor.uz
14. www. Huquqburch.uz
15. www.portfolio.bimm.uz– электрон портфолио тизими.
16. http://philosophy.ru/
17. Philosoff.Ru
18. grani.agni-age.net
19. www.arcto.ru

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы» модули бойынша**

# ТЕОРИЯЛЫҚ МАТЕРИАЛЛАР

**Нөкис-2018**

## 1-тема. Философия тарийхында инсанның келип шығыўы ҳаққындағы тәлийматлар

**Режеси:**

1. Адам проблемасын философиялық аспектте қараўдың өзгешелиги ҳәм актуаллығы. Антропосоциогенез ҳәм оның комплексли характери.
2. Адамдағы биологиялық ҳәм социаллық, олардың өз-ара байланысы. Адамның руўхый тәжирийбесинде өмир ҳәм өлим мәселеси.
3. Индивид, индивидуаллық, жеке адам, түсиниклери. Жеке адамның тарийхтағы роли.

**Таяныш сөзлер:** *адам, антропогенгез, антропосоциогенез биологиялық ҳәм социаллық, өмир ҳәм өлим, жеке адам, индивидуаллық, демократия еркинлик.*

### 1. Адам проблемасын философиялық аспектте қараўдың өзгешелиги ҳәм актуаллығы. Антропосоциогенез ҳәм оның комплексли характери.

Тарийхый процессти өз мақсетин әмелге асырыўға умтылған адамның искерлиги сыпатында мақуллар екенбиз, жәмийетти философиялық-социологиялық анализлеўди адамнан баслаў ақылға уқсас келеди. Деген менен философия бойынша жазылған көп ғана илимий - көпшилик әдебиятларда, ҳәттеки сабақлықларда ҳәм оқыў қуралларында жәмийетти тиккелей оның өзинен баслап түсиндириў-дәстүрийликке ийе. Бунық ҳәм дурыслылығы бар. Ақыры, адам жәмийетлик қубылыс сыпатында көп түрли байланыслар арқалы жәмийетке енисип кеткен ғой. Сөйтсе де жәмийетти анализлеўди адамнан баслаўдың белгил артықмашықлары бар. Айтайық тарийхты адамның искерлиги сыпатында мақуллап қойыў жеткиликсиз. Адамның тәбиятын ҳәм оның искерлигине тән болған характерли белигилерди анықлаў зәрүрлиги пайда болады. Оның үстине философияның өзи адам проблемасы менен сабақлас. Оның басланыўы адам проблемасы менен бирге пайда болған. Усы себепли ең алды менен мәселениң философияда қойылыў тарийхына қысқаша тоқтап өтейик.

Әлбетте, адамлар ҳаққында ойлар, пикирлер, толғаныслар философия пайда болмастан бурын пайда болған. Булардың басламалары, әсиресе, адамның әлемдеги орнын анықлаўға бағдарланған ертек ҳәм аңызлардағы ең сада пикирлер. Бирақ бул пикирлердиң адамды философиялық түсиниў бойынша тәлийматларға белгили дәрежеде негиз болғанлығын ҳәм умытпаўымыз керек. Буған әййемги Ҳиндистан философиялық ойында адамның қалайынша пайда болғанлығы туўралы сораўларға жуўап излеўлердиң өзи гүўа. Бул толғанысларда адамның бәрше жанлы мақлуқлар менен улыўмалыққа ийе қәсийетлери менен оның жәмийетлик - руўҳый мәнисине көбирек дыққат бөлинеди. Әййемги Ҳинд әдебиятының естеликлеринен

есапланатуғын Ведалардың даўамы-Упанишадларда белгили нызамлықлар шегарасында еркинликке умтылыў адамға ғана тән қәсийет деп тастыйықланады.

Адам проблемасы қытайлы философ ҳәм сиясий искер Конфуций (б.э.ш. 551-479) тәлийматында орайлық орынға ийе. Оның философиялық көз-қарасларында инсанның әдеп-икрамлығы, шаңарақтағы турмысы, мәмлекетти басқарыўы сияқлы мәселелелер тийкарғы обьект етип алынған. Бул бойынша Конфуцийдиң «өзиңе нени қәлемесең, басқаларға ҳәм оны рәўа көрме» деген пикири оның тәлийматындағы алтын қәде есапланады ҳәм Жэнь (адамгершилик) принципиниң негизин қурайды

Конфуцийлик пенен бир қатар Қытайда пайда болған даосизм (б.э.ш. 3-4 әсирлер) атлы философиялық бағдар ўәкиллери ҳәм инсан проблемасына үлкен дыққат бөлди. Бул бағдар ўәкиллериниң пикиринше адам өзиниң өмиринде даоға--пүткил әлемниң өзинен-өзи келип шығыўы ҳәм раўажланыўына әмел қылып жасаўы керек. Басқаша айтқанда, өзиниң ҳәмме ис ҳәрекети әлем нызамы ҳәм инсан тәбиятына мас болыўы керек. Адам проблемасының философиялық түсиндирилиўи әййемги грек философиясында бираз илгериледи. Олар адамды космостың бир бөлеги сыпатында түсиндирди. Соны да айтыў керек, тәлийматлар ишинде адам проблемасын арнаўлы мәселе сыпатында да ең дәслеп қоғанлардың бири - Протагор (б.э.ш) 490-420) Оған «адам - ҳәмме нәрсениң өлшеми» деген пикир тийисли. Бул қанатлы сөздиң мәниси: адам дүньяны қандай болса, солай ғана қабыллайды.

Демокрит (б.э.ш 461-370) адамды тәбияттың бир бөлеги, атомлардан дүзилген деп түсиндирди.. Ал өмирдиң мақсетин адамның мәнили жасап, бахытқа жетисиўи деп билди. Ал Сократ болса, (б.э.ш 470-399) «өзиңди өзиң танып бил» деген Дельфадағы Аполлон храмының кирер аўзына ойылып жазылған терең мәнили сөзди қайтадан жаңғыртты. Дурыс, Сократ адам принципинде өзин-өзи, өзиниң микрокосмын танып билиўи мүмкин, бирақ макрокосм адамның билиўинен тысқарыда екенлигин тастыйықлайды. Сөйтсе де «өзиңди өзиң танып бил» принципиниң қайта-қайта ҳәм қайта ойланатуғын ҳалда қойыла бериўиниң өзи адам ушын билиўдиң ҳәм үйрениўдиң адамнан артық обьекти жоқлығын аңлатады.

Сократтың шәкирти Платон (б.э.ш. 428-347) адамның жанының өлмей-туғынын тастыйықлады. Оның пикринше жан ҳәр дайым өлген денеге енисип отырады. Адамның өзин қоршаған дүньяны танып билиўге умтылады-бул жанның мәңги идеялар .дүньясы туўралы еске түсириўлери, оларды жан денеге кирместен бурын байқаған. Платон ушын адамның идеалы-данышпан, философ, оның жаны көп «саяхатта» болады, сонлықтан ҳәм билиўлери дурыс ҳәм баҳалы.

Аристотель (б.э.ш. 384-322) адамды жәмийетлик мақлуқ (зоон политикон) деп атап, еркин пухараға мүнәсип бул практикалық яғный сиясий ҳәм теориялық билиўлик искерликке толы өмир болып табылады дейди.

Тутаслай алғанда, антикалық дәуир философиясы адам мәселесин шешиўден гөре оны көбирек мәселе қылып қойыў менен шекленди. Орта әсирлик философия, тийкарынан, диний болып, адамға еки басламаның көтериңкиликтиң (жан) ҳәм пәсликтиң (дене) мудамы ушласыўында ҳәм үзиликсиз гүресинде адамның негизин көрди.

Орта әсирлик диний философияның атасы Августин Блаженный (430-356) адамның тийкары жан, ал дене болса жанның ўақытша қабыршағы ғана, адамның тийкарғы ўазыйпасы денениң гүнаға азғырыўшылығы менен мудамы гүресте болыўы тийис дейди. Фома Аквинскийдиң (1226-1274) пикиринше дене менен жанның бирлигин мақуллағаны менен адамда денеликтиң басымлығы оны ҳайўанға уқсатса, руўхыйлықтың басымлығы оны периштелерге жақынлатады.

Орта әсирлик схоластика ўәкиллериниң пикиринше (Альберт Великий, Ансельм Кентерберийский ҳ.тб.) адам өзиниң негизин танып билгеннен гөре қудайлық тийкарын танып билиўге умтылыўы керек.

Шығыстың Ислам тарқалған территорияларындағы диний - философиялық тәлийматларда адам проблемасына рационаллық қатнас басым болды.

Суфизм тәлийматларын мысалға алсақ, адам өзиниде әлемниң тийкарын жәмлеген. Адам өзин-өзи тынымсыз билиў арқалы ғана ҳәр тәреплеме раўажланған инсан дәрежесине ерисиў имканиятына ийе. Ислам философиясында адам проблемасының дерлик тийкарғы тәреплериниң барлығы қаралады. Ислам философиясының ўәкиллерин, әсиресе, адамның келип шығыўы, оның әлемдеги тутқан орны, дүньяны өзгертиў имканиятлары, жақсылық жолын таңлаған адамның идеалы ҳәм басқа да мәселлер қызықтырған еди. Фарабий бул бойынша инсанның пүткил тиришиликтен айырмашылығы оның ақыл - ойында десе, Ибн - Сино ақылдың өзин улыўма көз-қараслар ҳәм тиккелей нәрселер туўралы пикир жүритиўге бағдарланған ҳалда анализлейди.

Беруний адамның қудай тәрепинен жаратылғанлығын мақуллайды ҳәм оның пүткил турмысы ҳәм физикалық дүзилиси географилық факторлар менен байланыслы екенлигин дәлийллейди. (Қараңыз: Абу Райхан Беруний Танланган асарлар. I жилд Т.,ФАН 47-бет)

Улыўма алғанда Шығыс философиясындағы адам проблемасына байланыслы өзине тән өзгешелик соннан ибарат, онда алдын-ала белгилеўшилик догматына сүйениў басым. Адамның тәғдири алдын-ала, белгиленген екен, адам өзин алдын-ала, айтайық тек маңлайға жазылғанға ылайық ис барып барыўы тийис. Бирақ Фарабий беруний, Ибн Сино, Наўайы, Мырза Бедилди ғана емес, сондай-ақ, XIX-XX- әсир ойшыллары-Ахмад Дониш Мукимий, Бердақ, Әжинияз, Абай ҳәм басқалар адамның гуманистлик ағартыўшылық, белгили дәрежеде демократиялық концепсиясын қәлиплестириўде салмақлы үлест қосты. Олардың дөретиўшилигинде адамға, оның күш ғайратына, ақыл - ойына, еркине исеним характерли. Мәселен,

қарақалпақ шайыры Әжинияз «Бул дуньяның көрки адам баласы, сол адамның көккө жетер наласы» - дейди.

Ояныў дәўири философиясына инсанды индивилиуаллық сыпатында қарап оны улығлаў тән ҳәм нәтийжеде жеке адам менен улыўма аздамзатлық мәплериниң ушласыўына байланыслы жуўмақлар шығарылады. Жаңа дәўир философиясында адамға байланыслы еки мәселениң қойылыўын көриў мүмкин. Бир жағынан инсанннның имканиятларының шексизлиги мақулланса, екинши жағынан индивидуализм, эгоизм, мапгөйликтиң философиялық тийкарланыў тенденциясы басым. Айтайық, англичан философы Т.Гоббсқа «адам адамға қасқыр» деген фраза тийисли. Деген менен Европа философиясының антропологиясында бул дәўирге келип инсанды анализлеўде басқа да моментлер жүз берди. Мәслен, Б.Паскаль адамның улллығын оның ойлаў, пикирлеў қәбилетинде көрди. Декартқа адамның дуалистлик концепциясы тийисли. Оның пикринше, адам дене менен жанның бирлигин қурайды. оған «ойлап турыппан, демек, жасап турыппан» деген принцип тийисли.

Нидерланд философы Бенедикт Спиноза ушын адам- тәбияттың бөлеги, дене менен жанның бирлиги. Адамның пүткил психикалық өмири ақыл - ойға ҳәм аффектке (қуўаныш қайғы) бағдарланған. Адамның өзин-өзи сақлаўға ҳәм пайдаға умтылыўы оны мудамы ҳәрекетсиз қоймайды. Адам туўралы тәлийматтың исленип шығылыўына XYШ әсир француз материалистлери Ж.О.Ламетри, К.А.Гелбеций. П.А.Гольбах, Д.Дидро ҳәм басқалардың қосқан үлеси уллы. Буған Ламетрийдиң «Адам -машина», Гельвецийдиң «Адам туўралы» ҳ.т.б мийнетлери мысал бола алады. Ламетри жәмийетлик раўажланыўдың тийкарғы себеплерин жеке адамлардың искерлигинен ҳәм билимлендириўден изледи. Дидроның пикиринше адам бул әлемниң ақылға сыйымлы орайы, пүткил мәдениятты дөретиўши, сол себепли ол - eң жоқарғы баҳалық. Ал, Гольбахтың пикиринше адам тәбияттың бир бөлеги, соның ушын оның нызамларына бағынған. Адамның қәлиплесиўи процессинде тийкарғы рольди Гельвеций адамды қоршаған орта менен байланыстырады. Оның пикириинше, адамлар өзлериниң уқып ҳәм мүмкиншиликлери бойынша тәбийий жақтан тең, гәп тәрбияда. Адамлардың ҳәмме мүмкиншиликлери тәрбияға ғәрезли.

Тутаслай алғанда, арнаўлы әдебиятларда XVШ әсир француз материлизминиң адамның тийкарын, түсиндириўде гуманистлик қатнастың раўажланыўында үлкен роль атқарғанлығы тастыйықланды.

Немец философы И.Кантта «адам деге не?« деген сораў философияның тийкарғы мәселеси сыпатында қаралады. Ол да Декарт сыяқлы антропологиялық дуализм позициясында турады. Бирақ оның дуализми руўх пенен дилениң дуализми емес, ал әдеп-икрамлық тәбийлық дуализм. Бунық мәниси ол тәрепинен былай түсиндириледи. Адам бир тәрептен тәбиий зәрүрликке, екинши тәрептен әдеп-икрамлық еркинлик ҳәм абсолют баҳалықларға тийисли. Сезиўлик дүньяның бир қурам бөлеги сыпатында ол зәрүрликке

бағынады, ал руўхыйлықты алып келиўши сыпатында еркинликке ийе ҳәм бул бойынша тийкарғы роль адамның әдеп-икрамлық искерлигине тийисли.

Гегельдиң антропологиялық концепциясы оның пүткил философиясы сыяқлы рационализмге толы. Оның пикиринше адамның ҳайўаннан айырмашылығы ойлаўға ийе болыўында. Ойлаў оның адамшылығын пүткил адамзатқа жаяды. (Қараңыз: Г.Гегель Философия права М 1990 с 97). Адамды руўҳый искерликтиң субьекти , мәдeният дүньясын жасайтуғын улыўма әҳмийетке ийе сананың, ғалаба басламаның-руўхтың, ақыл - ойдың алып келиўшиси сыпа-тында түсиниў Гегельде жүдә басым.

Жеке адамның индивидтен айырмашылығы сонда жеке адам өзин-тек шексиз, ғалаба ҳәм еркин қубылыс сыпатында саналы түрде танып билиўден басланады. Социаллық планда Гегель тәлийматы методологиялық ҳәм социологиялық коллективизмди аңлатады. Басқаша айтқанда социаллық тутас түрде индивиддиң үстинен артықмашлыққа ийе принципин аңлатады.

Бул көз-қарасларды сынға ала отырып, Л.Фейербах тири, эмпириялық адамның әҳмийетин, артықмашлығын тастыйықлады. Адам Фейербахта ең алды менен тәбияттың бөлеги, сезиўлик-денелик жан . Антропологиялық принцип Фейербах философиясының пүткил өзегин қурайды ҳәм ол адамды идеалистлик түсинидириўге, руўх пенен тәнниң дуализмине қарсы. Бирақ Фейербахтың адамды абстрактлы түсингенлиги соншелли, онда адам реаль социаллық қатнас ҳәм искерликтен биротала бөлекленип қалған. Оның философиялық антропологиясы «Мен» менен «Сенниң» қарым - қатнасларына тийкарланған ҳәм бул бойынша, әсиресе ер менен ҳаялдың арасындағы қатнасларға көбирек дыққат бөлинген.

Қулласы, Фейербах адамның мәниси, тийкары проблемасын биринши планға шығарып, оны философияның бирден-бир, универсал ҳәм жоқарғы предмети сыпатында қарағаны менен ол тийкарынан адамды биологияландырып жиберди. ҳәм нәтийжеде оның жәмийетлик мәнисин түсиндире алмады.

Антрополгиялық принцип, демек жәмийетти адамның тийкарынан туўынды сыпатында қараў экзистенциализм, турмыс философиясы, философиялық антропология сияқлы көп ғана философиялық ҳәм социлогиялық бағдарларға тән. Айтайық экзистенциалистлердиң (Ж.П.Сартр, А.Камю К. Ясперс ҳ.т.б) пикиринше, философия ушын тийкарғы проблема бул адамның өмир сүриў жасаў (экзистенция) мәселелери болыўы керек. Адамды қоршаған дүньяның қорқынышлығы соншелли, ол адамның ақылына сыйымсыз дәрежеде. Сонлықтан адам тек ғана өзин-өзи танып билиўи мүмкин. Мәселен, К.Ясперс өмир сүриў, жасаў бул танып билиў ҳәм мен сана сыпатында өмир сүремен дейди.

Экзистенциализмниң бас принципи - еркинлик. Ж.П.Сартрдың пикиринше адам әзелден еркин болыўға ғана сазаўар. Жәмийетлтк өмирдеги дағдарыстан шығыўдың жолын экзистенциалистлер жеке, ишки индивидуаллық болмысынан излейди. Экзистенциализмге жақын болған

философиялық тәлийматлардың биринен есапланатуғын ҳәм бүгинлигинде философиялық антропология атамсына ийе бағдар (А.Гелен Э.Ротхамер М.Ландман) көз қрасынан философияның ўазыйпасы инсан болмысының мәнисин түсиндириўден ибарат. Бирақ бул бойынша итибар көбирек инсан болмысының обьектив тәреплерине емес ал субьектив тәреплерине қаратылған ҳәм усылайынша адамның еркин дөретиўшилик искерлиги, оның ҳақыйқый болмысы тийкарында инсан турмысының мәнисин ашыў мүмкин деп көрсетиледи.

Басламасы австриялы психиатр-врач Зигмунд Фрейдтиң (1856-1939) аты менен байланыслы фрейдизм тәлийматы жеке адамның структурасын «шала түсиник» «мен» «меннен жоқары» деген үш қабатқа бөлип адамда шала түсиник (подсознание) қалғанларынан, демек, санадан, ақыл - ойдан күшлирек деп ойлайды. Фрейдтиң бул ойына избасарларының бири Э.Фромм мынадай тақылетте аңлатыў береди. Фрейд ақыл - ойды адамдағы ең баҳалы адамийзатлық қәсийетлердиң бири деп есаплайды. Бирақ ақыл - ой оны бурмалайтуғын қумарлықлардың тәсийрине берилген ҳәм тек бул қумарлықларды түсиниў ғана ақыл - ойды азат етип, оның нормаль ҳәрекетин тәмийинлей алыўы мүмкин. Сөйтип Фрейд адамзат ақыл - ойының күшин ҳәм әззилигин ҳәм көрсетти. (Қараңыз: Фромм Э. Психоанализ и религия Сумерки богов М.,1989 с. 147).

Философияда адам проблемасын үйренер екенбиз, оның келип шығыўы мәселеси бойынша көз-қарасларға итибар бериўимиз зәрүр.

## 2. Адамдағы биологиялық ҳәм социаллық, олардың өз-ара байланысы. Адамның руўхый тәжирийбесинде өмир ҳәм өлим мәселеси.

Белгили, XIX әсирдиң екинши ярымынан баслап адам биологиялық эволюцияның продукты екенлигин мойынлаў ғалабалық характерге ийе бола баслады. Бул бойынша адам биологиялық түр сыпатында маймыл тәризли мақлуқлардан келип шыққан ҳәм буған жуўмақ инсанның өткендеги ата-бабаларының сүйеклериниң қалдықларыменен байланыстырылады. Ҳәзирги илим көз-қарасынан жерде өмир мың миллион жыллар бурын пайда болған. Ал маймыл тәризли мақлуқлардан инсанның келип шығыўы бирнеше миллион жыл бурын болған . (Қараңыз Хирсион Дж, Ўайнер Дэн, Теннор Дж. Бар-нокот Н., Ренолл. Биология человека. М., 1979 13 б).

Ҳәзирги ўақытта жер жүзинде тарқалған Номо Сапеинс (ақыллы адам) түри заманагөй генетика мағлыўматларына қарағанда буннан шама менен 200-250 мың жыл бурын Африкада пайда болған. Бирақ эволюциялық тәлдиймат көз-қарасын келип шығатуғын бул жуўмақты илим мақуллағаны менен философиялық аспектте оны инсанның келип шығыўы бойынша толық тийкар етиў оншелли исенимли емес. Ақыры бул тәлиймат адамның ҳайўанат дүньясынан ажыралып шығыўының себеплерин толық аша алмайды. Бул деген сөз адамзат тарийхының ҳәмме дәўирлерине (әсиресе ертедеги)

тийисли жуў-мақларды философиялық аспектте улыўмаластырыў зәрүрлиги пайда болады. Оның үстине адамның келип шығыўы мәселесине ҳәзирги антропология илими менен философияның жантасыўында белгили өзгешиликлер сырттан қарағанда қарама-қарсылықлар ҳәм бар. Әдетте антропологлар адамның маймыл тәризли ата-бабаларынан Номо Сапеинске бағдарланған биологялық эволюциясында жетиспей турған звеноны излеў менен тәшиўишленсе, философлар «мудамылықтың ўзилисин» - адамзаттың қәлиплесиўиндеги революциялық секириўди мақуллаўға умтылады. Заманагөй изертлеўлердиң жуўмақларына сүйенсек, адамның қәлиплесиўи ҳәм (антропогенез) жәмийеттиң қәлиплесиўи ҳәм (социогенез) узақ процесс, олар 3 -3,5 милион жылларға созылған антропосоционогездиң ажыралмас еки тәрепи. Бул аралық пүткил «жазылған тарийхтан» мың есе көп.

Антопосоциогенездиң улыўма мәнисин түсиниўде мийнет гипотезасының роли жоқары. Дурыс, адамның келип шығыўына байланыслы диний түсинидирўлер ҳәм баршылық. Деген менен усы бүгинге дейин адамның келип шығыўына байланыслы диний түсиндириўлердиң ҳақыйқатлығын дәлийллейтуғын жуўмақларға илим ийе емес. Соның ушын бираз еллерде адамның пайда болыўына байланыслы диний ҳәм эволюциялық көз-карасларды оқытыўдың әмелге асыўы ҳақыйқый гүрес шәраятында баратыр. Мәселен, соңғы жылларда Нобель сыйлығының Америкалы 72 лауреаты оқыў бағдарламаларында креационизм ҳәм эволюция теорияларының тең ҳуқықлығын болдырыўға умтылған көз қарасқа ашықтан - ашық қарсы шықты (Қараңыз: Основы философии Т., 1988 358б)

Сондай-ақ жаңаша дәўирде «космослық экспериментлер» теориялары пайда болды. Диний көз-қарастан «айырмашылығы сонда, аталмыш теорияларда дөретиўши-басқа пленеталардағы цивилизация. Бул ойынша жер бетиндеги көп ғана уникаллық дәрежедеги Египет пирамидалары, Пасха атаўындағы тастан соғылған алып сияқлы қурылыслар басқа планеталардағылардың искерлигиниң дөретпеси миш.

Бүгинлигинде илим басқа планеталың цвилизациялардың өмир сүриў, олардың жерге келип турыў мүмкинлигин биротала бийкарламайды. Бирақ адамның басқа планетадағылардың дөретпеси сыпатында түсиндирилиўине ҳәзирше дәлиллер жеткииликсиз. Бул бойынша барлық пикирлеўлер гипотезалық характерге ийе.

Енди антропосоциогенз процессинде мийнеттиң белгилеўшилик ролине қайтып келетуғын болсақ, оны қалай болса солай бир тәреплеме ғәрезлилик себеплиликте механикалық түсиндириў шынлыққа туўры келмейди. Неге дегенде,мийнет бирден-бир антропогенетикалық фактор болыўы менен бирге оның өзи ҳәм генезиске ийе.Себеби тутас, толық предметлик-практикалық искерликке айлана отырып, социалластырыўдың (латынша сөзинен алынған болып адамның жәмийеттиң толық ҳуқықлы ағзасы сыпатында мүмкиншилик беретуғын белгилер, нормалар, баҳалықлардың белгили

системасын меңгериў, ийгериў процесин аңлатады) тил, сана, әдеп-икрамлық, мифология, ритуалллық практика ҳ.т.б. факторлар менен өз ара бирликте ғана болады. Сөз жоқ, адамның ҳайўаннан айырмашылығының бир белгиси оның мийнет қуралын жасаў уқыбына ийе болыўы. Оның үстине әсирес қураллардың жәрдеминде таярлаў адамның өндириўшилик искерлигиниң мудамы өзеги, табыслардың үзликсиз топланыў сферасы.

Илимий мағлыўматларға сүйенсек, әпиўайы қураллар жасаў сөйлеў ҳәм ойлаў пайда болмастан 1-1,5 миллион жыл бурын басланған. Бирақ бул процесс узақ ўақыт адамзат бирлигине уқсамаған гоминидлер үйириниң ишинде раўажланды ҳәм социодөретиўшилик функцияға толық ийе бола алмады. Дурысырағы бундай өндирис жәмийетке қатаң талап қойды. Оның мәнис : социумның өз функцияларын әмелге асырыўы тилдиң жәрдемисиз, әпиўайы әдеп-икрамлық нормаларсыз, түсиниклер дәрежесинде ойлаўсыз мүмкин емес. Айтайық, енди - енди пайда болып киятырған мийнеттиң әмелге асыўы ушын ишки үйирлик дәрежеде тынышлыққа, биймәлел қарым қатнасқа зәрүр еди. Бул ушын қарым - қатнастың усылы өзгерилиўи, демек ең алды менен, үйирлик ҳалдан жәмийетке өтилиўи тийис еди. Шынында да кем-кем инстинктлик дәрежеде мийнет қуралларының таярланыўының өзи ақ «ҳайўанлық формадағы» қарым-қатнас пенен жөнли сыйыспай, ол енди биологиялықтан тәўир-ақ үстинлике ийе бирлеспениң өндирислик хожалық бирге ислесиўиниң ўазыйпаларына жуўап бермесе болмайтуғын болып қалды. Бул бойынша социалластырыўдың тағы бир факторы-тилдиң орны ҳәм роли айрықша . Кең мәнисте тил-мәденияттың пүткил системасы, оның жәрдеминде адамлар арасында байланыслар орнайды. Демек әзел бастан-ақ тил адамлардың практикалық искерлигине енискен. Тил, тар мәнисте, бул сөйлеў деп аталатуғын информациялық-белгилилик искерлик. Сөйлеў, сөйлесиўдиң көмегиндее ғана қарым-қатнас процесининң адамлардың күнделикли болмысындағы тәсиршеңлиги күшейе алады. Ақыры ол бир жағынан ашық-айдын предметлик - практикалық характерге ийе болса, екинши жағынан оның өзи адамлардың предметлик практикалық искерлигиниң табыслы раўажланыўын болдырады. Илимий дәреклерге сүйенсек, тилдиң социалластырыўды әмелге асырыўының басламасы дым ғана әпиўайы сөйлеў актларынан-атаўдан ҳәм көринеди. Атаў ритуааллық, кийели , муқаддес характерге ийе ҳәрекет сыпатында болды. Бул акттың қатнасыўшылары аталған затты бирдей түсиниўге бирлести. Бул бир. Екиншиден, атаў актының арқасында ғана сыртқы реаллық биринши рет практикалық жақтан жарамлы ҳәм жарамсыз, зәрүрли ҳәм зәрүрсиз, пайдалы ҳәм пайдасыз ҳ.т.б затлардың түрлерине бөлинди ҳәм ақыбетинде бул шақаланған материаллық мәденияттың пайда болыўы ушын алғышәрт болды. Бул ҳәм усы тақылетлес фактлар соны көрсетеди, предметлик-практикалық искерлик, демек материаллық өндирис шын мәнисинде тил менен бирге пайда болған. Әлбетте тилдиң социалластырыўшылық мүмкиншиликлери ҳәм шекленген. Неге дегенде, үйирлик өмир сүриўдиң ишиндеги тынышлық ,

мәмилешилик айрықша практика - адамлардың өзлерин өзлери өндириўи арқалы, демек урпақтың дөрелиўиниң коллектив түрде тәртипке түсиўине ҳәм зәриў еди. Бул антропосоциогенездиң қәлиплесиў барысындағы адамға предметлик-практикалық искерликтиң субьекти сыпатында түпкиликли тәсир еткен процесслерден есапланады. Гәп ҳайўанлық үйирдиң өндирилиўи менен адамзат бирлигиниң әпиўайы формасының-алғашқы община арасындағы айырмашылық туўралы болып отыр. Үйирлик тусында эндогамия (грекше эндо-ишки, гамос-некелик байланыс) басым боды. Бул деген сөз, некелик жуп екинши үйирден таңланбайды ҳәм жуўмағында нәсиллик жақын руўлық қатнаслар тийкарында болады.

Общиналық жасаў тусында, ҳәтте оның ең әпиўайы басқышында ҳәм агамия (жақын туўысқанлық жынысый қатнасларды бийкарлаў) принципине ҳәм экзогамияға (грекше ехо-сыртқы, гамос-некелик байланыс) тийкарланған. Община өзиниң ағзаларына некелик жупласларды қатаң түрде басқа, дәслеп белгили общиналардан ғана табыўды буйырады. Булардың себеби усы бүгинги дейин жүдә анық емес. Бар шамалаўларға сүйенсек, буның себебин әдетте антропогенездиң дәслепки стадиясындағы мутация (латынша мутатио-өзгерис) процеси менен инцестке (қанның араласыўына) жийиркенишли әдеп-икрамлық қатнасты тийкарлаў бар. Буның тийкарын бизиң ҳайўан сипетлес ата-бабаларымыз ең дәслепки жайласқан жерлериндеги радиациялық тәсирдиң күшейиўи менен байланыстырыў арнаўлы әдебиятларда тәўир ақ орын алған. Ҳәттеки радиоактивлик нурланыў процессин антропосоционегездиң қәлиплесиў процесиндеги нызамлылықты толықтырыўшы тосын факторлардың қатарына жатқызыў ҳәм бар. (Қараңыз: С.Э.Крапивенский Социальная философия Волгоград 1994 с 38).

Ал - инцестке әдеп-икрамлық жийиркеништиң пайда болыўын америкалы тарийхшы М.Морганның (1818-1881) мийнетлериниң пайда болыўы менен антропологияда «саналы түсинилген» атамасына ийе интеллектуалистлик концепцияға бағындырып түсиндириў сән болды. Бул концепцияның тәрепдарлары мийдиң үлкейиўи ҳәм қурал менен атқарылатуғын искерликке ийе болыў менен адамның ҳайўанлық дәрежесиндеги ата-бабаларының ақылы ене баслайды. Бәрҳа ҳәм өлшестирип көрип, қанның араласыўының ақыбетиниң зыянлы екенлигин түсинеди ҳәм жақын туўысқанлық жынысый қатнасларды бийкарлады. Бул көз-қарас XX әсирде сынға алынды.

Сондай-ақ үйирлик өмир сүриў шегарасында тынышлықты, мәмиле қарым-қатнасты сақлаўға умтылыўды аңлататуғын рационаллық түсиндириўлер менен бирге иррационаллық түсиндириўлер ҳәм бар. Соңғысы бойынша әси-ресе, тотемлик культлар тийкар етип алынады.

Тотемизм индеецлердиң тилинен алынған болып «өз қәўими» дегенди аңлатады. Ол әдетте ҳайўан, әсимлик, тәбияттың мәлим предмети, қубылы-сының руўлық топардың диний, табыныў, ҳүрмет өтиў обьектин символлайды ҳәм «өз қәўими» (оның ишинде жынысый байланыс қадаған

етилген) белгили бир төтемге бас ийген топар сыпатында тəн алынады. Көбинше белгили бир ҳайўан пир тутылады. Мəселеңкиден, крокодил, тасбақа. Тотем руўдың мифлик ата-бабасы сыпатында түсиндириледи ҳəм оның барлық ағзалары қəсийетли тотем менен қанлас, сол себепли оны жеўге ҳəм жынысый қат-настың обьекти етиўге болмайды.

Жуўмағында некелик байланыслар үйирлик - түрлик бирликлердиң пайда болыў қуралы болыўдан қалып белгили социомəдениятлық тəртипке, иррационал түрде бағынады. (Дəслеп тотемлик, соңынан мифлик жағдайда).

Сөйтип жақын туўысқанлық қан араласқан байланыслардың қадаған етилиўи менен жынысый сезимниң артыў, руўҳы көтерилген дəўири басланады. Ақыры əпиўайы экзогамиялық жупласыў узақты жақынластыратуғын жат пенен досластыратуғын факторға айланады. Дүнья халықлары искусствосының ғəзийнелеринде орны айрықша көп ғана дөретпелерде бул реалллықтың сəўлелениўин аңызлық дəрежеде болса ҳəм көриў мүмкин. Айтайық Ромео ҳəм Джульеттаның бир - бирине аңызлық дəрежедеги қумар-лығы ҳəм буның мудамы жаўласыўдағы Монтекки ҳəм Капулетта руўларын мəмлеге келтириўи. Бул мəселеде тағы бир момент соннан ибарат, агамияның əмеге асыўы ҳəм мифлик ата -баба туўралы көзқарастың пайда болыўы менен туўысқанлық идеясы бираз күшейеди. Буннан жуўмақ: руўдың социаллық қубылыс сыпатында басымлығы туўысқанлық түсинигиниң əййем заманлардан берли тек адамлар тəрепинен ғана қолланылатуғынлығы менен ҳəм дəлийлленип тур. Тек адамлар ғана туўысқанлық қатнасаларды саналы түрде улыўмаластырып биледи ҳəм категорияларға бөледи. Бул деген сөз, Номо сапІенсти тек биолоогиялық түр сыпатында қараў жеткиликсиз, ол ҳақыйқый адамзат родының мийрасхоры, халықлардың тутас бирлиги .

Əлбетте антропосоциогенездиң қəлиплесииўинде жақын туўысқанлық байланысларды қадаған етиў-əпиўайы əдеп-икрамлық-социаллық қадаған етиўлердиң қатарында ең дəслепкилерден есапланады. Бирақ, ол бунда, сөз жоқ, өшпес из қалдырған үлкен əҳмийетке ийе бурылыс. Бул бир. Екиншиден улыўма əдеп-икрамлық-социаллық қадаған етиўлерди сөз етер екенбиз, олардың антропосоциогенездиң факторы сыпатында өзгешеликлери алғашқы руўлық общинаны ҳайўанлық үйирге қарама-қарсы қойыўы менен характерленеди. Оның үйирлик инстинктлердиң қəлеген түринен ең кеминде үш түрли белги менен айрықшаланып туратуғынлығы арнаўлы əдебиятларда бар. Олар: əдеп-икрамлыллық пенен социаллық қадаған етиўлер общинаның ҳəмме ағзаларына тəн болса үйирлик аўҳалда «рухсатсыз» жағы тек əззилери шын ғана. Сондай-ақ бул əдеп-икрамлық-социаллық қадаған етиўлер тек ғана өзин-өзи сақлаў инстикти де емес. Индивидуаллық планда адамға зиянлы исҳəрекет ҳəм мəсленкиден, оның өзин-өзи қəўимниң мəпи ушын анаў я мынаў дəрежеде шеклеўи ҳəттеки өзин-өзи қурбан қылыўы ҳəм буйырылады. Қадаған етиўлер,сөз жоқ миннетлемелик характерге ийе. Бул, мəселен, остракизм. Гүнакардан, қылмыскерден ҳəмме ниң ўаз кешиўи. Ол қəўимнен

қуўылады ҳәм жәмийеттен тәбиятқа шығарылып жибериледи. Қуўғынға ушыраған адам басқа қәўимниң адамына я ҳайўанға барабар. Ҳәттеки бул статусқа ийе болған адамның гүнасының дәрежесине ылайық өлимге гриптар борлыўы да тәәжип емес. Булар менен қоса үш әпиўайы әдеп икрамлық-социаллық талапты айрықша атап көрсетиў орынлы. Олар улыўма адамзатлық мәниске ийе болғанлықтан әййемги адамлардың күнделикти болмысына ақ енискен. Олар: қанның араласып кетиўин қадаған етиў: өзиниң қәўимлесин өлтириўди абсолют дәрежеде қадаған етиў:, жасаўды, өмир сүриўди қоллап қуўатлаў. Бул бойынша мәлим қәўимлестиң физикалық мүмкиншиликлери төмен болса, оның өмир сүриўине, жасаўына байланыслы қоллап -қуўатлаў қатаң түрде талап етиледи. Әлбетте булар қаншелли әҳмийетли бола берсин, алғашқы-общиналық әдеп-икрамлылықты ҳайран қаларлық этикалық алтын әсир менен теңлестириў надурыс болған болар еди. Ақыры, адамның тарийхый қубылыс екенлигин нәзерде тутсақ, әййемги әдеп-икрамлық талаплардың этикалық мәнисте еле жетилмегенлиги өзинен-өзи түсиникли. Ақыры. әййемги мораллық талаплардың нәзик «қашырымлары» ашымайрықланып үлгермеген. Мәселен, жақсылық пенен жаманлықтың қарама-қарсылығы пайдалылық пенен зиянлылықтың, сүйкимлилик пенен жийиркенишлилиниң муқаддеслик пенен қәдирсизликтиң қарама-қарсылығы менен алмастырылып жиберилер еди. Сондай-ақ ол талаплар локаль характерге ийе болды: обшинаның өз ишинде ғана ҳәрекет етти. Мәслеңкиден, қәўимлес туўысқанды өлтириўди қатаң қадаған етиў ғайры қәўим ағзалары ушын тийисли болмады. Общиналар арасындағы қатнасларға байланыслы ҳийле, күшлеў ҳ.т.б узақ ўақытлар хошаметленип ҳәм турды.

Буннан жуўмақ сондай, адамзаттың моральлық санасының демек, моральлық искерлиги ҳәм қатнасының қәлиплесиў, раўажланыў жолы әпиўайы әдеп-икрамлы нормалары бир ўақытта ҳәм мийрасланыў ҳәм олардың шекленген мәнисин бийкарлаў болып табылады. Бәрибир нәрсени түсиниўимиз керек, антропогенездиң қәлиплесиў барысында адамзаттың әдеп-икрамлық жетисиўликлерине қарай енди изге бурылмайтуғын дәўир келди. Ақыры, алғашқы руўлық община өз ағзаларын әпиўайы ғана әдеп-икрамлы қәделерге бойсындырыўда қандай қатал илажларды қолланбасын, булардың ҳәммеси ең дәслепки адамның ҳайўанлық ҳалатқа өтип кетиўин иркип турды. Нәтийжеде биологиялықтан үстинликке ийе тилеклеслике ҳәм жуўапкер-шиликке бағдарланған коллектив искерликти саналы әмелге асыратуғын тарийхый раўажланыўға жол ашылды. Конкретирек айтқанда, алғашқы руўлық общинаның социаллық-әдеп-икрамлық бирлиги палеонтроплардың коллективлигиниң сондай формасы болды, оның ишинде биринши мәртебе өндирислик хожалық кооперациясының раўажланыўы ушын мүмкиншилик пайда болды.

Жәмийеттиң общиналық-руўлық дўзилисиинң тастыйықланыўы менен мийнет спефикалық адам қәсийетлериниң әпиўайы «буйыртпашысы» ғана

емес, тиккелей оларды дөретиўшиге, адамлардың уллы тәрбияшысына айналды. Сөйтип адамды адам мийнети менен дөретиў әмелге асар екен, мийнет процесси барысында адамлардың ерки ҳәм конструктив уқыплары, интеллекти ҳәм қыяллаўлары қәлиплеседи.

Бул көп аспектли предметлик-искерликли раўажланыў жәмлеўшиликтен ҳәм аңшылықтан өндириўшилик ҳалда өмир сүриўди, жасаўды тәмийинлеўге өтиў болады. Бул процесс жер менен, мал шарўашылығы менен, өнермент-шилик пенен шуғылланыўға өтиўде анығырақ көринеди.

Бирнеше мың жыллар даўамында адамлар отты болдыра алды, ҳайўанларды қолға үйретти, дөңгелеклер ойлап тапты, қурылыс техникасының басламаларын меңгерди. Көшпели турмыстан отырықшы турмыс образына өтти. Ири қәўимлик бирлеспелер қәлиплести. Ақыры, кең масштабтағы миграциялық процеслер басланды. Алғашқы - руўлық община жер шарының көп районларында жер менен шуғылланатуғын община менен алмасты. Биринши қала - мәмлекетлер пайда боды. Олардың пайда болыўы менен әййемги цивилизациялардың тарийхы басланады.

Қулласы, арнаўлы әдебиятларда «неолитикалық революция» деп аталатуғын дәўир басланады да, адам жәмийетлик, тарийхый мақлық сыпатында барлық минезлемелерге ийе бола алады ҳәм бул белгили жуўмақлар жасаўға имканият берди. Бул бойынша, биринши гезекте, адамның әзелден искер қубылыс екенлиги дәлийлленди.. Оның барлық өзине ғана тән қәсийетлери предметлик искерликтиң алға илгерилеў барысында, демек тарийхый раўажланыў процессинде қәлиплеседи. Ақыры жәмийеттен тәбиятқа баспүкил ысырылған адам ҳайўанға тәкаббил. Себеби, ол бул аўҳалда басқа адамлардан ажыралып ғана қалмастан адамзат баласы неше мың жыллар бойы ийелеген мийнет қуралларынан, билимлерден, дағдылардан биротала жүдә болған. Ал адамның өзиниң өмир сүриўин, жасаўын тәмийинлеп туратуғын бирден-бир усыл бул - мийнет. Соңғысы өзиниң генезиси бойынша коллективлик бирге ислесиўге барып тиреледи. Ал жәмийетлик мийнет ҳәм өндиристиң тийкарында қәлиплескен көп түрли қатнаслар системасындағы адамның орны ҳәм роли ҳәр қашан оның жәмийеттеги әҳмийетин белгиледи. Усы себепли адамларды бир-биринен ажыратып туратуғын қәдир- қымбат-лардың ҳәммеси де, айтайық, талант мәртлик, әдалат ҳ.т.б жәмийетлик қатнаслардың рамкасында, демек ҳәр бир индивидтиң басқа адамларға, олардың талапларына, күтиўлерине искерлигиниң усылларының қатнасы сыпатында әмелге асқанда ғана ҳақыйқый бола алады. Тағы бир момент. Көп ғана социаллық - философиялық изертлеўлерде адамлардың родлық (жәмийет-лик) болмысының индивидтиң саналы жигерли болмысына байланыслы биришилиги мойынланады. Бул дурыс көз-қарасты азы-кем конкрет-лестирсек, әўели адамлар жәмийетлик (родлық) мақлуқлар ал соңынан олар өзлерин индивидлар деп саналы түсинген мақлуқлар деген жуўмақ шықпаса керек. Неге дегенде, биологиялықтан үстинликке (жәмийетлик - руўлық) ийе

бирлеспе жүзеге келер екен, ол жерде ҳәр қашан адам өзин усы бирлеспеге саналы түрде тийисли деп есаплайды. Бул қәсийетлерден ҳайўанлар маҳрум: олар өзлериниң биологиялық түрге қатнаслығы менен характерли. Әлбетте адамды жәмийетлик қатнаслардың жыйындысы сыпатында минезлеў менен шеклениў ҳәм бир тәреплемеликке ийе . Адам бул тек социаллық мақлуқ ғана емес тәбияттың бир бөлеги де .Бул көз-қарастан адамлар илимниң тастыйықлаўынша, жоқары сүт емизиўшилер топарына кирип, Номо сапиенстиң айрық-ша түрин аңлататуғын биологиялық мақлуқ ҳәм болады. Белгили, Нома сапинс қәлеген биологиялық түр сыяқлы түрлик қәсийетлердиң белгили жыйынтығы менен минезленеди. Деген менен адамның тәбиятына байланыслы пикирлер ҳәм бир теклес емес. Оны тийкарынан социаллық пенен биологиялықтың бирлигинде қараў басым, бирақ бул екеўиниң қайсысы жетекшиликке, дурысырағы, белгилеўшиликке ийе деген мәселеге байланыслы пикирлерде келиспеўшиликлер бар. Оның үстине адамды үш түрли тәбиятқа биопси-хосоциаллыққа ийе деп түсиндириўлер арнаўлы әдебиятларда белгили дәреже-де орын алған. Пәмлеўимизше, гәп психиканың бизди қоршаған реаллықты психикалық сәўлелендириўдиң дәрежелеринде болса керек. Мәслен, ҳәр тўрли инстинктлер, қурамалы шәртсиз рефлекслер сияқлы жоқары ҳайўанларға тән психикалық сәўлелендириўдиң дәреже ҳәм формалары бар. Бирақ булар олардың ийелерин ҳеш қашан ҳәм материяның өмир сүриўиниң биологиялық формасының шегарасынан шығара алмайды. Ал енди психикалықтың сондай дәреже ҳәм формалары бар, олар өзлериниң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы бойынша социаллық дүньяға енисиўине миннетли. Усы себепли ҳәм материяның ҳәрекетиниң социаллық формасының атрибуты болады. Олар: сананың жоқары актлары. Солай екен, адамның тәбиятын түсиндириў бойынша психикалықтың роли, тийкарынан, ондағы биологиялық пенен социаллықтың өз-ара байланысының параметрлери менен ақ қамтылады деген сөз. Соның ушын ҳәм бул бойынша тәкирарлаўларымыз биологиялық пенен социаллықтың арасындағы өз-ара байланыстың спецификалық өзгешеликлерин ашыўға бағдарланыўы тийис.

Артық болса да, тағы да қайталаймыз, Номо сапиенс ,биологиялық түр сыпатында түрге тән қәсийетлерди өз бойына жәмлеген. Олар адамның социаллық, демек дөретиўши мақлуқ сыпатында искерлигиниң биологиялық тийкарларын қурайтуғын организмниң анатомиялық, физиологиялық, психологиялық ҳ.т.б өзгешиликлери. Булар адамның тик жүриўге ийе анатомиялық өзгешеликлеринен баслап психикаға ҳәм интеллекттиң жоқары раўажланыўы ушын мүмкиншилик беретуғын үлкен мий, қурамалы нерв системасы ҳ.т.б. дейинги аралықты өз ишине алады. Бул, сөзсиз, адам болмысының биологиялық тийкарлары адамниң ҳәттеки гейде жәмийеттиң ҳәм тәбиятын биологияластырып түсиндиретуғын концепциялар ушын жүдә қуп түскен. Нәтийжеде Ното сапиенстиң биологиялық түр сыпатында параметрлерине социаллық процесслердиң тәсир ететуғынлығы есапқа алынбайды.

Мәселен, ҳәзирги илимниң тастыйықлаўынша, адамның орташа жасы 80-90 жыл. Әлбетте бул 80-90 жыллық өмирдиң мүмкиншиликлери ҳәм адамның нәсиллик, инфекциялық сондай-ақ бизди қоршаған орталықтың нормаль емес жағдайы болдырған наўқаслардан, бақытсыз ҳәдийселерден аман болыў менен байланыслы. Бул түрдиң, сөз жоқ, биологилық турақлылығы социаллық нызамлықлар тәсиринде өзгериске түседи. Айтайық, әййемги ўақытлары орташа жас 20-22 ,болса XVШ әсирге келип 30ға дейин көтериледи. Батыс Европада XX әсирдиң басына қарай адамның өмир сүриўиниң орташа көрсеткиши 56 жыл болса, XX әсирдиң ақырына қарай ең раўажланған еллерде 75-77 жылға дейин көтерилди.

Балалықтың, ержеткенликтиң, ўақыты, ғаррылық - булардың ҳәммеси де биологиялық жақтан белгиленген. Сондай-ақ ҳаяллардың бала туўыў мүмкиншиликлери орта есап пенен 15 жас пенен 49 жастың аралығына туўры келеди. Бир, егиз-үш ҳ.т.б баланың туўылыўы ҳәм әлбетте биологиялық имканиятларсыз болмайды. Адамның ҳәр түрли аўқатты сиңириў уқыплылығы, жас ўақыттағы тилди меңгериў, екинши жынысый белгилердеиң пайда болыўы булардың ҳәммеси де биологиялық тийкарға ийе .Ҳәттеки арнаўлы изертлеўлердиң жуўмағына сүйенсек, балалардың искерликтиң ана ямаса мынаў түрине, мәселен физикаға, математикаға, әдебиятқа, музыкаға ҳ.т.б уқыбының, зийреклигиниң тийкарында нәсил қуўалаўшылық бар.

Нома сапиенстиң биологиялық түр сыпатында турақлығы расаға байланыс-лы да  тастыйықланады. Расалық айырмашылықлар жасаған ортаның конкрет өзгешеликлерине бейимлесиў менен байланыслы. Бирақ қәлеген расаның ўә-кили Нома сапиенс типине киреди.

Сондай-ақ биологиялық жақтан қәлеген адам өзгени қайталамайтуғын өзгешеликке ийе. Ақыры, ата-аналарынан  нәсилленген генлердиң жыйындысы ҳеш ҳәм қайталаныўшылыққа ийе емес. Буған тек бирдей генотипти нәсиллеўши бир туқымлас егизеклер ғана туўры келмеўи мүмкин. Деген менен биологиялық ҳәм социаллық факторлардың өз-ара тәсириниң адамдағы өзгени қайталамайтуғын өзгешеликти күшейтиўи егизеклерге де тийисли. Олар жеке адамлар сыпатында қәлиплесиў барысында бир-биринен ажыралып турады. Ҳәттеки аўыз әдебиятыны үлгилеринде ҳәм буны абайлаў мүмкин. (Мәселен, Балабий туўралы аңыз. Неше бийлер шеше алмай атырған даўды жети жасар баланың шешип берип, Балабий атаныўы). Булардан жуўмақ сыпатында  дүньяға көз-қараслық әҳмийетке ийе бир моментти үстиртинлеў болса да, атап өтиўимиз жөнли деп есаплаймыз.

Ҳәр бир адамның өзгени қайталамайтуғын өзиншелигин мойынлаў оның өзиниң жәмийетлик ҳәм индивидуаллық болмысын ийелеўдеги зейин, уқып дағдыларының, имканиятларының моллығын мойынлаў менен ушласады. Бул гуманистлик принцип бурынғы Аўқамда жеке адамға сыйыныў тусында есапқа алынбады. «Алмастырылмайтуғын адам жоқ» принципи ҳүким сүрди. Нәтийжеде ҳәр бир жеке адам мисли бир үлкен машинаның әпиўайы шүйине

мегзетилди ҳәм бул көз-қарас практикада қайғы - ҳәсиретлерге толы ақыбетлерге алып келгенлигин ҳәм тарийхтан билемиз. Әлбетте, адамның биологиялық ҳәм социаллық тәбиятын сөз етер екенбиз, адамлардың күнделикли турмысында булардың қайсысының жетекшиликке, белгилеўшиликке ийе екенлиги, сондай-ақ бул еки факторлың өз-ара байланысы көп ғана конкретлестириўди талап ететуғын проблема. Бул бир. Екиншиден, биз ҳәр бир жеке адамның уникаллығын мойынлағанымыз бенен реаль өмирде мәлим белгилерге сәйкес адамларды ҳәр қыйлы топарларға бөле аламыз. Мәселен, адамларды жасына, жынысына қарай бөлгенимизде олардың биологиялық тәбияты есапқа алынады, ал адамларды ақыл ҳәм физикалық мийнет пенен шуғылланыўына қарай бөлсек, олардың социаллық тәбияты нәзерде тутылады. Адамлардың гейбир топарларындағы айырмашылықлар олардағы социаллық пенен биологиялықтың өз-ара тәсирине тийкарланған болыўы мүмкин. Деген менен жәмийеттиң раўажланыў процессинде адам-лардың, топарлардың биологиялық жақтан белгиленген айырмашылық-ларының орнын ҳәм ролин анықлаў да проблемалық мәселе.

Бул ҳәм усы тақылетлес мәселелер бойынша адамзат ойында талай тартыслы пикирлер жүз берген. Раса туўралы пикирлер бунының айқын мысалы бола алады. Ўақтында бир расаның екинши расадан артықмашлығына байланыслы көз-қараслардың болғанлығын ҳәм булардың реаль өмирдеги көриниси көп ғана халықлардың бахтына қара болғанлығы тарийхтан белгили. Расын айтыў керек, тек XX әсирдиң тәжирийбесиниң өзи-ақ расизмниң, геноцидтиң қаншалық зыянлы екенлигин көрсетти. Сондай-ақ биологиялық жақтан белгиленген өзгешеликлерге байланыслы турақласып қалған ойлаў образы ҳәм тарийхый раўажланыў барысында өзгериске түсип отырды. Бул ҳаяллар менен ерлердиң өз-ара социаллық қатнасықларынан анық көринеди. Ҳеш кимге сыр емес, бул мәселе әсирлер бойы тиккелей ҳәр түрли жыныс ўәкиллериниң дискриминациясы дәрежесинде улыўмаластырылып келди. Буған қарсы реакция сыпатында ҳаяллардың ерлер менен тең ҳуқықлығын жеңип алыўға бағдарланған гүресиниң басланғанына да тарийхый раўажланыўдың өлшеми бойынша онша көп ўақыт болған жоқ. (100-150 жылдың аралығы ғана). Бүгинлигинде көп ғана проблемалар толық шешимин таппағаны менен жынислардың айырмашылығын оларды бир-бирине қарама-қарсы қойыў емес, ал олардың бирин-бири толықтырыў аспектинде қараў жәмийетлик пикирде тастыйықланып отыр.

Деген менен биологиялық пенен социаллықтың өз-ара қатнасына байланыслы дискуссия барысында биологияландырыўшы ҳәм социологияландырыўшы концепциялардың барлығын айтыўымыз керек. Еки концепция ҳәм бир тәреплемеликке ийе. Ақыры, биологияландырыўшысы адамдағы тәбийий, биологиялық басламаны

абсолютлендирсе, социоло-гияландырыўшысы ушын адам тек оны қоршаған социаллық қатнаслардың туўындысы ғана.

Соның ушын адамды биосоциаллық мақлуқ сыпатында қараў дурыс болады. Ҳәр түрли биологияландырыўшы ҳәм социологияландырыўшы концепциялардың қәўпинен сақлайды. Оның үстине, бүгинлигинде, адамдағы социаллық пенен биологиялықтың ара-қатнасын жаңадан танып билиў зәрүрлигин билдирип турған себеп ҳәм факторлар аз емес. Мәселен, ҳәзирги илимий-техникалық революция дәўиринде адамзат өзиниң өмир сүриўиниң, жасаўының биологиялық негизлерин тәўир-ақ истен шығаратуғын қуралларға ийе болып үлгерди. Ақыбетинде, нервлик-психикалық жүклемелердиң күшейиўин есапқа алмағанның өзинде ҳәр қыйлы химиялық препаратлар атмосфераны, сууды, жерди патаслады. Бул аздай көп ғана елерде жүргизилип атырған сынаўлар, экспериментлер, тиришиликке, биринши гезекте, адамға, оның жасаў шараятларының биологиялық негизлерине тиккелей зыян келтирип атырғанлығы фактлар менен дәлилленбекте. Бир ғана мысал. Баспа сөз материалларына нәзер салсақ, Америкадағы «Ҳадрон» биотехнологиялық фирмасының вице-президенти Кеннет Алибек ойлап тапқан штамм сибирь язвасының штамы менен салыстырғанда төрт бара-бар күшли болғанлықтан, оған ҳәзирги бар антибиотиклердиң күши жетпейди екен. (Қараңыз: Д.Мансуров Кен Алибек- третий всадник апокалипсиса? Даракчи N 47 22 II 2001).

Қулласы, бүгинлигинде адамды биологиялық түр сыпатында сақлап қалыў ғалабалық проблемалардың бирине айланып атыр. Гәп сонда, адамның биологиясына немқурайлы ҳәм менсинбей қатнас жасаў буннан былай даўам ете берсе, болжаў қыйын ақыбетлерге алып келетуғынлығы дәлийллеўсиз түсиникли болып қалды. Сондай-ақ адамның биологиялық уникаллығын оны күшлеўге я дүзетиўге бағдарланған социаллық мақсетлерге көндириўге умтылыў оның пүткил болмысының мақсетин ҳәм мәнисин әмелге асырыўда иркиниш ғана болады. Усы себепли ҳәм жеке адамның өз өмириниң мәнисин иске асырыўының дәрежеси тарийхый раўажланыўдың ҳәмме басқышларында бирдей емес. Әлбетте, бул ҳәм оған сабақлас басқа да проблемаларды толығырақ түсиниў ушын адамзат өмириниң мәнисине азы кем анықлық енгизип өтейик. Өмирдиң мәниси туўралы мәселе, адамның өмирдеги орны, роли, ҳәттеки тәғдири туўралы мәселе десек, бәлким, оншелли қәте болмас. Ақыры, бунда адамның не ушын жасап атырғанлығына жуўап излеў адамзат бинә болғаннан берли бар. Шамасы, усыннан да болар, белгили француз философы Альбер Камю өзиниң «Сизиф туўралы миф» атлы эссесинде философияда бир ғана фундаменталлыққа ийе мәселе бар, ол ҳәм болса, өмирдиң жасаўға турарлығы ҳәм турарсызлығы деген пикирди айтады. Оның устине, бундай сораўдың қойылыўының өзи өмирдиң мәнисиниң барлығына гүманның гуўасы. Себеби сырттан қарағанда реаль өмирде логика жоқтай. Избе-изликсиз, байланыссыз пәршелениў басым.

## 3. Индивид, индивидуаллық, жеке адам, түсиниклери. Жеке адамның тарийхтағы роли.

Қулласы, бул қыйын ҳәм қурамалы мәселени шешиўге байланыслы көп көз-қараслар характерли болған үшеўин бөлип көрсетиў мүмкин: өмирдиң мәниси о баста ақ өмир менен, жасаў менен тереӊ тамырласқан: өмирдиң мәниси өмирден тысқарыда; өмирдиң мәниси оның субьектиниң өзи арқалы әмелге асырылады. (Қараңыз: Философия Ростов на Дону 1999 238-239 с).

Бириншиси тиккелей диний, екиншиси дүньяуийласқан диний идеяға негизленген, үшиншисинде өмирдиң мәнисиниң әмелге асырылыўы тек ғана ҳәр бир адамның өзиниң таңлаўынан ҳәм еркинен ғәрезли.

Бул үш көз-қарастың ҳәм өзлерине тән артықмашылықларын, ҳәттеки бирин-бири толықтырып турған рационаллық дәнеге ийе екнелигин есапқа алыў менен бирге, үшеўинде де адамның мәнисин тарийхый процестиң контексинде қарап кокретлестириў жеткиликсизлеўдей туйылады.

Ҳеш кимге сыр емес социаллық - философиялық ойдың тарийхында тап антикалық дәўирден баслап адамның алдына қойған мақсетинен шыққан ҳалда өмир сүриўдиң, жасаўдың мәнисин тийкарынан еки түрли түсиндириў көбирек көзге тасланады. Олар адамның меншикке ийелик етиўин ҳәм өзин мудамы әмелге асырыў тәбиятын тийкар етип алады. Әлбетте бул еки установканың бирде - биреўи алғашқы жәмийетке туўры келмейди. Ийелик етиў установка-сының бул жәмийет ушын зәрүрсизлигиниң себеби сонда мүлктиң ийеси индивид емес, община. Ал адам өмирдиң мәнисин өз ойлаўының обьекти етип, өзин реализациялаўы ушын, биринши гезекте, оның төмен дәрежеде болса да, тийкарынан физиологиялық талапларының қанаатланыўы ҳәм усы тийкарда руўхый талаплары пайда болыўы тийис. Бул бир. Екиншиден, «ийелик етиў» концепциясының өзи жеке меншиктиң пайда болыўы менен жүзеге келеди. Деген менен ийе болыўдың өзи ҳәм проблемалық ситуациядан қуры алақан емес. Мәселенкиден, адамның жәмийеттеги орны ҳәм роли мүликке ийе болыўының дәрежесинен тиккелей ғәрезли дейик. Бул жағдай адам ушын ҳәмме нәрседен де зәрүрли. Ол ийелеўши сыпатында өзиниң статусын көтериўге бағдарланған қәлеген имканияттан пайдаланыўға таяр турады. Әдетте бундай өмирлик поэиция дүньяуийлик гуманзм көз-қарасынан да, диний көз-қараслар дәрежесинде де қуўатланылмайды. Тойымсызлыққа, адамгершиликтиң шегарасынан шығыўға бағдарланған минез - қулық сыпа-тында қаралады. Оның үстине адамның ийелигиндеги затлардың көплиги соншелли болып, олардың бара-бара адамды ийелап кетпеслигине, ақыбетинде адамның өзин жоғалтыўына алып келмеслигине ким кепиллик бере алады.ЎӘ

Адамның өндириўдеги ҳәм тутыныўдағы тойымсызлығының ақыбетилерин ҳәзирги глобаллық проблемалардың бири - экологиялық дағдарыслар ҳәм тастыйықлап отырған жоқ па. Усылай деўин десек те, адамның ийелик етиўи, мүликке ийе болыўға қуштарлығының тийкарындағы социаллық тамырлар менен қоса бул процесстиң биологиялық жақтан ҳәм

белгиленетуғынлығын ядтан шығар-маўымыз керек. Ақыры, ийелик етиў о баста-ақ адамның өзин-өзи сақлаў инс-тинктинде потенциаллыққа ийе дәрежеде орын алған. Деген менен олардың бәрше тири мақлуқлардан айырмашылығы сонда, ол өзиниң пүткил индивидуаллың өмири барысында родлық, тарийхый өмириниң мақсетлерине жетип үлгере алмайды. Бул мәнисте адамды мудамы әмелге асырылып тамамланбайтуғын қубылыс десе болады. Ақыры, өмир сүриўдиң жасаўдың өзи өмир сүриў, жасаў ушын қурал сыпатында хызмет етер екен, белгили бир ерисилген белес адамды толық қанаатландыра алмайды. Мине усы қанаатланыўсызлық, өзин толық әмелге асыра алмаўшылық адамның дөретиўшилик искерлигин қозғаўшы себеп болады. Сонлықтан да адам өзиниң ўазыйпасын, уқып дағдыларын раўажландырыўға бағдарлайды, тарийхқа, жәмийеттиң прогрессине ҳәм мәдениятқа өзиниң жеке үлесин қосыўға умтылады. Ҳәттеки жәмийетлик мәптиң жеке мәптен үстинликке ийе болыўы соншелли дәрежеге өтиўи мүмкин, адам өзин қурбан етиўге ҳәм барады. Мине буларда жеке адамның өмириниң мәниси жәмленген, бирақ бул процести адам, әлбетте, жәмийет арқалы әмелге асырады. Принципинде жәмийеттиң, пүткил адамзаттың өмириниң мәнисиниң әмелге асырылыўы ҳәм усы тақылетлес.

Қулласы, бул соны аңлатады адам биосоциаллық қубылыс сыпатында еки басламаны ҳәм ийелик етиўди, ҳәм өзин-өзи әмелге асырыўды ҳәм өзинде жәмлейди Бирақ бунның қайсысының үстинликке ийе болыўы я олардың теппе-теңликте ҳүким сүриўи адамның жеке адамлық қәсийетлери менен, қоршаған микро ортаның, айтайық, семья, коллективтиң ғана емес, ал ең алды менен адам жасап турған жәмийетлик дүзимниң тәбияты менен, онда ҳүким сүрип турған моральлық нормалар менен баҳалаў ориентациялары менен улыўма мәденияттың дәрежеси менен белгиленеди. Бул бир. Екиншиден, гейбир секталарды есапқа алмағанда диний көз-қарасларда ҳәм, дүньяуий көз-қарасларда сирә адамның абсолют дәрежеде жер бетиндеги ийгиликлерден ҳәм ләззеттен ўаз кешип, аскетизмге берилиўин шақырық, адамның өзиниң «менин» умытыўға бағдарлаўы сезилмейди. Егер мәселеге еле де сергегирек нәзер салсақ, ийелик етиў менен адамның өзин-өзи әмелге асырыўы арасында бири-менен бири сыйыспайтуғындай қарама қарсылық ҳәм жоқ. Қайтама, олар өз-ара тығыз байланыслы. Ақыры, адам өзиниң адамшылық сапаларын нормаль дәрежеде әмелге асырыўы ушын материаллық ийгиликлердиң белгили бөлегине ийе болыўы керек. Ол тек аўқатлық затлар, кийим- кеншек, отын ғана емес, ал олар менпен тәмийинлеўге бағдарланған өндиристиң қураллары. Сондай-ақ буған адамның қәдир - қымбатына мүнәсип материаллық ийгиликлерди тутыныўдың усыллары да киреди. Гәп сонда, адамның өмирин мәниси материаллық ийгиликлерден ўаз кешиўде емес, ал еки өмирлик установканың оптималь дәрежеде ушласыўында ҳәм усы тийкарда артықмашлық ең жақсы адамшылық қәсийетлерди енгизиўге бағдарланыўда ғана бул бойынша адам затларды оған табыныўдың предмети емес, ал өзине жәрдемши сыпатында

ғана биледи. Себиби ол адамның ўақтын зәрүрли иске енгизиўге, күш ғайратын дөретиўшилик ушын үнемлеўге, ҳәттеки оны тез қайта тиклеўге хызмет етеди. Бул, бүгинлигинде, базар экономикасы қатнасларына өтиў дәўирин басынан кеширип атырған постсоветлик кеңислик ушын, соның ишинде, бийғәрез елимиз ушын жүдә үйлесимли установка. Неге дегенде, базар экономикасына өтиўдиң өзбек моделиниң бес принципи пүтинликте меншиклик ҳәм бөлистириўишилик қатнаслар сферасынан келип шығатуғын ҳәмме ақыбетлерге байланыслы ийелик етиў, хожейинлик ҳәм адамның өзин-өзи әмелге асырыў установкаларына негизди өзинде жәмлеген. Ҳәттеки экономиканың сиясаттан үстинлиги принципин бөлип алып қарасақ ҳәм бунның гүўасы боламыз.

Экономиканың сиясатландырылмаўы, идеолгиясызланыўы бул меншиктиң ҳәмме формаларын нызам тийкарында пәраўан ҳәрекет етиўине мүмкинлик жарата отырып, бурынғы Аўқам тусында меншиктен жатласқан әпиўайы мийнеткештиң хожейинлик сезимин тиклейди. Буны биз бүгинлигинде реаль өмирден, адамлардың күнделикли болмысынан, әсиресе олардың мийнетке қатнасынан, оның нәтийжеси ушын мәпдарлықтан ҳәм жуўапкершиликтен көрип отырмыз.

Әлбетте, адамның өмириниң мәниси туўралы гәпти бул айтылғанлар менен шеклеў қыйын. Айтайық адамның не ушын, неге жасап атырғанлығы туўралы мәселе адамдағы ийелик етиў менен өзин-өзи әмелге асырыўдың өз-ара тәсириндеги өзек мәселе. Аўқат жеў ушын жасап атырғанымызды я жасаў ушын аўқат жеп атырғанымызды, улыўма адамша жасаўдың не екенлигин анықлаўға қаратылған әпиўайы турмыслық сораўларға мудамы жуўаплар изленеди. Егер биз адамды ортаға биологиялық бейимлесиў менен оның социаллық өзгериске түсиўиниң шегарасында ғана түсиниўимизди даўам ете берсек, онда бундай сораўларға ҳеш ўақытта да жуўап таба алмаймыз. Гәп тиккелей инсанның өмири, өлими ҳәм мәңгилиги ҳаққында мәселениң өз-ара қатнасына тирелгенде барып изленистеги обьект ашымайрық бола баслайды.

Адамзат болмысының фундаменталь қарсылықларының бири- бул оның биологиялық өлими менен социаллық факторларға қатнаслы дәрежеде өлмеслиги болып табылады. Шынында да барлық тири маңлуқатлардан адамның айырмашылығы сонда, ол өзиниң өмир сүриўиниң өлим менен тамамланатуғынлығын биледи, өлим ҳәм өмир мәселесине байланыслы белгили қатнаслар қәлиплестире баслайды. Бул мәселе тек индивидуаллық сана да емес, жәмийетлик сана да ҳәм, биринши гезекте, динде ҳәм философияда сәўлеленди. Мәселеңкиден ең дәслебинде адамның өлиминен қорқыў сезими тәўир-ақ күшли болған болса, соң ала диний пикирлеўлер тийкарында өлимниң мәжбүрийлиги адамлардың ойлаў образына ениседи.

Философия тарийхында өмир ҳәм өлим мәселесине көз-қарас бир қыйлы емес. Айырым улы философлар ушын бул мәселе өзиниң жеке турмысы менен тиккелей сабақлас. Мәселен, Сократтың өз өлимине разылығы. Дурыс,

бунда антикалық ойшыл ушын оның тәлийматы менен жеке өмир сүриўиниң арасындағы айырмашылықтың жоқлығы бирден көзге тасланады. Антикалық дәўирде философия еле билиўдиң айрықша тараўы, адамның басқа талаплардан бөлек әмелге асырылатуғын «кәсиби» сыпатында дәрежеге жетпеген еди. Ҳәттеки Платонға ҳәм Аристотельге шекем философ инсанның ойлаў искерлиги оның жеке адам сыпатында қәсийетлери менен турмыс ҳәм ойлаў образы менен сәйкес келип ғана қалмастан бул бирлик философ тәрепинен көтерилген идеялардың ҳақықыйлығының, өмиршеңлигиниң бирден-бир дәлийли сыпатында талап етилди де.

Сократтың идеялық принципи өмиринен артық санап, өлимге разы болыўы оннан кейинги философиялық проблемалардың қойылыўы ҳәм шешилиўи ушын үлкен әҳмийетке ийе болды. Платон өз устазының бул қарарында философтың өмирин кең пейиллик пенен тамамлаў имканиятын көреди. Оның пикиринше инсан эзотерик (руўҳый) мақлуқ сыпатында иләҳий қәсийетке ийе. Буған ерисиў, өзинен-өзи болмайды. Адам өз үстинде көп ислеўи, өзин тастыйықлаўы ҳәм иләҳий дүнья ушын умтылыўы лазым. Ақыры мәнеўиятлы адамда өлимнен қорқыў сезими болмайды.

Ислам дининде өмир ҳәм өлим мәселеси руўҳтың саплығы , мийнет етиў, билим алыў, сондай-ақ пүткил өмир бойы о дүньяны яддан шығармаслық дөгерегинде қаралады. Бул мәселе суфизмде, оның көрнекли ўәкили Жунайд, Абудулхолиқ “иждивоний, Аҳмед Яссауий, Нажмиддин Кубро ҳәм Баўаҳаддин Нақшбанд тәлийматларында инсанның иләҳийлықтың мәнисин билиўге умтылыўы, ҳадал мийнет етиў, басқаларға мийрим - шәпәәтли қатнаста болыўы менен байланстырылады.

Европаның жаңа дәўир философиясында, сондай-ақ шығыс философиясының тәсири тийкарында өмир ҳәм өлим мәселелерине қатнасы рационаллық аспектте еки антропологиялық модельде көринис табады. Бириншиси тәбийий модель деген атқа ийе болып, бул бойынша адам негизинен биология, физиология,психология илимлериниң изертлеў обьекти, ал екиншисинде инсан өзин әлемниң орайы сыпатында аңлаған, өз ерки өзиниң қолында, өткени менен бүгингисин ҳәм ертеңгисин улыўмаластыра билетуғын социаллық қубылыс сыпатында түсиндириледи. Батыс Европа антропологиялық философиясында XIX әсирдиң екнши ярымынан баслап қәлиплескен «өмир философиясы», экзистенциализм ҳ.т.б. өз ишине қамтыған иррационаллық бағдар өлимди инсан болмысының бирден бир моменти сыпатында қарайды Экзистенциализмде өмир мудамы өлим менен шегаралық ситуацияда болады деп түсиндириледи. Ф. Нищениң пикиринше, адамның өлими оның өмиринен ҳәм әҳмийетлирек. Солай екен, адамның өлим туўралы пикири, сезими адамның өмирин мәнилирек етеди.

Бүгинлигинде қәнигелердиң көрсетиўинше философияда инсан проблемасы менен шуғылланатуғын 20-30 ағым ҳәм бағдар бар. Оларда инсан болмысына тийисли ҳәмме проблемалар, тийкарынан,ҳәзирги цивилизациялық факторлардың тәсирин тән алған ҳалда қаралады. Бул

тәбиий инсан моделин өз ишине алған социаллық, мәнеўий инсан моделиниң жүзеге келгенлигин, бул бойынша инсанның бийғәрез ой-пикриниң күшейгенлиги аңлатылады. Бул деген сөз, адамның күн - көриси жақсы, турмыс гүзары кең болған сайын өлим бираз қәўетерли көрингени менен бунда инсанның мәнеўиятының дәрежесиниң орны ҳәм роли айрықша. Мәнеўияттың жоқарылығы, демек сананың искерлигин мийнетти ҳәм қарым-қатнасты басқарыў бойынша бағдарламалар ислеп шығыўы ҳәм оны әмелге асырыўы адам психикасының мудамы активлиги ҳ.т.б. өлим мәселесин ҳәр бир исанның өзиниң саналы аңлаўына ҳәм шешиўине имканият береди. Айтайық, өлим алдында адамның қорықпаслығы оның өлимди биолгиялық қубылыс сыпатында ғана емес зәрүрлик сыпатында түсиниўи менен де байланыслы. Буны адам қаншелли саналы түрде түсине берсин, бәрибир өмир бул оның туўылыўы ҳәм өлиўи менен шегараланған сәнелердиң ишиндеги қысқа ўақыт екенлиги туўралы ой менен ҳеш ҳәм келисе алмайды. Басқаша айтқанда, адам зәрүрли түрде өлмесликке руўхының, ислериниң, өзиниң поступокларының өлмеслик идеясына келеди. Буннан адамның өзиниң тәғдирин социаллық әҳмийетлиликке ийе мақсетлер менен руўҳый тиклениў менен байланыстырыўға ҳәрекет етиў пайда болады. Шынында да, адамзаттың болмысы оның өзиниң руўҳына ҳәм өлмеслигине исеним болмағанда пүткиллей биймәни болар еди.

Әлбетте изсиз жоқ бола алмайтуғын, жоқ болғысы келмейтуғын адамда бир емес, бирнеше мүмкиншиликлер болыўы сөзсиз. Мәселенкиден, дин бул бо-йынша жүдә қолайлы жолды усынады. Өмирдиң мәниси туўралы мәселеге бир ғана жуўап: Аллатаалаға хызмет етиў, ол жер бетиндеги ислерине ылайық о дүньядан орын береди.

Тағы бир мүмкинлик бар. Ол миннетли түрде биринши мүмкинликти бийкарлаўды мақулламайды ҳәм реаль өмирде адамның өзин адамларға жақсылыққа ҳәм әдалатқа хызмет етиўин өз ишине алады. Бул жоллардың қайсысын ямаса олардың ажыралып туратуғын басқасын таңлаўы бул тек адамның өзине ғана байланыслы. Таңлаңған жолдың қай-қайсысында да адам жақсы ат қалдырар екен, бул оның екнши өмириниң өлмеслигиниң белгиси.

Әлбетте, өмир ҳәм мәңгилик мәселелери адамзат ролиның өмир сүриў, жасаў проблемасы менен тиккелей байланыслы. Себеби, адамзат, бул бизиң жер бетиндеги мәңгилигимиздиң тийкары, өтмиши туўралы ядта сақлаўшы,пүткил адамзатлық басламалардың даўам еттириўшиси.

Солай екен, адам өмириниң мәнисиниң әмелге асырылыўында адамзаттың реаль бирлиги сыпатында роли, сондай-ақ жер бетинде жасаўшы адамлардың өзлериниң оғада зәрүрли проблемаларын түсиниўде, өтмишти баҳалаўда келисимге келиўиниң жағдайы ҳ.т.б мәселелер бойынша азы-кем анықлық енгизиўге туўра келеди.

Егер адамзатты бирден-бир биологиялық түр сыпатында түсинсек, оның социаллық, айрықша руўҳый аспекттеги бирлиги еле қәлиплесиў процессинде екенлигине итибар бериўимиз керек. Ақыры ол ҳәр түрли

структуралық топар ҳәм бирликлерден турады. Олар: миллетлер, класслар, кәсибий, сиясий ҳәм регионаллық топарлар, семьялар ҳ.т.б . Бул социаллық топарлардың мәплери улыўмалыққа да ийе, ҳәр қыйлы да, ҳәттеки қарама - қарсылықлы да болыўы мүмкин.

Жеке адам көп түрли бирликлерге киреди. Усы себепли оның жеке ҳәм жәмийетлик мәплери топарлық мәплер менен жанапайласқан. Оның үстине адамзат бул тутаслай алғанда, әлбетте абстракт түсиник емес, ал ҳәр қашан конкрет цивилизация ҳәм ҳәр түрли цивилизациялардың жыйындысы адамзаттың бирлиги ең зәрүрли себеплер менен белгиленген. Егер орайдан қашыўшы күшлер орайға умытылыўшы күшлерге қарата үстинликти ийелесе, пүткил адамзатқа, демек оған қурамындағы топар ҳәм жеке адамларға шешилмей турған глобаллық характердеги проблемалар қәўпи дөнеди. Мәәслен, урыс, экологиялық апатшылық, ден саўлықты, тәбиятты, мәдениятты сақлаў ҳ.т.б.

Адамлардың планеталық бирлиги зәрүрли түрде адамзаттың социаллық, руўҳый бирлигине алып келеди ҳәм бул оның сақланып қалыўының шәрти болады. Деген менен бундай бирликке қалай болмасын жетиўге умтылыў, тарийхтан белгили, жақсылыққа алып келмейди. Социалистлик лагерьдиң қулағанын айпағаннын өзинде бурынғы Аўқамның таркап кетиўи ҳәм бир-ликти жасалма орнатыўға ҳәрекеттиң қайғылы ҳәрекетлери емес пеЎӘ Соның ушын ҳәм бундай бирлик қәлиплесиўи ушын обьективликке ҳәм субьективликке ийе топарлар болыўы керек. Олар: планетаның ҳәр қыйлы регионларындағы хожалық - экономикалық байланыслардың кеңейиўи ҳәм беккемлениўи, экологиялық дағдарыс пенен бирликтеги гүрес, куралсызланыў ҳәм әскерий қәўипти пәсейтиў жолындағы сиясий бирликтиң өсииўи ; халық аралық қылмыс пенен гүресте бирлесиўдиң күшейиўи, өмирдеги басқа областьлардағы ерисилген бирликке қәўип туўдыратуғын идеологиялық конфликтлердиң қәўпи; мәдений контактлардың кеңейиўи.

Бирликли адамзаттың субьектив ядросының тийкарғы принципи улыўма адамзатлық мәплердиң топарлық (класслық миллий) мәплерден үстинликке ийе болыўы, ал оның реализацияланыўдағы бас формасы-диалог. Демек улыўма адамзатлық мәплер жеке топар, жеке адамлар мәплериниң үстинен абсолют дәрежеде абсолют үстинликке ийе дегенди аңлатпайды, ал конструктив диалог ол шын мәнисинде өз-ара түсинисиўге, басқа ойлаўшыны ҳүрметлеўге басқа көз-қарасты ҳүрметлеўге қаратылады.

Әлбетте диалогтағы бирлик конпромисске келмейтуғын гүрестен жоқары. Деген менен ол ҳәр бир көз қарастың позицияның басқа көз-қарасқа биротала араласып кеткенлигин аңлатпайды. Улыўма адамзатлық мәплер бул американлық россиялық, я немецлиқ мәплердиң абсолютлиги емес, ол сондай умтылыўлар, саналы қойылған мақсетлер, олар бирликли адамзатқа алып барады. Ал өз гезегинди ҳәр қайсысының өзиниң пүтинлиги сақланған поли-фониялық оркестрге бара-бар. Бул диалогқа қатнасыўышының ҳәр бириниң уникаллығын есапқа алыў қәлеген социаллық топарға, қәлеген жеке адамға

тийисли, Ол ҳәм болса, өзин буған қарама-қарсы қоймаған жағдай да болады. Оның үстине адамзатты, өзиңди, халқыңды, конкрет адамды сүймей, сүйе алмайсаң. Басқа халықлардың ар-намысын абыройын аяққа басатуғын миллетшилик ҳәм расизм идеялары улыўма адамзатлық идеясы менен сыйыспайды. Тап сол сыяқлы қылмыскер жәмийет өзин-өзи еркинликке шығара алмайды. Адамзат бирлигинң тийкарында жатырған гуманизм мудамы кешире билиўди аңлатпайды. Жаманлыққа адамгершиликли қатнас адам-гершилик емес дә §§§. Әлбетте адам ҳәм адамзаттың өз-ара қатнасы мәселе-синдеги тийкарғы параметрлердиң тағы да конкретлесиўи жәмийет пенен жеке адамның ара қатнасына байланыслы мәселелерди қараў менен байланыслы. Олар тийкарынан индивид, индивидуаллық, жеке адамның еркинлиги, жеке адам ҳәм демократия, тарийхый раўажланыўды жеке адамның роли .

Адамзат жәмийети индивидуаллыққа ийе адамлардан тарийхый процесттиң тири ҳәм актив агентлеринен турады. Адамды индивидуаллық қубылыс сыпатында минезлеў ушын философияда бир қанша терминлер қолланылады. «Индивид» «индивидуаллық» ҳәм «жеке адам» олардың eң әҳмийетлеринен есапланады. «Индивид» түсиниги әдетте адамзат ролының қәлеген бир жеке ўәкилин аңлатыў ушын қолланылады. (Ешимбетов индивид сыпатында адам). Социаллық - философиялық аспектте бул түсиникте мәлим социаллық пүтин-ликтиң, айтайық, тарихый раўажланыўдың белгили бир басқышындағы жәмийеттиң я топардың ўәкили сәўлеленеди. Бир индивид ҳәр қашан биреў ғана, екиншисин ҳеш ҳәм қайталамайды. Адамлардың индивидлер сыпатында айырмашылығы бул тек олар киретуғын жәмийетлик топарлардың айырмашылығы менен ғана емес, ал бул топарлардың белгилериниң оның ҳәр қыйлы ўәкиллеринде қалайынша толық ҳәм типлик дәрежеде сәўлелениўи менен байланыслы. Усы түсиник арқалы ҳәр бир жеке адамның социаллық шәриятлық шараятлардан ғәрезлилиги анықланады. Басқаша айтқанда, адамды жеке адам сыпатында қәлиплестирген оның социаллық жағдайы, жәмийетлик өндириске енисиўиниң характери, өз топарының материаллық мәплери ҳ.т.б. конкретлестиреди.

Индивид - тарийхый қубылыс. Социаллық қатнаслардың продукты. Демек адам туўылып қәлиплескен дәуирден баслап өзи тийисли болған барлық социаллық топарлардың социаллық-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўының дәрежесине дейинги аралықтағы ҳәмме факторлар оның индивидуаллық қәсийетлерин белгилейди. Айтайық, алғашқы общиналық жәмийет тусында ҳәр бир индивиддиң барлық итияжлары, еркинлиги руўлық жәмәәт пенен шекленген. Бул бойынша адам тек мәлим жәмийеттиң шараят ҳәм имканиятларынан шыққан ҳалда ғана ой жүргизип, ҳәрекет етип қой-мастан, көп ғана уқыпларының, дағдыларының жетилиўине де жәмийетлик раўажланыў барысында ерискенлигин аңлайды.

Индивидтиң жәмийетлик қатнаслардың продукты болыўы ондағы индивидуаллықты бийкарламайды. Адамның искерлигиниң дәслепки

белгилеўши обьектив факторларға қарата еркинлиги ҳәм өз иси ушын жууап-кершилиги жәмийет алдында өзинше қәдир - қымбатқа ҳәм ийе болыўы индивидуаллық ҳәм жеке адам түсиниклеринде ашылады.

Адам жәмийетлик қатнаслардың продукты ғана емес субьекти де. Егер адамның жәмийетлик қатнаслардың продукты екенлиги көбинше индивид түсинигин анықлаўға қаратылса, ал субьекти болыўы «индивидуаллық» «жеке адам» түсиниклерин ашыўға қаратылады. Сол себепли «индивидуаллық» ҳәм «жеке адам» түсиниклери бир-бирине жақын. Дурыс, жеке адамды минез-легенде «күшли», «шаққан», «бийғәрез адам» деймиз. Индивидуаллықта көбинше адамның басқалардан өзиншелиги, жеке адамда оның ғәрезсизлиги, өз бетиншелиги, ойындағысын өз күши менен иске асыратуғынлығы есапқа алынады. Адам ондағы айрықша жеке қайталанбайтуғын қәсийетлердиң болыўына байланыслы индивидуаллық бола алады.

Солай етип, индивидуаллық бул мәлим индивидке ғана тийисли белгилердиң жыйындысын аңлататуғын ҳәм оны басқалардан ажырататуғын түсиник. Бул ҳәр бир жеке адамның биологиялық ҳәм психикалық структурасындағы қайталанбайтуғын пүтинлик. Ол жүдә жәмленген түрде адамның өзин-өзи танып билиўинде, оның «менинде» көринис табады. Индивидуаллық индивид пенен ортаның көп санлы өз-ара тәсириниң қурамалы нәтийжеси, бул өз-ара тәсир нәсиллик механизмде сәўленелип, индивидуаллық өмирде иске асады. Гәп сонда, индивидуаллықта инсанның ҳәм ишки ҳәм сыртқы тәкирарланбайтуғын қәсийетлери жәмленген болады. Әлбетте бул қәсийетлердиң жыйындысы орташа адам қәсийетлеринен ҳәр қашан артық болады. Буны адамда тарийхтың мысалында көрсетиў мүмкин. Айтайық Өзбекстанда XIX-XVI әсирлерде жасап, дөретиўшилик пенен шуғылланған ойшыллардың социал-гуманитар, тәбияттаныў илимлери тараўында, дин бойынша, искусстводағы олардың жаңалықлары тек өз дәўири ушын ғана емес ҳәм айрықша Европа ой пикириниң раўажланыўы ушын, олар сөз жоқ, дәректиң бири болды. Әлбетте бул ойшыллардың индивидуаллығын қалай болса солай тәбияттың қубылысы сыпатында түсиндириў менен шеклениў натуўры болар еди. Араб ислам халийфатлығы, саманийлер, ғәзнәўийлер, хорезмшахлар, әсиресе темурийлер дәўиринде орайласқан мәмлекетшилик, экономикалық, мәдений раўажланыўдағы бағдарланыў ҳәм басқалар ойшыллардың дүньяға келиўине имканият жаратты. Ал олар болса, өз гезегинде, индивидуаллық имкниятлардың қаншелли әҳмийетке ийе екенлигин тастыйықлады. Әлбетте индивидуаллық адамның ҳәр қыйлы уқыпқа ийелигин ғана емес ал олардың белгили дәрежеде пүтинлигин, тутаслығын ҳәм аңлатады. Буған мысал сыпатында арнаўлы әдебиятларда, әдетте XIX әсир европалық эстетикалық ойында орны айрықша И.В.Гете Ф.Шлегель, Новалис ҳәм Шлейермахердиң пикирлери айтылады. Бул ойшыллар көркем дөретиўшиликти қарай отырып, адамның уқыпларын гармониялық көп түр-лилиги конкрет индивидти екиншисинен

ажырататуғын бирден-бир уқыптың, таланттың толық әмелге асырылыўы менен ерисилетуғынлығын айтқан еди.

Адамның өзин-өзи иске асырыў процесси пүткиллей еркин қубылыс. Адамның бир нәрсеге уқыбы бул бир соңынан планлы түрде әмелге асыралатуғын адамның роли де емес, ўазыйпасы да емес. Адамның ықласы, ерки адамды генийге кесент бермеўге бағдарланыўы тийис. Сонда уқыптың өзи көринеди. Бар күш жумсалған мақсетли ис дөретиўшилик ушын жүдә керек, бирақ тек оның өзи қанаатландырарлықтай дөретиўшиниң жарыққа шығара алмайды. Дөретиўшиликтиң азабы тек илҳам, қәҳәр, ашыў моментин таярлайды. Ал шебер адам ылайды қалай болса солай илейди, бирақ оны ойанған уқып дөретеди. Тап усылайынша өзиниң сазланғанлығына, тәбийғыйлығына, еркинлигине ийе шығармаса пайда болады.

Адамның өзиниң индивидуаллық пүтинлиги ҳәм басқаша бола алмайды.. Бул пүтинлик болыўы ушын көп түрлик мақсетке бағдарланған күш жумсаў керек болады. Бирақ индивидуаллықты болдырпайтуғын олар емес, олардың өзлери қурылады, анығырағы уқыптың жумыс пенен жаратылған, топырақтағы уқыптың дәнинен өсип шығады.

Гете ҳәм романтиклердиң бақлаўлары, шамасы, индивидуаллықтық ашық айдын сыпатламасын көрсетти. Бул сыпатлама индивидуаллық түсинигин ашады. Бирақ олар соны көрсетти, түсиник бул еле пүткил адам активлигин қамтый алмайды. Олар индивидуаллық писип шығатуғын, гармонияласатуғын бул активликтиң басқа структурасын көрсетти. Гәп жеке адамлық структура туўралы болып отыр. Жеке адамлық структураның тийкарғы минезлемелери алдын-ала ойлағанлық, мақсетке муўапық бағдарланыў глобаллық болады.

Егер индивидуаллық түсиниги адамның искерлигин өзиншелик ҳәм қайталанбаўшылық, көп тәреплилик ҳәм гармониялық, тәбийийлық ҳәм еркинликти аңлатса жеке адам түсиниги ондағы саналы-жигерли басламаны аңлатады.

Индивид қаншелли өзиниң минез - қулқының мотивлерин анығырақ саналы түрде билсе, оны бирден-бир өмирлик моментке бағындырып қатаңырақ қадағалай алса, жеке адам атаныў ҳуқықына ийе болады. Бул деген сөз, ең алды менен, жеке адам түсинигинде оның жәмийеттеги тутқан орны ҳәм орынлайтуғын ўазыйпалары нәзерде тутылады. Бирақ гәп бул атқарылатуғын роль ўазыйпалардың көп түрлилигинде емес, ал индивид тәрепинен өзиниң ролин спецификалық түсиниўде, оған ишки қатнаста, оны еркин ҳәм мәпдарлық пенен (я керисинше, илажсыз ҳәм формал түрде) орынлаўда. Айтайық адам индивидуаллық сыпатында өнимли ис ҳәрекелеринде көрсете алыў уқыбына ийе. Ал бул процесстиң бир тәрепи мәселенкиден, батырлық я дөретиўшилик табыс екенлиги демек поступлық (қылықлық) тәрепи органикалық предметлик жүзеге асыў дәрежесинде ғана болады. Жеке адам туўралы айтқанда ҳәр қашан оның қылықлары нәзерде тутылады. Мәселен, жеке адамның мийнетте жетискенликлери, ашыўлары,

дөретиўшилик табыслары ҳәр қашан поступоклар сыпатында, демек алдын - ала нийетленген еркин минез - қулық сыпатында түсиндиреледи.

Жеке адам бул өмирлик ўақыялардың избе-излигиниң баслаўшысы. М.М.Бахтин қәдемниң субьекти деп атайды. Жеке адамның қәдир-қымбаты оған көбирек сәти түскени менен емес, ал өзиниң жуўапкершилигине нени алғаны менен байланыслы.

Жеке адам болыў қыйын ҳәм жуўапкершиликли ис. Ақыры жүдә әпиўайы рольди атқарыўдың өзи адамға қаншелли ўазыйпаны жүклейди.

Жеке адамның болмысы тынымсыз күш - ғайратты жумсаў менен байланыслы. Соның менен бирге жеке адам болмаў жүдә жеңил емес. Неге дегенде, өз бетинше шешимнен ҳәм жуўапкершиликтен бас тартыў адамның өзиниң жеке адам сыпатында төменлигин мойынлаў менен ҳәр қашан «ғамқорлықтағы» өмир сүриўге, буйрықпазлық-бюрократиялық қадағалаўға мудамы келисиў менен бара-бар.

Усы себепли ҳәм көп жағдайда саналы-жигерли басламаның ис ҳәм минез-қулықтағы жетиспеўшилиги буйрықпазлық - административ басқарыўдың барлық қәўиплерине ийе болды. Бундай жетиспеўшиликке ийе индивид, сөз жоқ, ҳайярлыққа, өзинше әрманшыллыққа, ипохандрияға өзин урады.

Қулласы, жеке адамның қәлиплесиўиниң басламасы ҳәр қашан өз ис ҳәрекетин, ойлаў образын, өзиниң ишки даўысын тыңлап билиўи менен байланыслы. Бул бойынша И.Канттың «өзин-өзи тәртипке салыў», «өзине өзи ийелик етиў» «өзине өзи хожейинлик қылыў уқыбы», «өзиңизге өзиңиз хожейинлик етип билиңиз» фразалары оның этикалық сөзлигиниң тийкарғы түсиниклерине киреди. Әсиресе оның «автономия» түсиниги үлкен мәниге ийе. «Автономия» әдетте еки түрли мәниге ийе: биринмиден, ол екинши бир нәрсеге байланыслы ғәрезсизликти аңлатса, екиншден, автономия бул сөзбе-сөз өз нызамлылығы дегенди аңлатып, өзин-өзи басқарыў болып есапланады.

Этикалық традицияларда, әсиресе Канттың өзиниң мийнетлеринде автономия түсиниги максиманың ерикли түрде принципке айналыўын аңлатады. Басқаша айтқанда, минез - қулықты белгили қәдесин (Кант бойынша «қылықтың максимасын») адам өзине мәңгиге береди. Демек адам оны өзиниң өзгеристеги тилек, талап, ҳәўесинен, бейимлеў мүмкин болған өткинши шәриятлардан жоқары қояды.. Принциплер ҳәмме шараятларда да ҳәттекки оларды иске асырыў өлим жазасына буйырылса да орынлана береди. Себеби бул принциплер адамның ишки нызамы ол басқа көрсетпеге, диктатқа қарсы. Енди қандай қәдени адам өзиниң принципине айналдырады дегенде олар әлбетте ғалабалық нызамлыллық нормасы болатуғынлығы айтады. «Поступай так, что бы максима твоего поведения во всякое время могла бы быть и нормой всеобшего законодательства». (Қараңыз: И.Кант. Соч.Т.)

Бул ҳәмме дәўирлер ушын тийисли улыўма әҳмийетке ийе нормалардың, роды болып табылатуғын «өтирик сөйлеме» , «зорлама» «урлама» ҳ.т.б әдеп-икрамлықтың әпиўайы талаплары. Булар адамның тиккелей өзиниң минез -

қулқының сөзсиз императивине айналыўы тийис. Мине усы әдеп-икрамлық бәрше индивидтиң жеке адам сыпатында ғәрезсизлиги тастыйықланыўы мүмкин, оның өз үстинен ҳүким сүриў, өзиниң өмирин саналы түрде танып билген мийрасланған избе-из ҳәрекет деп түсиниў мүмкин.

Әлбетте улыўма Кант тәлийматындағы қарама-қарсылықлы моментлердиң барлығын мойынлаў менен бирге ҳәм оларға тоқтап отырмастан Канттың улыўма адамзатлық бағдарда қаншалық дурыс пикирлегенин атап өтиўимиз керек. Бул принциплер бизиң дәўиримизде, бәлким, оның жасаған дәўирине қарағанда ҳәм әҳмийетлирек. Жәмийетти биротала бийкарлаў тийкарында я улыўма мораллық дәрежеде оннан ғәрезсиз бола алмайсаң. Зорлықлы, бассыныўшылыққа тийкарланған шеклениўлерден еркин болыў тек ғана әдеп-икрамлық шеклениў есабынан әмелге асырылады. Принципке ийе адам ғана ғәрезсиз мақсетке муўапық ис - ҳәрекетке уқыплы. “ғәрезсиз мақсетке муўапық ис - ҳәрекет тийкарында ғана ҳақыйқый турақлы өмирлик стратегия болыўы мүмкин. Индивидуаллық ғәрезлиликке, жеке адамның пүтинлигине, тутас-лығына жуўапкерсизликтен принципсизликтен жат нәрсе жоқ. Буны адамзат тарийхындағы көп ғана қыйын жүдә ҳәм аўыр жағдайлар дәлийллейди. Мәселен, екинши жер жүзлик урыс тусындағы фашистлердиң концлагерлериндеги «адамға эспериментлер» туўралы дереклерде оның принципине беккемлиги, демек улыўма адамзатлық талапларға белгили күнделикли өмирде оншелли көзге таслана бермейтуғын ҳәм экстремаль ситуацияда жүзеге келетуғын ҳақыйқатлықты - қайсарлықты көрсетеди. Ҳәттеки, изертлеўлер соны көрсетеди, адамның шийрин жанынан ўаз кешиўге бас байлаўының алдында адамға ҳеш нәрсениң ҳәм көзге көринбейтуғыны өзин миннетли сезбейтуғыны момент болады екен.

Қулласы, адамның өмиршеңлиги оның өмирге қуштарлығына байланыслы мудамы жеке адам сыпатында күш салыўы менен байланыслы. Бул күш салыў улыўма адамзатлық әдеп-икрамлық нормаларға бағыныў ҳәм олардың мәнисин анықлаўға умтылыў болып табылады.

Солай етип индивид индивидуаллық ҳәм жеке адам түсиниклерине айрықша , бир-бирине өтлесип кететуғындай минезлеме бергенимиз бенен, реаль тарийхый процессте олар өз-ара байланысқан бирликке ийе. Айтайық, индивидлердиң жәмийеттеги көп түрлилиги индивидуаллық ҳәм жеке адамның раўажланыўы ушын имканият алады. Усы себепли жеке адам ҳәм индивидуаллықтың қәлиплесиўи өз-ара белгиленген қубылыс. Деген менен бул мәселелердиң еле де конкретлесиўи зәрүрлик ҳәм еркинликтиң жеке адамның искерлигиндеги ара - қатнасының жағдайы менен байланыслы. Егер адамлар еркинликке ийе болмаса, онда олардың өз минез - қулқы, ис - ҳәрекети ушын жуўапкершилиги туўралы мәселе мәнисин жоғалтады. Оның үстине ҳәзирги дәўирде пүткил адамзаттың дүньяны өзгертиўге, қайта қурыўға көп ғана факторларға байланысы күшейген пайытында жүдә зәрүрли.

Белгили, философия тарийхында бул мәселе тийкар ҳәм өмир сүриў, жасаўдың қайсысының биринширилигин мақуллаў менен байланыслы. Еркинликти тек эманация, зәрүрликтиң оннан тосын аўытқыўларына ийе конкрет сәўлелениў деп қараў эссенциалистлик, демек тийкарлық, ал еркинликти адамзат өмириниң биринши реаллығы деп қарап, зәрүрликти, абстракт түсиник деп қараўды экзистенциалистлик, демек өмир сүриўлик, жасаў көз-қарасы сыпатында қараў болды.

Ҳақыйқатына келсек, адамлардың ҳәмме ойлары, қылықлары ис - ҳәрекет-лери себеплилик пенен шәртленген. Дурыс, бул бойынша олардың искерлиги тек сыртқы шәриятлар менен бағдарланып қалмастан ал ишки тилек, нийетлер арқалы ҳәм басқарылады. Сондай-ақ адам бир ғана тәсир етиўлерге ойша ҳәр түрли реакция жасаўы мүмкин. Бундай себеплер адам тәрепинен теңдей емес ақыбет болдырады. Себеби олар ҳәр қыйлы адамлардың ишки дүньясында өзинши ийелейди, түсиндирледи, өзлестириледи.

Адамлар күнделикли өмирде тарийхый зәрүрликтиң түрли - түрли көринислерине, мәселен, өмир сүриўдиң, жасаўдың, социаллық экономикалық, мәдений ҳ.т.б. шәриятларына дус келип отырды. Бул обьектив шәриятларды адамлар қалай болса солай таңлап алыў имканиятына ийе емес, ҳәттеки усы шәриятлардан келип шыққан ҳалда ғана өз искерлигин әмелге асыра алады. Соның менен бирге зәрүрлик нызамларының иске асыўы ҳәр бир конкрет жағдайда автоматласқан характерге ийе емес. Ал үлкен қубылыслар масштабында ҳәм олардың раўажланыўының үзликлилиги менен үзлик-сизлигин ара қатнасығында әмелге асады. Оның үстине адамлар өзлериниң искерлигиниң мақсетин белгилеўге әдеўир-ақ еркинликке ийе. Неге дегенде, ҳәр бир тарийхый моментте раўажланыўдың бир неше реаль мүмкин-шиликлери болады. Ҳәттеки ақылға сыйымлы альтернатива жоқ болған да ҳәм адамлар өзлерине жақпайтуғын қубылысларды ысырып қойып, өзлерине жағатуғынларын ғана жақынлатыўды тезлете алады. Сондай-ақ адамлар өзлериниң алдына қойған мақсетлерине жетиўде қуралларды таңлап алыў бойынша да анаў я мынаў дәрежеде еркинликке ийе. Еркинлик, демек абсолют характерге ийе емес, ал өмирге ҳәрекетлердиң белгили мақсет ҳәм планларын таңлаў арқалы мүмкинликти әмелге асырыў сыпатында болады. Буннан жуўмақ сол: адамлар өзлериниң реаль мүмкиншиликлерин саналы түрде билген сайын, алдына қойған мақсетлерине жетиў ушын оларда қураллар көп болған сайын жәмийетлик раўажланыўдың қолайлы тенденцияларынан пайдаланыў имканиятларына ийе болып, қолайсызларына қарсы тура алыўға имканиятына ийе болған сайын еркинлик көбирек деген сөз.

Соны ҳәм нәзерде тутыўымыз керек, реаль өмирде еркинлик зәрүрликти таңлаў еркинлигиниң үзликсизлике ийе шынжыры түринде қатнасады. Ол бурын адамлар тәрепинен әмелге асырылған ҳәм жәмийетти оның усы ҳәзирги ҳалатына алып келген өз гезегинде зәрүрлик ҳәм обьектив

шараятлар сыпатында еркинликте қатнасады ҳәм өмирге адамлардың еркин искерлиги арқалы ениседи. Бул деген сөз, тарийхый детерменизм адамлардың жәмийетлик искерлигиндеги таңлаў еркинлигин бийкарламайды, қайтама болыўын талап етеди ҳәм оның нәтийжеси сыпатында өз ишине алады. Буннан жуўмақ: еркин саналы искерлик адамның родлық белгиси, оны ҳайўанлардан ажыратып турады, ал еркинликтиң өзи тарийхый раўажланыўдың продукты. Жәмийетлик раўажланыўдың қурамалы, қыйын, қарсылықлы жағдайларына қарамастан ол тутаслай алғанда, тийкарынан жеке адамның еркинлигин шегарасының кеңейиўи ҳәм бул адамзаттың социаллық шеклениўинен азат болыў тенденциясына ийе.

Булардың ҳәммеси де, ең алды менен, еркинлик пенен зәрүрликти пүткил-лей қарама-қарсы, бирин-бири сыйдырмайтуғын сыпатында қараўдың надурыслығын тастыйықлайды. Соның менен бирге, еркинликтиң, ҳақый-қатында да, танып билинген зәрүрлик екенлиги дәлийлленеди.. Таңлаў еркин-лиги, улыўма адамзат еркинлигиниң көлеми жәмийетлик прогресстиң өлшеми болыў имканиятына ийе. Бул деген сөз, жәмийетлик прогрестиң темпи адамлар өз искерлиги процессинде ийе болған тиккелей еркинликтиң дәрежесинен ғәрезли. Таңлаў еркинлигиниң жәмийетлик прогрестеги орайлық орынды ийелеўи гейбир дәреклерде биологиялық таңлаўдың (биологический отбор) биологиялық эволюциядағы орны ҳәм роли менен салыстырылады. (Қараңыз: Основы философии II-т, М, 1989, 565-б). Шынын да, егер мәселеге сергегирек қатнас жасасақ, буның жаны бар. Бириншиден, таңлаў еркинлиги жәмийеттиң жәмийеттеги ал биологиялық таңлаў тири тәбияттағы үзликсиз раўажланыўдың тийкарғы ҳәрекетке келитиўши факторы ролин атқарыў имканиятына ийе. Дурыс, тәбийий таңлаўда биологиялық индивид эволюция нызамының қоршаған ортаға бейимлескени организмлердиң сақланып қалы-ўы, ал социаллық таңлаўда социаллық индивид, жеке адам жәмийетлик процесстиң субьекти болады. Бул деген сөз, ол пүткил адамзат баласы дөреткен материаллық ҳәм руўхый мәдениятты қабыллайды. Тәбийий таңлаў процессинде индивидлердиң артықмашлығы олардың тиккелей урпақларына нәсиллик дәрежеде берилди. Ал таңлаў еркинлигиниң арқасында жеке индивидлердиң олардың искерлигиниң ҳәр қыйлы сфераларындағы жетискен-ликлери -билимлердиң топланыўы ойлап табыўлар, практикалық тәжирийбе, әдеп-икрамлық ҳәм руўхый баҳалықлар оларды билиў имканиятына ийе ҳәмме адамлар тәрепинен қабыл етилиўи мүмкин. Бул шараятлар жәмийетлик прогрестиң биологиялық эволюция типи менен салыстырғанда жүдә тезлениўиниң тийкарында жатыр . Жеке адамның еркинлигиниң өсиў дәрежеси менен оның адамзаттың материаллық ҳәм руўхый мәденияттың жетискенликлерине енисиўиниң жеңиллесиўи менен тарийхтың алға қарай раўажланыўының тезлениўи болады. Сол себепли кең социаллық диапозонда-халықлардың таңлаў еркинлигинен баслап жеке адамның профессионаллық ҳәм басқа да искерликлерин таңлаўына дейинги аралықта өзлеринң уқыпларын ашыўға имканият

жаратыўы булардың ҳәммесиниң тарийхты ҳәрекетке келтириўши күши болады.

Ҳәр бир таңлаў саналы түрде әмелге асар екен, жеке адам, әлбетте, бар мүмкиншиликлердиң биреўин мақуллап қалғанларынан ўаз кешиўи тәәжип емес. Сондай-ақ адам таңлап алған мүмкинлик оның буннан соңғы таңлап алған искерлигин шеклемеўи ушын әҳмийетли қәдени басшылыққа алады: ҳәр қашан еркин таңлаў болдыра отырып, ендиги таңлаўлардың перспективасы тарылмаўы, ал керисинше кеңейип, адамға өзиниң профессиналлық әдеп-икрамлық ҳәм интелектуаллық потенциалларын жүзеге шығарыўға имканият бериўи ушын умтылыў керек. Булардың ҳәммеси де соны тастыйықлайды, ҳәр бир конкрет тарийхый дәўирде адамлар ийе болған еркинликтиң дәрежеси бир емес, бир неше фактор ҳәм себеплерден ғәрезли. Солардың бири, жәмийеттиң демократиялық дәрежеси.

Адамзат тарийхынан белгили, адамның жеке адам сыпатында қәлиплесиўиниң сапалық өзгешеликлери оның өзи жасап атырған жәмийеттиң соцаллық қатнасларына ийелик етиўиниң, демек оларды тиккелей өз искерлигиниң обьекти етиўиниң дәрежеси менен байланыслы. Бул әзел бастан-ақ жәмийеттиң қалай уйымласқанлығына, ондағы сиясий ҳәкимияттың басқа ҳәкимиятлар менен өз-ара қатнасына, ҳуқықый системалардың реаль өмирдеги әмелге асыўы менен ҳ.т.б. тиккелей ушласады.

Демократия, бул, цивилизациялық қубылыс сыпатында адамзаттың қәдириятларынан есапланады. Деген менен оның әмелге асыў дәрежеси тарийхый раўажланыўдың ҳәмме басқышларында бирдей болған емес. Ҳәттеки оның тарийх сахнасынан бираз ўақытқа шығып кеткен ўақытлары ҳәм болды. Усыларға қарамастан жәмийтлик - сиясий, философиялық ойдың орайында бәрҳәма инсан менен жәмийеттиң мәплериниң ушласыўын болдыратуғын социаллық болмысты излеў турды. Шығыс ренессансы дәўирин мысалға алсақ, Фараби ҳәм басқалар антикалық дәўирдиң демократияға байланыслы көз-қарасларын раўажландырып, бул мәселеде тәўир-ақ илгери кеткен еди. Реаль өмирде бул идеялардың биразы Мавераннахрда хорезмшахлар дәўиринде жәмийетти шөлкемлестириў ҳәм басқарыўға байланыслы өз дәўири ушын типлик моментлер болды. Соң ала А.Темур дәўиринде өз раўажланыўын тапты. «Темур тузиклеринде» жәмийет ҳәм жеке адамның сиясий-ҳуқықый қатнаслары сәўлеленеди.

Жаңа заман дәўириниң басларында-ақ англичан, француз, немец ҳәм америка ойшыллары тәрепинен инсанның қәдир - қымбатын тәмийинлейтуғын қурал сыпатында демократия қаралып, мәмлекеттиң ҳуқықый белгиленгенлиги мәселеси күн тәртибине қойылды. Бул тәлийматларды жәмийеттиң ҳәр бир ағзасының пуқаралық жақтан ҳәм интеллектуаллық тәрептен ҳәм жетилисиў идеясы алға сүрилген еди. Адамзат қалай ойласа, солай сөйлеўлери, өз мүлклеринен қәлеўинше пайдаланыўы ҳәм усы тәризде ҳуқықлары тән алыныўы лазымлығы

көрсетилди. Ҳуқық бул мәмлекеттиң өзи ҳуқықый болмаса яғный сиясий ҳәкимиятта нызамның үстинлиги тән алынбаса, толық бола алмайды.

«Ҳуқықый мәмлекет» түсиниги немец классификалық философиясында XIX әсирдиң 30 жылларында жүзеге келген болса, жәмийет ҳәм жеке адам идеалы сыпатында оннан бираз илгери илимий тийкарлана баслаған еди. Мәселен, Ш.Монтескье (Франция) нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм судлаўшы көринислерде «ҳәкимияттың болыўын», Д.Юм (Англия) «Улыўма ҳәм мәжбүрий нызамлықлар жәрдеминде өмирини ҳәм мүлкин қорғаў ҳәм ҳәкимияттың шекленбеслигин сапластырыўды», В.Гумбольд (Германия) болса, жеке адамлардың ҳәрекетлеринде өзин-өзи шеклеўи сияқлы мәмлекет ҳәм инсан индивидуаллығының тәкирарланбайтуғын тәбийий, түрли - түрли пайда болыўына имканиятлар жаратылыўы ушын нызам жолы менен өзин-өзи шеклеўди айтқан еди. Дәслепки буржуазиялық революциялар жеңислери нәтийжесинде Европа ҳәм Америкада орнаған сиясий режимлер буны сыпатлап бере алады.

Дурыс, ҳуқықый мәмлекеттиң ҳәзирге дейин жер жүзинде биротала орнаған жерин көрсетиў қыйын. Деген менен Батыс Европа, Арқа Америка мәмлекет-лери ҳәм тағы да бир қатар мәмлекетлерде ҳуқықый мәмлекеттиң көп ғана атрибутлары орнағанлығы анық.

XX әсирде инсан ҳуқықларына ҳәм еркинликлерине иркиниш жасаған тоталитар дүзимлер пайда болды. Буған совет дүзими жүдә мысал бола алады. Әсиресе жеке адамның мәнеўиятының раўажланыўының жоқары басқышын характерлейтуғын еркин пикирлеў, сынға алыў ҳ.т.б. ҳәр қашан мәмлекеттиң арнаўлы органларының қадағалаўында болды. Нәтийжеде адамларда ойындағысын айтыўға тартыныў, биреў-биреўден қәўипсиниў, ҳәттеки қорқыў сезимлери күшейип кетти. Ең жаманы, адамлар әҳмийетли деген мәселелерди ортаға қойып, жәмәәт дәрежесинде жан күйдирип талқыға салыўдан өзлерин мудамы шетке услаўға мәжбүр болды ҳәм мәплерин қупыя әмелге асырыўға умтылатуғын еди. Булар ҳәм усы тақылетлес унамсыз жағдайлардың адамлардың индивидуаллық ҳәм жәмийетлик болмысына енисиўи ақыбетинде оларда рәсмий ҳәм рәсмий емес бухгалтерияны пайда етти. Зәрүрликке қарай «садықлық», ал басқа ўақытлары өз билдигинше ҳәрекет етиў олардың ойлаў образын бийлеп алды. Ашық-айдын ҳәм еркин пикирлеўге ҳәм искерликке, уқыпқа ийе емес, ал орташа дәрежедеги жеке адамға ғана зәриў совет дүзими тусында басқаша болыўы да мүмкин емес еди.

Бүгинлигинде ғәрезсиз елимизде демократияны оның биринши гезекте, шығыслық традицияларын кең раўажландырыў, нызам үстинлигин тәмийинлеў мәмлекет ҳәм жәмийет алдындағы бас ўазыйпалардың бири болып турыпты.

Ҳуқықый мәмлекет идеясында, айтыўымыз керек, әдеп-икрамлықтың орны ҳәм роли жүдә ҳәм артықмашлыққа ийе. Ахыры жаманлықтың қәўипиниң алдын алыў ғана емес жақсылықты, таңлаўдағы еркинлик ҳәм

оны қорғаў жазылмаған нызамның әдеп-икрамлықтың нормаль ҳәрекет етиўин талап етеди.

Әлбетте жеке адамның еркинликлери оның мәмлекет пенен өз-ара ўазыйпа ҳәм миннетлемелери демократиялы конституцияларда нызамластырылған болады. Бунда биринши гезекте халықтың өзиниң ҳәкимияттық дәреги екенлиги өз сәўлелениўин табады. Сонда мәмлекеттиң халық ушын хызмет етиў мәниси ашылады.

Ҳәрқандай демократиялық мәмлекетте жеке адам өзиниң искерлиги арқасында арнаўлы сиясий институтлар жәрдеминде жәмийетке тәсир көрсетиў имканиятына ийе. Бул, әсиресе, парламентлик демократия арқалы иске асырылғаны жүдә ақылға муўапық келеди. Қәнигелердиң көрсетиўинше, парламент демократиясының жүзден артық модели бар-мыш. Деген менен олардың ҳәммеси де, ақыбетинде, тийкарғы үш қәдеге бағынады екен. Биріншиси: жеке адамның мәмлекет ҳәм жәмийет ислерин басқарыўындағы тиккелей қатнасы (митинглер, сайлаўлар, референдум ҳ.т.б) Дурыс, бул процесстиң өзине тән машқалалары бар. Айтайық көпшиликтиң пикири ҳәр қашан белгили бир шешимге келиўде тийкар болады. Буны бийкарлай алмайсаң. Бирақ ҳәр бир адамның өзине ғана тән көз-қарсының болыўы оның ҳуқықы екенлигин нәзерде тутар екенбиз, ҳәрқашан демократия менен охлакратияның парқына барыўымыз, оның көшеден таңылған биймәни демократиясымаққа, қызыл кегирдек демагогияға өтиўине жол қоймаслық керек. Екиншиси: ҳәр бир адамның мәмлекет ҳәм жәмийет ислерин өз ҳуқықының белгили бөлегин өзи сайлаған ўәкилге, мәселен халық депутатына бериў арқалы басқарыўға қатнасыўы. Үшиншиси: жеке адамның Халықаралық ҳуқық қорғаўындағы ҳәм мәмлекеттиң тийкары нызамының беккемленип қойылған, ҳеш ким тәрепинен өзлестириўи мүмкин болмаған тийкарғы ҳуқықлары. Әлбетте булардың нормаль түрде әмелге асыўы кәмил инсан идеясының әмелге асыўы менен тығыз байланыслы.

Өзбекистан өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң жәмийет турмысын саламатландырыў ҳәм раўажландырыў, инсан факторына үлкен итабар бериў мәмлекетимиз алдында турған ең тийкарғы ўазыйпалардың бири сыпатында күн тәртибине қойылды. Егер миллий өзликти аңлаў жәмийетимиз турмысында көринис тапқан мәнеўий өзгерислердиң тийкары болса, миллий өзликти аңлаўдың өзи жеке адамның, халықтың мәнеўий камолаты менен тығыз байланыслы. Миллий өзлигин, өз мәплерин, өз мәмлекети раўажланыўының келешегин терең аңлаған инсан ҳәм халық ғана кең раўажланыў имканиятларына ийе болыўы ҳәр қашан тарийхтан белгили.

Ҳәр бир жеке адам басқаларды қайталамайтуғын уникаллығы менен тарийхта анаў я мынаў дәрежеде өз орнына, ролине ийе. Усы себепли тарийхтың өзи де жеке адамлардың бирлиги ҳәм өз-ара тәсийри, искерлигиниң нәтийжеси болып табылады. Бул жәмийетлик раўажланыўдың тәбийий тарийхый процесс екенлиги менен байланыслы. Бул деген сөз, бир жағынан мисли тәбият сияқлы тәбийий демек нызамлы, зәрүрли ҳәм

обьектив процесс. Соның менен бир ўақыттың ишинде тарийхыйлыққа ийе: адамлардың өзлериниң искерлигиниң нәтийжеси. Қулласы, адамлар бир ўақыттың ишинде тарийх деп аталатуғын жер жүзлик тарийхый драманың ҳәм дөретиўшилери ҳәм атқарыўшылары болады.

Дурыс тарийхый процессте жеке адамлардың орны ҳәм роли ҳаққында гәп кетер екен, әдетте уллы адамлардың искерлиги нәзерде тутылады.

Ҳәр бир дәўир адамларды өзиниң өзгешиликлерине сәйкес қәлиплестиреди. Уллы адамлар дәўирдиң өзгешеликлерин ашық ҳәм айдын сәўлелендиреди, дәўирдиң талапларын басқалардан тереңирек аңлайды. Сөйтип жәмийеттиң раўажланыўына тийисли ўақты жетип турған социаллық ўазыйпаларды тезирек шешиўге мүмкиншиликлер туўғызады. Сөйтип олар тарийхтың барысына тәсир ете алады. Әсиресе уллы адамлардың сиясий областьтағы роли жүдә артықмашлыққа ийе. Олардың, мәселен, елди басқарыўдағы шараятларды тез аңлаўы процесслердиң тийкарына терең енисе билиўи, дөретиўшилик инициатива ҳәм жеке энергиясы шөлкемлестириў уқыплар конкрет раўажланыўға үлкен тәсир етиўи белгили дәрежедеде халық массасының искерлигиндеги табыслы тәмийинлеўи мүмкин. Дурыс, топарлардың партиялардың, мәмлекеттиң ҳәм армиялардың басында мудамы ҳақыйқый уллы адамлар тура бермейди. Тарийхтан белгили, не бир тири жан карольлар, гешше, пәмсиз әскер басылар, ебиндей ақ сиясий лидерлер тосын шараятлардың арқасында ўақты - ўақты сиясий өмирдиң бетине қалқып шығып турған. Оларды әдетте ўақыялардың ағысы ақ қамшыға тутқан ҳәм ысырып таслаған. Ҳақыйқый уллы адамлар ўақыялардың барысында өзиниң жеке адам сыпатында өз характериниң таңбасына ийе. Жеке адамның уллылығы кең халық масасының пикир - ойын арзыў - әрманын, мақсет, ўазыйпаларын тарийхый процесстиң обьектив логикасының талапларына мас келген ҳалда ҳал қылыўшы ислерди атқара алыўы көринис табады. Егер халқымыздың тарийхына бир нәзер тасласақ, көп ғана уллы адамлардың бул миссияны жан күйдирип атқарыўға ат салысқанын билемиз. Олар: персия шахы Кирдиң басқыншылығына қарсы гүрести басқарып, елиниң еркинлигин сақлап қалған массагетлер патшасы Тумарисханым, манғолларды қуўып миллий мәмлекетшиликти тиклеп ғана қоймай, орайласқан үлкен мәмлекетти дүзген Амир Темур, сондай-ақ Темурийлер Мырза Улығбек, Шохрух, Хусайн Байқара ҳ.т.б .

Уллы адамлардың тарийхтағы роли руўҳый мәденияты, мәселен илимди, искусствоны әдебиятты дөретиўде ҳәм ашық - айдын көринди. Бул тараўлардың раўажланыўы жәмийеттиң экономикалық ҳәм сиясий раўажланыўы менен тығыз байланыслы ҳәм жәмийетлик өмирдиң бул сфералардың қәлегенин екиншилерден ажырата алмайсаң. Оның үстине руўхый мәдениат сферасы туўралы гәп кетер екен, бунда уллы адамлардың дөретиўшилигиниң тәсири жүдә күшли. Изертлеўшиниң ямаса художниктиң үлкен таланты сийрек уқып. Уллы алымлар, художниклер, ойлап табыўшылар массаның тәжирийбесине сүйене отырып, мәлим тараўда өзине

дейинги ислегенлерди улыўмаластыра отырып, илимде, техникада, искусствода жаңа жолларды ашады. Олардың дөретиўшилиги мәлим дәуирдиң адамзат мәдениятының келешектеги раўажланыўы ушын мүмкинликлерин ҳәр тәреплеме пайдаланыўының ҳәм жәмлеген көриниси болады. Биринши ашыўшылардың үлесине тийгенлер аўыр, уқыптан басқа бул жерде оғада зор жумысқа жарамлылық, жигерлилик, қайсарлық өзиниң ҳақлығында артықмаш исеним ҳәм басқа да руўхтың ҳәм таланттың уллығы бар сапалар, қәсийетлер талап етилди. Фарабий, Беруний, Ибн Сино, Наўайы, Бердақ...... бул атларды даўам еттире бериў мүмкин. Олардың дөретиўшилиги өз халқының талап, мәплери менен пите қайнасқан. Сонлықтан бул уллы адамлар оларды тәрбиялаған ҳәм адам қылған халықтың мақтанышы ҳәм даңқы. Дурыс, олардың дөретиўшилиги ҳәмме халықлардың ҳәм мүлкине айналған.

Әлбетте тарийх бетлери бирдей емес. Ақтаңлақ излер ҳәм бар. Патша Россиясы тәрепинен Түркстанды басып алыў социаллық турғынлықты бираз күшейтти. Усыларға қарамастан ўақты келгенде халық тәғдирин тереңирек ойлаўға мәжбүр болған зиялылар ҳәм көринди. Мәселен жәдидлердиң майданға келиўи, әсиресе Маҳмудхожа Беҳбудий, Мунаввар Қари, Абдулла Авлоний, Авдурауф Фитрат, Шолпан ҳәм басқалардың миллет мәплерин қорғап шығыўы усы ўақытқа туўры келеди. Олардың көз-карасларында артта қалған социаллық қатнасларды ҳәм колониалықты тамамлаў, миллий мәмлекетлик, ғәрезсизликке ерисиў мақсети өз сәўлелениўин тапқан еди.

## Әдебиятлар


1. И.Каримов. Озод ва обод Ватан эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз, 8-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2000.
2. И.Каримов. Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз, 9-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2001.
3. И.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т.: “Маънавият”. –Т.: 2008.-176 б.
4. И.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т.: “Ўзбекистон”. –Т.: 2011.-440 б.
5. Фалсафа қомусий луғат. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2005
6. Ғарб фалсафаси. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2004
7. Шарқ фалсафаси. / Н.Иброҳимов таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2006
8. Фалсафа. Қисқа изоҳли луғат. Абдуллаева М. таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2004.
9. Зотов И.В.Бытие и сущее. –М.: Современные тетради, 2005.
10. Аршинов В.И. Синергетика как феномен постклассической науки. М. 1999.
11. Ахмедова М. Основы философии. -Т.: Узбекистан, 1998. -340 с.

12. Спиркин В. Бытие // Философия. Учебник. –М.: Канон, 2001. -500 с.
13. Философский энциклопедический словарь / под ред. Л.Ф.Ильичева. -М.: Сов. энциклопедия, 1983.
14. История философии. Энциклопедия. Интерпрессервис. –Минск.: Книжный Дом, 2002
15. Глобалистика. Международный энциклопедический словарь. / Под ред. Мазур И.И., Чумаков А.Н. –Москва-Санкт-Петербург-Нью-Йорк, ЕЛИМА, ПИТЕР, 2006.
16. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006

## 2-Тема: Инсан болмысының өзине сай қәсийетлери

**Режеси:**

1. Инсан болмысының өзине сай қәсийети.
2. Индивидуал сана болмысы
3. Инсанның жәмийетлик сана болмысындағы орны

**Таяныш сөзлер:** *Инсан, индивид, шахс, индивидуал болмыс, сана, индивидуал сана, жан, санасызлық, галлюцинация, иррационализм, эмержентистик материализм, тил, өзликти аңлаў.*

### 1. Инсан болмысының өзине сай қәсийети.

Философия тарийхында адамды я туўры, я қыя өз изертлениўине қатнаслы қарамаған бирде-бир философ який философиялық мектепти табыў қыйын. Олардың қайсы бириде адамның материаллық ҳәм руўхый болмасының ҳәр қыйлы дәрежелерин өз анализлеўине объект еткен. Көп ғана философиялық ҳәм диний системалар адамды микрокросм ямаса киши әлем сыпатында үлкен әлемге, үлкен макрокосмға қарама-қарсылықта қарап, онда дүньяның дүзилисин түсиниўге гилтти изледи. Белгили орыс философ-алымы А.Н Бердяев жазады: «Философлар мудамы адамның сырын-жумбағын шешиў, демек болмыстың сырын – жумбағын шешиў деген түсиникке қайтып келе берди. Өзиңди өзиң танып бил, бул арқалы дүньяны танып билесең. Адамға тереңлей бермей дүньяны сырт билиўге умтылыўлар тек затлардың үстиртин билимин ғана бере алады. Егер адамнан сыртқа жүриў болса, онда затлардың мәнисине жете алмайсаң, себеби мәниниң шешилиўи (разгадка смысла) адамның өзинде жасырынған» (Бердяев А.Н. Смысл творчества М., 1969 с.293)

Усыннан «жети данышпанға»тийисли деп есапланған Дельфадағы Апполон храмына кирердеги колоннаға ойып жазылған «Өзиңди өзиң танып бил» жазыўы усы бүгинлигинде ҳәм ҳәр бир адам ушын өзин танып билиўге жарып өтиў сыпатында хызмет етеди.

Тарийх ўақытқа, мәдениятқа, диний исенимге бийғәрез адамның мудамы дыққат орайында болыўы, бола бериўи таяныш ноқаты, ҳәттеки билиўдиң өлшеми хызметин атқарыўын тастыйықлайтуғын көп түрли пикирлесиўлер болғанлығын биледи. Мәселен, әййемги қытай философы Лао Цзы «басқаларды билетуғын – ақыллы, өзин билетуғын дана» деген. Протагордың «адам – барлық затлардың өлшеми» пикири кеңнен мәлим «Қудай патшалығы бизиң ишимизде» («Царство божие внутри нас») деп үйретти Христос. Буның менен буддалық шақырық үйлеседи: «Өзиңе қара, сен Буддасаң», «Ким өзин билсе, ол өзиниң Қудайын биледи» дейди Исламда.

Өзиниң адамға шексиз қызығыўшылығын Н.Бердяевтен табамыз: «Адам алды менен өзин дүньяға билгеннен көбирек биледи, сол себепли дүньяны

соң өзи арқалы биледи. Философия дүньяны адам арқалы ишки билиў, ал илим сыпатында сыртқы дүньяны адамнан тысқары билиў Адамды абсолют болмыс, адамнан тысқары тек относительли болмыс ашылады» (Бердяев Н. «Смысл творчества» М. стр. 296).

Адам ким? Айтыў керек, антик дәўирден баслап адамға қызығыў биресе күшейеди, мәлим ўақыт пәсейип турады, бирақ ҳешқашан тоқтап қалған емес, нульге тең болған емес. Ҳәзир де бурынғыдай сораў қойылады: «Адам ким?» («Что есть человек?»). Бул сораў пүткил жержүзлик философияның әҳмийетли сораўының бири, адамзаттың ең жақсы ақыллыларының ақыл-ойын ийелемекте, бирақ қымбатлы, тамаланған, жоқ етер жуўап, тамамланған шешим жоқ. Ҳеш болмаса улыўма мойынланған пикир де жоқ.

Адам дыққат орайында турған ҳәр бир мәўритте, оны қайтадан ашып, жаңадан, оның мәнисин жаңа ракурста жаңа тарийхый шараятларда оның мәнисин саналы түсинемиз. Жуўмағында, ҳәдден тысқары күшейтип айтпағанның өзинде айтыўымыз керек, философияда адамнан қурамалы ҳәм қарама-қарсылықлы проблема жоқ. Оны баҳалаўда жағымлы, қуўанышлы ҳәм оптимистлик позициядан пессимизмге толы ҳәм сада позицияларға дейин барып қалыў мүмкин.

Адамда шексиз микрокосм сыпатында қараў мүмкин. Бул бойынша ол уникаль ҳәм толық жетилген мақлуқат, барлық реҳимли, жақсылық пәзийлетлерине ийе ҳәм тәбият қатесине де ийе, сол ушын адамзат натурасының жетилмеген ҳәм пәсликлерине ийе болыў себепли набыт болыўға гриптар.

П.Тейяр де Шарден айтады: «Адам ол узақ ойлағанындай дүньяның статикалық орайы емес, ал эволюцияның көшери ҳәм шыны, бул көбирек гөззаллыққа ийе» (П.Тейяр де Шарден Феномен человека М.1987стр 40).

Д.Шопенг Тауэр буған қарама-қарсы пикир айтады: «Адам зыянлы мақлуқат ол тәбияттың халтурасы. Солай етип, философия тарийхының еки ярым мың жылында адамға берилген эпитетлер, синонимлер жүдә көп, бундай көп санлы жағдайға бирде-бир философиялық объект ийе емес: «ақыл-еси бар мақлуқат», «сиясий ҳайўан», «тәбияттың шыны», «турмыстың туйығы», «турмыстың жалған адымы», «мийнет қуралын жасаўшы ҳайўан», «өзин-өзи аңлаў имканиятына ийе мақлуқат», «моральлық ҳәм еркин мақлуқат» ҳ.т.б.

Пикирлердиң усыншама ҳәр түрлилигин адамның өзиниң тәбиятынан излеў керек. Оның сыры мәнги проблемалар қатарына киреди. Оларға философия өз предметиниң спецификасына ылайық қайта-қайта бурыла береди. Бул бойынша әҳмийетли мәселениң бири адамның келип шығыў мәселеси. Бул мәселе буннан кейинги пикирлеўлеримизге мәлим бағдарланыў бере алады. Егер бул темаға байланыслы көп түрли вариациялардан сәл кейинлесек оларды яки түрли концепцияға бөлиўи мүмкин.

Олардың бири адамның тәбийий келип шығыўы менен характерленеди. Адам дәслеп тири емес, соңынан тири затлықтың тәбийий эволюциясының продукты сыпатында қаралады. Ол Ч. Дарвинниң 1859-жылы баспа көрген «Түрлердиң келип шығыўы» мийнетине сүйенеди, мийнет адамның келип шығыўының тәбийий – илимий түсиндириўиниң тийкары болды ҳәм ҳәзирги ўақытта көп ғана алымлар тәрепинен қоллап - қуўатланады.

Бул бойынша айтыўымыз керек, «тәбийий» подходтың тәрепдарлары адамды жердеги (мәселен, дарвинистлер) ҳәм космослық келип шығыў менен байланыстырады.

Басқа концепция адамды тәбияттан тысқары басламадан келтирип шығарады. Мәселен, адамды қудайдың жаратпасы яки космослық ақыл-ойдың туўындысы деп қарайды.

Бул маселеге, адамға философиялық көз-қарасқа еле қайтып келемиз ҳәм философия адам проблемасы менен қаншелли дәрежеде шуғыллана берсин, барибир, ол туўралы ҳәммесин толық биле алмайды ҳәм ол туралы билим шынлықтың соңғы инстанциясы бола алмайды.

Адам өзи туўралы мисли оны қоршаған дүнья туўралы ойлағанындай ақ философия пайда болмастан бурын ақ ойлаған, пикирлеген. Соңынан «данышпанлықты сүйиўдиң» («любомудрие») пайда болыўы менен адам темасы бирден философиялық итибардың орайында бирден бола қойған жоқ.

Адамды қоршаған тәбият туўралы билимлердиң топланыўы ҳәм раўажланыўы барысында оның өзине өзиниң қызығыўы күшейеди, адамның болмысының барынша жаңа қырлары шығады. Ал бул бираз кең кеңисликке ийе изертлеўлерген имканият береди. Оның үстине, адамға жүдә көбирек философиялық қатнас, әсиресе жәмийетлик турмыста қысқа ўақыттың ишинде жүдә әҳмийетли ҳәм терең өзгерислер, революциялық қайта қурыўлар басымында адамзат қатнасының тийкарын қураған бурынғы көз-қараслар, негизлер бузылған пайыт күшейеди. Бундай дәўирлерде философия адамның мәниси туўралы мәңги мәселелерге қайтадан оралады. Солай етип, философияның онтология, гносеология, этика, эстетика ҳәм басқа да бөлимлери қатарында ақырынлап, избе-из адам туўралы билимлер тараўы қәлиплеседи. Онда адам ҳәрқыйлы тәреплерден анализленип ғана қоймайды, ал ол жәмийетлик, тәбийий ҳәм космослық процесслер менен өз-ара байланыста қаралады.

Бул тараўда көп жүз жыллар барысында топланған унамлылар нелер? Адамды түсиниў бойынша прогресс барма? Философия илим тараўларында адамды анықлаў, оның мәнилик минезлемесин ашатуғын мәлим жетискенликлер барма?

Егер адамды билиў бойынша көп әсирлик күш салыўларды қоссақ, биротала шешилгенлерин бөлип көрсетсек, нени биротала шешилген, даўсыз, қарсылықсыз шешилгенлер жүдә көп болар ма екен? Ҳеш ҳәм гүман келтириўи мүмкин емес жуўмақлар қатарына мына фактты атаў мүмкин. Адамның пайда болыўы жер бетинде тиришилик өмирдиң раўажланыўына

тиккелей байланыслы, ол өзиниң басламасына ҳәм белгили тарийхына ийе. Мәселен, пүткил дүньяға белгили антропологлар, биохимиклер ҳәм генетиклер-1982 жыл Ватикандағы Папалық илимлер Академиясы тәрепинен шөлкемлестирилген конгресс қатнасыўшылары заманагөй тәбияттаныўға сүйене отырып, адам ҳәм ҳайўанлар дүньясы арасында туўысқанлық байланыс бар деген улыўма пикирге келеди.

Адам ҳәм оны қоршаған дүнья эволюцияласыўын дәлилли деп есаплаў мүмкин. Бул тек ғана археология ҳәм жердиң геологиялық тарийхы арқалы тастыйықланып қоймайды, ал жер бетинде тиришилик ҳәм эволюциялық жержүзлик процесслер туўралы заманагөй көз-қараслардан да келип шығады. Буған заманагөй түсиникте «кеңейетуғын әлем» атлы улыўма қабылланған теория түсиник бере алады.

Бирақ илим, айрықша, генетика жаңа ашылыўларды әмелге асырмақта ҳәм олар бурынғы көз-карасларды түпиликли өзгертпекте. Клонластырыў-тири мақлуқатлардың биологиялық копиясын болдырыўдың изи менен, егер сенсациялық баспа көрген материалларда исенсек, адамның өлетуғынлығына байланыслы басқа көз-қараслар пайда болмақты. Олар бойынша физикалық өлим биологияның фундаменталлық нызамларына қарсы келеди-мис. Бул нызамлар бойынша адамның өмирин клеткалардың бөлиниў жолы менен көбейиўиниң пәсейиў уқыбы менен шекленген. Соның ишинде, айтайық, адамның есейген организми шама менен 50000 млрд клеткадан турады. Годфруа Ж. жазады: «Адамда нәсилде бир клетканың избе-из бөлиниўи өмири барысында өлиў менен шекленген. Бөлиў процесси ритмин есапқа ала отырып, айтыў мүмкин, адамның өмириниң даўамы сийрек шығарып таслаўлар менен 110 жастан аспайды (Годфруа Ж. Что такое психология Т.2.М.,1996 стр.10).

Деген менен бүтинлигинде хабар бар, генетиклер сондай зат тапқан, ол қартайыўды тоқтата алады, соның менен бирге организмде бул затты бөлип шығарыўды басқаратуғын ген тастыйықланған.

Илимий изертлеўлердиң гүмансыз нәтийжеси сыпатында мәлим принципиаллық проблемалардың формулировкасын ҳәм мойынлаў зәрүр. Олардың шешимисиз адам ким, оның мәниси не деген сораўларға жуўап анық. Олардың ишинде әҳмийетлиси-адамның келип шығыўы, сана, тил дөретиўшилик, мораль, руўҳыйлық ҳ.т.б. тәбиятын орнықтырыў.

Бул көрсетилген проблемаларды саналы түсиниўди қолға олған ҳәр бир адам мынадай мәселелерди даққаттан жерде қалдыра алмайды. Тиришилик деген не? Қай жерде ҳәм қашан биринши адам пайда болды? Оның руўҳыятының тәрепи қандай? Оның жер бетинде пайда болыўын не белгилейди? Бул анықламада логика, нызамшылық, фаталь зәрүрлик барма ямаса оның себеби мәлим тосынлық аномалия кимниңдур зорлығы, қыңырлығы ма? Ең соңында тиришилик космослық қубылыспа я тек бизиң планетамызға тийисли ме? Ал адам әлемдеги жалғыз ғана ақыл-еси бар мақлуқат па?

Бул ҳәм усыларға уқсас мәселелерди шешиў үстинде философиялық ҳәм илимий ой да жумыс ислейди. Бирақ тәбияттаныў ушын олардағы пикирлер тек қыйын ғана емес, ҳәтте шешилмейтуғынлары ҳәм бар ямаса улыўма ашық мәселелер ҳәм болады. Себеби оларға байланыслы билимлер жүдә ҳәм анық ҳәм проблемалы, бундай билимлерге сүйенген пикирлеўлер (басқалары улыўма жоқ!!!) өзиниң анықлығы бойынша гипотетикалыққа ийе ямаса дым жақсы болғанда да итималлыққа (вероятность) ийе.

Бирақ илим өзиниң күшин жоғалтқан жерде, анығрағы, өз еркинлигине, философия анық формулировкалар менен жүкленбеген, унификацияланған тилге ийе емес, бирден-бир методология ҳәм қатаң дәлийллеўге ийе емес болса да оған кесент бермейди. «Мәнги» мәселелерди изертлей отырып ҳәм өткинши емес қәдриятларды орнатыўға умтыла отырып ҳәм пүткил өмир сүрип турғанның тийкарға көзин, шығысын тастыйықлаўға умтыла отырып, ол таналған шешимлер ҳәм тамамланған тексерилген жуўмақлар алыўға талапкерлик қылмайды. Тексерилген фактлардың ҳәм дәлилленген тийкарлардың жоқлығы оны жүдә «қысындырмайды». Себеби ол интуиция, нурланыў логикалық анализге тийкарланған болжаў, олар тахминлер, толықтырыўлар, сезимлер менен де ис алып барады. Бул оған бар билимлердиң ҳәм қәлиплесип қалған пикирлердиң көз-қарaслардың шегарасынан шығыў илимий, қастаң дәлилли емес шешимге жаңа олардан бөлек түсиндириў бериўге имканият береди.

Бул бойынша белгили орыс ҳәм грузин философы М.К.Мамардашвилиден «Адам неден басланады?» («С чего начинается человек?») деген сораўға «Адам өлгенге жылаўдан басланады» деген жуўабы жүдә дыққатқа ылайық. (СмирновС.А. «Опыты по философской антропологии». Новосибирск 1996 г., стр-6).

## 2. Индивидуал сана болмысы

Солай етип, философияда, егер ол ҳақыйқый философия болар екен, қәлеген мәселе бойынша оның үстине, қурамалы ҳәм қыйын адам проблемасы бойынша теп-тегис бир пикирлилик болыўы қыйын. Бир пикирлиликтиң болыўы анаў я мынаў проблеманың биротала тамамланғанлығын анықлатады. Мәселен «мәнги двигатель» қурыў бойынша алымлар арасында толық бир пикирлилик бар: ҳәзирги заманагөй тәбияттаныў канонларына ылайық бундай двигатель жаратыў принципинде мүмкин емес. Бирақ илимнен айырмашылығы философияның спецификасының дүньяға көз-қараслық баҳалаў ориентацияларының системасы болыўы менен, олар позициясынан қәлеген қубылыстың мәнисиниң қаралыўы, соның ушында бул жерде принципиаль рольда анаў я мынаў философ дүньяны қалай көреди, оның турмыслық позициясы қандай, мине усылар менен тиккелей байланыслы. Ол қандай аксиомаларды постулатлайды, қандай пропорцияны басынан баслап бөлеклейди, нени

баслы ҳәм әҳмийетли есаплайды, неге философ исенеди ҳәм исенбейди, мине булардың ҳәммесинен оның ҳәмме қалғанларды шешиўиниң бағдарланыўы оның улыўма ҳәм жеке мәселедеги философиялық позициясын характерлейди.

Философияның, солай етип илимнен парқы сонда, егер илимде узақ ўақытлар билимлерди ортақ билимге алып келиў традициясы ҳүким сүрген болса, ол ҳәрқыйлы, соның ишинде бирин-бири бийкарлайтуғын көз-қарасларға ийе болады, бир ғана қубылыс ҳәм объектке, оның үстине олар тәуир-ақ қурамалы болса, ҳәрқыйлы подходларды формулировкалайды. Усыннан адамды түсиниўде ҳәрқыйлы философиялық концепциялардың болыўы. Мәселен, адам басында улыўмаластырылған образ я индивидуаллық болмысқа ийе, я конкрет адам басқа адамлар менен, род пенен, адамзат пенен, тәбият пенен, космос пенен тығыз байланыслы ақыл-еси бар мақлуқат сыпатында түсиндириледи.

Булар менен бир қатарда адамды изертлеўге қаратылған көп ғана подходларды атаў мүмкин. Олардың ишинде, гүмансыз, «интровертив», «экстравертив» позициялар бар. Биринshiсинде адамды «ишинен» изертлеў, бул бойынша сана, жан, психика, кемшиликлер, жақсылықлар ҳ.т.б. анализленеди. Бунда адамның денелик ҳәм руўхый тийкары туўралы философиялық пикирлеўлер жийи-жийи тәбияттаныўдың эмпириялық мағлыўматларына сүйенеди. Бул бойынша ең алды менен биология ҳәм психологияның жетискенликлерине сүйениў бар. Бирақ гейде мистика, эзотерика, оккультизм мененде белгилениў бар.

Адамға «экстравертивлик» көз-қарас жағдайында оның анализи «сырттан» әмелге асырылады. Нәтийжеде дыққат орайында оның тәбиййи ҳәм жәмийетлик белгиленгенлиги турады. Сәйкес установкаларда адамның Қудай, Космос, Универсум ҳ.т.б байланысы анализленеди. Бунда философия тарийх, социология, экология ҳәм теология менен аўқамда болады.

Солай етип,  жоқарыда айтылғанлардан сол нәрсе анық адамды философиялық түсиниў ушын биран-бир тийкар жоқ ҳәм келешекте бундай тийкар пайда болады деў ҳәм қыйын. Сонда ҳәм соны атап өтиў орынлы, жоқарыдағылардан дыққат орайында ең алды менен (космос, Қудай, жәмийет, тиккелей адам) философия тарийхында ҳәрқыйлы дүньяға көз-қараслық позициялар бөлинип шығады ҳәм олардан адам түсиниў менен байланыслы ҳәмме мәселелер шешиледи. Олардың көбирек тарқалғанлары: космоцентризм, (тәбиятцентризм), теоцентризм, социоцентризм, антропоцентризм ҳ.т.б. Ҳәр қыйлы дәўирлерде бул философиялық позициялардың ҳәрбири ҳәрқыйлы көриниске ийе болып, бирақ анаў я мынаў дәрежеде мудамы болды.

Адамның мәниси адам туўралы философиялық тәлийматтың орайында турады. Бул жағдайды былайынша түсиндириў мүмкин. Мәнисти, тийкарды ашыў қәлеген предметтиң анықламасына киреди ҳәм булсыз оның функциялары мәниси, өмир сүриўи, жасаўы ҳ.т.б туўралы гәп алып барыў

мүмкин емес. Философлар адамды ҳайўаннан ажыратып қарады ҳәм адамның ҳәр түрли спецификалық қәсийетлерин пайдалана отырып, оның мәнисин түсиндиреди. Шынында да, адамды ҳайўаннан бир тегис тырнақлары, күлкиси, ақылы, дини ҳ.т.б. бойынша ажыратыў мүмкин. Бул бойынша, бул жағдайда адамның мәнисин адамның өзинен емес, ал оны оған жақын түрлерден ажырататуғын белгилер арқалы, сырттан анықлаў бар. Бирақ методологиялық көз-қарастан бундай прием жүдә дурыслыққа келмейди, себеби қәлеген предметиниң тийкары ең алдыменен сол предметтиң болмысының иммаментлик усылы менен, оның өмир сүриўиниң, жасаўының өзиниң нызамлықлары менен анықланады. Оның үстине, адамның ҳәмме оған тән белгилери тийкарғы, мәнислик характерге ийе бола бермейди.

Бундай, адамның тарийхый болмысының ҳәм раўажланыўының тийкарында жатырған ҳәм оның мәнисин қурайтуғын субстанция ҳәзирги илимниң түсиндириўинше ҳәмме ўақыт белгили жәмийетлик өндиристиң рамкасында әмелге асырылатуғын мийнет искерлиги болып табылады. Адам жәмийетлик қатнасларға тиккелей ямаса қыя кирмей, ериспей, мийнет искерлиги менен шуғыллана алмайды. Соны ҳәм түсиндириў керек, жәмийетлик қатнаслардың жыйындысы жәмийетти қурайды. Жәмийетлик өндирис ҳәм мийнет искерлигиниң раўажланыўы менен адамлардың жәмийетлик қатнаслары ҳәм раўажланады. Индивид, қандай дәрежеде жәмийетлик қатнаслардың пүткил жыйандысын өзинде жәмлей алады, меңгереди ҳәм реализациялайды, мине усы бойынша оның өзиниң раўажланыўы кешеди. Соның ушын да диалектикалық-материалистлик көз-қарас адамды абстракт түсиниги ушын Фейербахты сынға алғанда, «адамның мәниси жеке адамға тийисли абстракт емес. Ҳақыйқатлығында ол барлық жәмийетлик қатнаслардың жыйындысы» сыпатында қараған.

Бул жерде соны айтыяымыз керек, гәп барлық жәмийетлик қатнаслардың материаллык ҳәм идеаллық (идеологиялық), ҳәзирги ҳәм өткендеги жыйындысы туўралы болып атыр. Бул жағдай зәрүрли методологиялық әҳмийетке ийе. Себеби бул бойынша адамды вульгар-материалистликте емес, идеалистликты емес, дуалистликте емес, ал диалектикалық түсиниў керек. Басқаша айтқанда, оны тек ғана «экономикалық адамға» («economic man») ямаса «ақыл-еси бар адамға» ҳәттеки «ойнайтуғын адамға» («играющему человеку») салыўға болмайды. Адам бир ўақыттың ишинде өндириўши мақлуқат та, ақыл-еси бар мақлукат та, мәдений, әдеп-икрамлық, сиясий ҳ.т.б мақлуқат та. Ол өзине жәмийетлик қатнаслардың ҳәмме спектрин азы я көп дәрежеде жәмлейди ҳәм сөйтип өзиниң социаллық мәнисин реализациялайды. Бул мәселениң басқа аспекти сонда, адам – адамзат тарийхының туўындысы, бөлеги. Ҳәзирги адам белгиси биржақлардан (ниоткуда) шыққан жоқ, ал жәмийетлик – тарийхый процесстиң нәтийжеси. Басқаша айтканда гәп адамның ҳәм адамзат родының бирлиги туўралы болып отыр.

Бирақ адам тек ғана жәмийеттиң ҳәм жәмийетлик қатнаслардың жемиси емес, ол өз гезегинде оларды жаратыўшы. Солай етип, ол бир ўақыттың ишинде жәмийетлик қатнаслардың объекти ҳәм субъекти. Адам ҳәм жәмийеттиң өз ара тәсириниң диалектикасы бар: адам – бул микрожәмийет, жәмийетлердиң микро дәрежеде көриниси, ал жәмийет – «адамның жәмийетлик қатнаслардағы өзи».

Солай етип, адамның социаллық – искерликлик мәниси ҳаққында айтыў мүмкин. Искерликтен тысқары, социаллық қатнаслар ҳәм қарым-қатнастан (общение) тысқары адам адам болыўы қыйын, бола алмайды. Бул бойынша Аристотель ҳақ: қарым-катнасқа кире алыў, түсе алыў уқыбына ийе емес, мақлукат – я ҳайўан, я қудай.

Бирақ адам тек өзиниң мәниси ғана емес. Өзиниң реаль көриниўинде, мәнис оның жасаўында, өмир сүриўде ҳәм жүзеге шығады. Егер адамның мәниси – адам родының, улыўма минезлемеси болса, индивидтиң өмир сүриўи, жасаўы ҳәрқашан өзиниң конкрет – эмпириялық көринисинде индивидуаллыққа ийе, тийкар менен, мәнис пенен тамамланбайды.

Адамзат жасаўы (человеческое существование) индивидтиң пүтин мақлуқат ҳәм оның көптүрли форма, түр ҳәм қәсийетлериниң көриниси сыпатында болмысы болып табылады. Бул пүтинлик биринши гезекте адамның үш түрли тийкарғы басламаның бирлиги арқалы көринеди. Олар: биологиялық социаллық ҳәм психикалық. Демек, ол биопсихоциаллық феномен. Бул факторлардың биреўин қуртсақ, биз адамның өзин қуртамыз сонлықтан да адамның уқыпларының раўажланыўы ҳәм оның путин, тутас қәлиплесиўи мудамы усы тийкарғы факторлар менен байланыслы: тәбийий уқыплар, социаллық орта ҳәм ишки. Мен (ерк, умтылыў, мәплер ҳ.т.б.)

Адамзаттың өмир сүриўи, жасаўы адамның мәниси проблемасынан кем әҳмийетке ийе емес. Ол өзиниң тәўир ақ толық сәўлелениўин өмир сүриў философиясында, демек экзистенциализмде тапты. Адамзатлық жасаў бунда адамзат болмысы сыпатында транценденция менен салыстырыла түсиндириледи. Бул деген сөз адамзат болмысы сыпатында адамзат жасаўы, өмир сүриўи адамның индивидуаллықтың рамкасынан, бул дүньядан тысқары шығыў менен салыстырыла қаралады. Адамның өмир сүриўиниң, жасаўының ахыйры белгиленген (задана) ҳәм оның өмир сүриўи, жасаўы ахыйрлық, өлимлик көз-қарасынан қуралады.

Буннан өмир сүриў-бул мудамы индивидуаллық өмир сүриў. Бул өмир сүриў, жасаў сонда, адамлар буны жасағаны менен биримлеп өледи. Сол себепли экзистенциализмде индивид ҳәм жәмийет мудамы конфликтте болатуғын қарама-қарсы бирликлер сыпатында қаралады. Индивид-бул жеке адам (шахс), жәмийет-бул жеке адамсызлық, шахссызлық (без личности). Ҳақыйқый өмир сүриў, жасаў жеке адамның шахстың индивидуаллық болмысы менен, оның еркинлиги менен, трансценденцияға умтылыўы менен байланыстырылады. Адамның социаллық мәниси ҳәм оның ҳақыйқый өмир сүриўи, жасаўы сыйыспайтуғын жайғаспайтуғын болады, Ж.П.Сартрдың

пикиринше өмир сүриў, жасаў мәнистиң, тийкардың алдына шығады. Тек ғана өлим алдында «шегаралық тоқтайды» адамның өмиринде қандай нәрсе ҳақыйқый, қандай нәрсе ҳақыйқый емес көринеди ғана.

Экзистенциализм ўәкиллериниң өмир сүриў, жасаў нәтийжесиниң тийкардың алдына шығады деп тастыйықлаўы менен келисиў қыйын. Себеби олардың пикиринше «адам-бул ҳеш нәрсе емес» («ничто»). Ҳақыйқатында адам бул ҳәмме ўақыт мудамы бир тәрептен «бир нәрсе» («нечто»), ал екинши тәрептен-ол мудамы белгили социаллық ортада раўажланады. Социаллық орта оған өзиниң таңбасын басады ҳәм шеклеў болдырады. Соның ушын адамның өзиниң индивидуаллық өмир сүриўи бул зәрүрликтен тысқары, оның мәнисин қурайтуғын жәмийетлик қатнаслар системасысыз мүмкин емес. Соның менен бирге оның мәниси оның өмир сүриўинсиз, өмир сүриў, жасаўынан тысқары мүмкин емес. Демек, не нениң алдына шығатуғыны туўралы емес, ал диалектика туўралы тийкар-мәнис пенен адамның жасаўының ажралмас байланысы ҳәм бирлиги туўралы гәп жүргизиў керек. Оның мәниси-тийкары өмир сүриў, жасаў процессинде қәлиплеседи ҳәм мудамы онда болса, соның ушында өмир сүриў, жасаўдың өзи тийкарға, мәниске ийе. Буны экзистенциализмниң көрнекли ўәкиллериниң бири А.Камю саналы түрде «Топалаңшы адам» («Бунтующий человек») шығармасында Сартрдың тезисин бийкарлады. Тийкар, оның пикиринше әзелден, бастан баслап қәлипсиўиндеги өмир сүриў, жасаўда «дән» сыпатында, ал қайжерден алынғаны белгисиз жемис мәнисинде емес болады.

### 3. Инсанның жәмийетлик сана болмысындағы орны

Ғәрезсиз елимизде инсан болмысының динамикасын түсиниў, аңлаў, социаллық – экономикалық ҳәм мәдений сиясатта инсан мәплериниң үстинлигин мақуллаў ҳәм оның әмелге асырылыўын тереңирек анықлаў ушын индивидуаллықтың улыўмалықтан үстинликке ийелигин тастыйықлайтуғын теориялық – методологиялық тәрийп, тужырым зәрүрли. Буған улыўмаинсаныйлық пенен миллийликтиң өз-ара қатнасы, тәсири диалектикасы ҳәм бунда индивидуаллықтың базалық характери тийкар блоа алады.

Миллий ғәрезсизлик идеясының мәнис, мазмунын аңлап жетиўде оның улыўмаинсаный қәдирият лар ҳәм принциплерге тийкарланыўына нәзер аўдарыў зәрүрлиги пайда болады. Неге дегенде, улыўмаинсаныйлық миллийликтиң (миллийлик миллий-спецификалық, миллетлер аралық ҳәм улыўмаинсаныйлықты өзине жәмлеген) бирден бир компоненти есапланады. Басқаша айтқанда, улыўмаинсаныйлық адамзат родының улыўматарийхыйлық белгилерин өз ишине алар екен, ол миллий – этникалық тийкарда қәлиплеседи ҳәм раўажланады.

Дурыс, улыўмаинсаныйлықты түсиндириў бойынша әдебиятларда пикирлер улыўмалықтың предметлик мазмунын ҳәм оның айрықшалық, жекелик пенен ара қатнасының тәбиятын ашыўға бағдарланғаны менен, олар, тийкарынан, бул мәселеде я улыўмалықты я жекеликти мақуллайды. Үшиншилеринде екеўи ҳәм бирлескен ҳалда нәзерде тутылады. Әдетте улыўмалықты индивидуаллықтан жоқары ҳақыйқатлық деп түсиндириўди философиялық ой тарийхындағы Платон линиясы, платонлық традиция сыпатында қараў бар. Бул бойынша улыўмаинсаныйлық адамның ҳәм жәмийеттиң түп мәнисинен келип шығатуғын мәңги ҳәм беккем бузылмас адамзатлық басламалар. Мәселен, платонлық традиция тәрепдарларының бири, орыс философы С.Франк бул мәңги ҳәм универсалыққа ийе басламаларды жәмийетлик турмыстың тийкарғы нормативлик принциплери деп атайды.

Ал енди улыўмаинсаныйлықты түсиндириў бойынша жекеликке ғана бағдарланыўды  Аристотель линиясынан киятырған традиция деп тастыйықлаў бар. Бул бойынша улыўмаинсаныйлықтың өзинше болмысы жоқ, улыўмалық жеке предметлерге ҳәм қубылысларға мисли олардың формасындай иштен тийисли.

Улыўмаинсаныйлық туўралы бул еки көз-қарас өз тарийхын узақтан баслаўына қарамастан усы бүгинги тартыслы пикирлерде де даўам етпекте.

Әлбетте, олардың қай - қайсысында да  рационаллықтың моллығын бийкарлай алмайсаң!!! Десек те, улыўмаинсаныйлық қәдириятларды шың, образ, идеал менен теңлестириў надурыс болған болар еди. Ақыры, бундай жағдайда улыўмаинсаный қәдириятлар басынан аяғына шекем идеалластырыў, реальллық емес, реальлық болыўы ҳәм мүмкин емес түсиниксиз қубылысқа айланады. Оның үстине, «жарқын келешекти» ўәде еткен мифлик установкаларға таянған ойлаў ҳәм искерлик образы да улыўмаинсаныйлық мәниге ийе бола алмайды. (Айтайық, бурынғы Аўқам тусында идеология коммунизмди оның пүткил қәдириятлары менен усылайынша халықтың санасына сиңдириў процеси инсанлардың жәмийетлик ҳәм индивидуаллық болмысын жақынластырыў, ушластырыў орнына оларды алшақластырыўдан басқа нәтийже бермеди!!!) Соны да нәзерде тутыўымыз керек, адамлардың жасаўының, өмир сүриўиниң ҳәмме тарийхый дәўирлери ушын мәлим шарайытлары ҳәм адамзаттың турмыс кешириўиниң формалары бар. Булар ғалаба талапларда өз сәўлелениўин табады. Буған адамлардың реал искерлигине гуманистлик мәнис енгизген әдеп-икрамлылықтың әпиўайы күнделикли принциплерин ҳәм нормаларын мысал етсек болады. Бул бағдарда улыўмаинсаныйлық ўазыйпа, болыўы тийис реальлық статусына ийе.

Улыўмаинсаныйлық мәптиң адамларды олар өмир сүрип турған кеңислик ҳәм ўақытлық параметрлерде улыўмалықтың тийкарында бирлестирип турғанлығын қалай болса солай көз бенен көриў мүмкин деў бираз садалық болар еди. Неге дегенде, улыўмаинсаныйлықты «тутыў»

күнделикли сана түўе теориялық санаға да аңсат емес. Адамлар күнделикли өмиринде улыўмаинсаныйлық туўралы өзлериниң пикирлеўлерин ҳәм искерлигин улыўмаинсаныйлықтан гөре өзлериндеги социаллық, миллий ҳәм т.б өзгешеликлер дәрежесинен әмелге асырады.

Қулласы, «улыўмалықты» адамлардың бир-бири менен өтлескен социаллық, миллий, жеке мәплери, ҳәр қыйлы еллер ҳәм халықлардың тарийхый, мәдений ҳәм т.б раўажланыўы өзгешеликлеринен көриў аңсат емес. Ҳәттеки алжасыққа жол қойып, ҳақыйқый улыўмаинсаныйлықтағы улыўмалықты қара бастың ғамы менен ғана шекленген мәплер, талаплар менен шегаралап таслаў ҳәм тәәжип емес. Айтайық, адамның тиккелей жеке байыўға умтылыўы улыўмаинсаныйлық мәптиң әмелге асырылып атырғанлығының мысалы болар ма еди?! Адамзат тарийхында «улыўмалыққа» умтылыў көп болған: жеке бастың ғамына бағдарланыўдан баслап ҳәкимиятты ийелеў, миллий, расалық даңқпаразлық ҳ.т.б дейин…

Улыўмаинсаныйлық әҳмийетке ийе болыў жолында тек булар емес, гедонизм,аскетизм, топлаў ҳәм тутыныў да, «тәбий мәп», «ҳәкимиятқа шығыўға еркинлик» сыяқлы биймәлелдей көрингени менен изинде қоңыраўы басым принциплердиң де ҳәрекет еткенлиги тарийхтан белгили.

Егер мәселеге еле де тереңирек нәзер салсақ, қалай болмасын, биологиялық аспектте аман қалыўға күш салыў, ҳәттеки материаллық жақтан табысқа ийе болыўға умтылыў ҳәм өзинен - өзи адамларды бирлестире алыў орнына оларды бир-бирине жасаў, өмир сүриў ушын бас- көзине қарамай жол бермеў, ҳәттеки әпербақанлық майданына алып келмейтуғынлығына ким кепиллик бере алады?!

Дурыс, ғалабалық дәрежеде қәўип туўдырып атырған ситуацияда, айтайық, ядролық урыс ямаса экологиялық апатшылық қәўпи дөнип турғанда адамлар өзлериниң жеке топарлық мәплери менен шеклене алмайды, ал олардан жоқарылайды ҳәм бирлеседи. Бирақ бундай бирлесиў шын мәнисинде улыўмаинсаныйлық дәрежеде бирлесиўге тийкар болыўы қыйын.

Қулласы, адамзатты цивилизациялық раўажланыўдың дәрежесинде түўе биологиялық түр сыпатында сақлап қалыўдың өзине қәўиплер дөнер екен, улыўмаинсаныйлықты излеў ҳәм оның қәдириятларын адамлардың ойлаў ҳәм искерлик образына айландырыўға умтылыў бираз күшейеди. Әсиресе, қәдириятлардың адамлар тәрепинен массалық сана дәрежесинде өзлестирилиўи барысында олардың өзлериниң мәмлекетлик ҳәм жәмийетик турмысын басқарыўды ретлестириўи жетилиседи. Бул деген сөз, адамлардың миллий, социаллық, мәмлекетлик турмысын, олардың ушласыўын жаңа ретлеўшилер- улыўмаинсаный қәдириятлар белгилеп турады. Гәп ҳәм сонда, адамның миллий өзгешелигинен ҳәм социаллық келип шығыўынан бийғәрез, оған пүткиллей түсиникли ҳәм қәлбине сай улыўмаинсаныйлық қәдириятларды өзлестириўди жетилистириў бүгинги күнниң ғана емес, келешекти де терең ойлап, оның абат болыўы ушын күйип-жанып

жасайтуғын көз-қарастың қәлиплесиўи-руўхыйлықтың өзине дейингилерден пүткиллей өзгеше формасының жүзеге келгенлигин аңлатады.

Усылайынша, биз улыўмаинсаныйлықты конкретлестириўге, оның предметлик мазмунын ашыўға келемиз. Бул ушын, бизиңше, бүгинлигинде улыўмаинсаныйлықтың предметлик мазмуны мәлим талапларды қанаатландырарлық жуўапты өзинде жәмлеўи тийис. Олар бул мазмунда ҳәр бир Адам ушын ҳеш болмаса потенциаллық характерге ийе мәнилик адамларды бирлестире алатуғын улыўмалық ҳәм цивилизацияның ағысының ишинде оның ең зәрүрли алғы шәрти болыў зәрүрлиги. Бул бойынша егер индивидуаллықты адамзат болмысының ҳақыйқый базислик тийкары сыпатында тән алсақ, улыўмаинсаный қәдириятлардың үстинлиги талап етилетуғын заманагөй парадигмаға шығамыз.

Шынында да, жәмийет социаллық организм сыпатында системалық пүтинлик характерге ийе ҳәм пүтинлик оны қурайтуғын мәлим бөлектен, ҳәттеки бөлеклердиң жыйындысынан да үлкен. Оның үстине, бөлеклер пүтинге тиккелей байланыста ғана мәниге ийе, пүтиннен ажыралған ҳалда өзлеринше ҳүким сүриў имканиятына ийе емес. Ал улыўмаинсаныйлық қәдириятлардың үстинлиги принципи бөлектиң пүтинликке теңлигин, ҳәттеки оннан үлкенирек екенлигин мақуллайды. Ақыры, базислик қәдирият жәмийеттиң айрықша институтлары, структуралары ҳәм т.б формасындағы «улыўмалық» емес, ал индивидуаллық, жәмийеттиң тири денеси болып табылады.

Кескирт улыўмалықтан индивидуаллыққа, жәмийеттен жекеликке қарай емес, ал керисинше, индивидуаллықтан улыўмалыққа, жекеликтен жәмийетке қарай раўажланыў улыўмаинсаный қәдириятлардың үстинлигине мас келеди.

Солай етип, улыўмаинсаныйлық бул индивидуаллықтың улыўмалықтан үстинлигин тастыйықлайтуғын адамлар арасындағы байланыс формасы. Индивидуаллықты нәзерде тутар екенбиз, бул бойынша ең алды менен, баслысы, жеке адамның қәдир - қымбаты нәзерде тутылады. Ҳәр бир индивидтиң шын мәнисиниң мойынланыўы еркин раўажланыўға болған инсаний қәдир – қымбаты ҳәм ҳуқықының формаль дәрежеде емес, ҳуқықый ҳәм социаллық кепиллиги есапқа алынады. Бул жерде гәп, тийкарынан жәмийетлик турмыстың барлық сфераларын демократиялық қайта қурыўлар тусында әмелге асырылатуғын адам ҳуқықлары туўралы болып отыр. Бирақ мәселеге шынтлап нәзер салсақ, адам ҳуқықларын улыўмаинсаный принцип сыпатында жәмийетлик раўажланыўдың мәлим бир басқышы менен ҳәм оған сәйкес топарлық бөлиўлер менен шегаралаў ақылға уғрас келмеген болар еди. Адам ҳуқықлары ҳәмме адамлардың қәдир -қымбатын нәзерде тутқанлықтан, олардың социаллық байланысының улыўмаинсаный тийкары, таянышы болады. Усы себепли де адамлардың миллий, сиясий ҳәм т.б өзгешеликлеринен, мәдениятының формаларынан бийғәрез ашылысыўы, жемисли ғана диалогқа түсиў имканияты жүзеге келеди. Усылар менен бирге

тағы бир мүмкиншиликтиң гүўасы боламыз. Ол да болса, ҳәрбир индивидуаллықтың, мейли ол жеке адам ба, мейли ол халық па я мәдений бирлик пе, топар ма, әҳмийети жоқ, параўан раўажланыў ҳуқықы.

Белгили, адамзат мәплери ҳәм талаплары, мақсет ҳәм умтылыўлары жүдә ҳәм рәң - бәреңликке ийе. Оларды мәлим бир кескирт нормаға салыў мүмкин емес ҳәм буны болдырыў ушын анаў я мынаў дәрежеде ҳәрекет жүз бергенде де оның ақыбетлери жақсы болмайтуғынлығы, мәселен, адамларға бир шешимди, бир идеологияны я дүзимди таңыўдың адамларды бирлестирмейтуғынлығын, ал керисинше оларды бир-биринен ажыратып, ҳәттеки душпанластыратуғынлығы ҳәм тарийхтан белгили. Басқалар исенимине, басқаша пикирлеўге, басқа мәденият өзгешеликлерине шыдам ҳәм жоқары инсаныйлық қатнас, тек өзиниң емес "өзгениң" де қадриятларын есапқа алыў, оларға ҳүрмет ҳәм т.б. адамларда бир-бирине тек маўаса қатнасты болдырып қоймайтуғын, ал олардың диалогқа кирип, еркин пикирлеўлери арқалы түсинисиўлери ҳәм адамзат ийгилиги ушын бирликли күш салыўын белгилейтуғын улыўмаинсаныйлық баслама болып табылады.

### Тийкарғы әдебиятлар


1. Фалсафа асослари. Назаров Қ таҳрири остида. – Т.: Шарқ, 2005
2. Шермухамедова Н.А. Гносеология. – Т. ЎФМЖ. 2007
3. Falsafa. Ahmedova M. Tahriri ostida – Т.: OFMJ, 2006.
4. Шермухамедова Н. А. Фалсафа ва фан методологияси. – Т.: Университет, 2005.
5. Шермухамедова Н.А. Гносеология билиш фалсафаси. – Т. ЎФМЖ.2011

## 3-Тема: Сана инсан болмысының тийкары сыпатында

**Режеси:**

1.Инсан болмысында сананың тәбияты

2.Индивидуал сана болмысы

3. Сана философиялық проблема сыпатында

**Таяныш сөзлер:** *Инсан, индивид, шахс, инсан болмысы, сана, индивидуал сана, жан, санасызлық, галлюцинация, тил, мийнет*

### 1.Инсан болмысында сананың тәбияты

Инсан болмысы айрықша адам болмысы ҳәм пүткил адамзат болмысын тутаслай алғанда олар жүдә өзиншеликке ийе. көринислеринде пайда болыў тәрепинен өзине тән. Бирақ инсан болмысында тәбият ҳәм жәмийеттеги ҳәмме нәрселер ушын улыўмалық болған таманлар, қәсийетлер ҳәм тән. Бул жағынан инсан болмысыы өз тәбияты ҳәм мәнисине гөре ең қурамалы, ҳәмме болмыс формаларының мәлим таманларының диалектикалық бирлигин тутады.

Инсан болмысында, әўеле инсанның тәбият раўажланыўының продукты сыпатында тәбийий болмыстың ҳәр еки формасына тән таманлар менен бирге жәмийетлик-тарийхый раўажланыўдың ҳәм продукты сыпатында онда бәрше формаларына тән таманларының жыйындысы жәмленген.

Адамның конкрет индивид сыпатында өмир сүриўиниң, жасаўының биринши алғы шәрти - оның денесиниң өмири.

Адамның денеси - тәбияттың денеси. Денениң болыўы адамды өткинши ете алады. Демек, адамзат болмысындағы алғы шәрт - денениң өмир сүриўи, жасаўы (өмир сүриў, жасаў өмирдиң нызамларына, организмлердиң раўажланыў ҳәм өлиў циклларына, тәбияттың циклларына ҳ.т.б. сәйкес), оның кеминде жүдә зәрүрли (соның ишинде фундаменталлық) талапларын қанаатландырыў.

Бул бойынша бириншиден, материаллықтың руўхыйлыққа байланыслы бириншилиги дәлийлленеди, ойлаў ушын адамның денесиниң тиришилигин тәмийинлеў керек. Екиншиден, бул пикирден ҳәр бир жеке адамның ҳуқықына байланыслы әҳмийетли салдарлар шығады. Тийкарғы ҳуқық индивидлердиң тиришиликти, өзлерин-өзлери сақлаў ҳәм адамзаттың өзин-өзи сақлап қалыў, жасап қалыўы (выживание) болады. Адам аўқат, кийим, турақ жайға ийе болыўы керек. Бул адамзат әдалатлығы көз-қарасынан ғана емес, ал адамзаттың өмир сүриў, жасаў көз-қарасынан ҳәм дурыс.

Үшиншиден, адамның тәбийғый организм, тири дене сыпатында өмир сүриў, жасаў фактынан оның тиришилик нызамларына, ең алды менен нәсиллик нызамларына бағынатуғынлығын дәлиллейди. Демек адамзат болмысының тәбийий-биологиялық Ғөлшеми мененҒ абайлап қатнас жасаў

керек. Адам биологиясы - салыстырмалы өзинше ҳәм тутас дүнья, бирақ тәбияттың тутаслығына ҳәм жүдә енискен. Адам организминиң экологиялық балансын бузыў адам ушын қәўипли ҳәм қыйратыўшылық ақыбетлерге алып келеди.

Төртиншиден, философия адамның денеси менен оның қумарларының, толғанысларының, психикалық ҳалатларының арасындағы байланысты излейди.

Жеке адамның болмысы - дене менен руўхтың диалектикалық бирлиги. Денениң хызмет етиўи мийдиң ҳәм нерв системасының жумысы, ал олар арқалы индивидтиң психикасы, руўхый турмысы менен тығыз байланыслы. Руўхтың жумысы белгили дәрежеде адамның денесиниң саўлығынан ғәрезли. Мақал бар, саў денеде саў руўх. Руўхтың ҳәм роли жоқары.

Адам өзине-өзи тек биринши емес, ал «екинши тәбият». Ойлар ҳәм эмоциялар - адамзат индивиди болмысының тутас болмысының әҳмийетли тәрепи. Дәстүрий философияда адамды жийи-жийи «ойлайтуғын зат» деп түсиндирилетуғын еди. Бул адам болмысын анализлеўдеги биринши алғы шәртлердиң дәрежесинде дурыс. Адам, шынында да ойлайтуғын жеке зат сыпатында өмир сүреди. Р. Декарттың «Мен ойлап турыппан, демек жасап турыппан» деўинде жан бар. Р. Декарт мәселени былай қойған: адам болмысының спецификасын түсиниў ушын не әҳмийетлирек: адамның қәлеген басқа затқа уқсап я басқа затлардың ишинде жасаўы ма ямаса ойлаўдың арқасында (ойлаўды Декарт кең мәнисте түсинеди) адамның өзиниң өмир сүриў, жасаўы, демек ойлайтуғын адам сыпатында қәлиплесиўи туўралы пикир жүритиўге уқыплылығы ма?

Бесиншиден, тәбийғый талапларға ийе адамның тәбийғый тири дене болыўы менен өндиристиң ҳәм адамлардың қатнасығының (общение) арасында диалектикалық өз-ара байланыс бирлик бар.

Адамның өмир сүриўиниң, болмысының спецификасы үш түрли болмыслық өлшемге ийе. Биринширен, жеке адам ең алдынан ойлайтуғын ҳәм сезетуғын «зат» (дене). Соның менен бирге ол **Homo sapiens** ке тийисли ҳәм оның раўажланыўының, дүньяның эволюциясының мәлим басқышындағы индивидуаллық мақлуқ болады. Бул адам болмысының екинши өлшеми. Адам, сондай-ақ, социаллық-тарийхый мақлуқ. Бул адам баласының үшинши өлшеми. Бул адамзат өмир сүриўиниң үш өлшеми ҳәм адам болмысының тийкарғы минезлемелери.

Инсан болмысы болмыстың бир пүтин бирлигинде қандай әҳмийетке ийе ҳәм онда қандай орын тутады деген сораў философларды мудамы қызықтырып келди. Бул мәселени анықлаў жүдә зәрүрли. Ақыры философия тарийхында адамды майда бир қубылыс сыяқлы түсиндирген идеялар ҳәм концепциялар көп болды. Ҳәттеки адам родының болмысының өзи дүньяның шексиз искерлигиндеги «қысқаша» эпизод сыпатында ғана қаралады. Бүгинлигинде басқа идеялар (оларды тек философлар ғана мақуллап қоймаған) актуалласып тур. Бул бойынша миллион, жүз жыллап, он жыллап

адамның ҳәм адамзаттың тиришилиги уникаллық дәрежедеги «адамзатлық экспериментке» енискен. Ақыры, инсан дүньяда тек жасап ғана қоймайды, өзи жасап атырған дүньяны танып биледи ҳәм оған тәсир қылады, дүньяны ҳәм өзин өзлестирип, өзгертип барады, руўхый дөретиўшиликке қатнасады. Инсан бунда, ең дәслеп өз болмысын билиў ушын, өз болмысы оның тәғдири ушын толғанысқа түседи, қайғырады да. Соның ушын адам бир пүтин болмыс системасындағы өзиниң қарама-қарсылықлы ролин аңлап алыўы, өз болмысы ҳәм дүнья болмысы алдында өз жууапкершилигин сезиўи ҳәм атқарыўы зәрүрли. Әсиресе ҳәрбир адамның адамзат тегиниң (родының) болмысы ҳәм адамзат цивилизациясының тәғдири ушын жууапкершилиги ҳаққында мәселе қәўиплирек жағдайда турыпты. Бунда адамның руўхый раўажланыўы ҳәм ақылы үлкен роль ойнайды. Соның ушын руўхыйлықты айрықша болмыс сыпатында қараўдың әҳмийети жоқары.

Руўхыйлық - көп түрлиликтиң бирлиги, ол сана ҳәм санасызлық (санасызлық ҳәм өзиниң өмир сүриў, жасаў ҳәм көриниси бойынша ҳәр қыйлы) қамтып, тәбийғый тиллердеги ҳәм жасалма белги - символлық системаларда материалласып жәмлескен билимлерди өз ишине алады. Руўхый продукталарға ҳәм процесслерге, сондай-ақ, адамзат қатнасығының нормалары ҳәм принциплери киреди. Буларға әдеп-икрамлықтың, ҳуқық, көркем дөретиўшиликтиң норма ҳәм принциплери де киреди.

Әдетте Болмыстың формасындағы өзгешеликлерди есапқа ала отырып, руўхыйлықты екиге бөлиў мүмкин.

1. Руўхыйлықтың индивидуалласқан болмысы
2. Индивидуаллықтан тысқары объективлескен руўхыйлықтың болмысы

Руўхыйлықтың индивидуалласқан болмысы ең алды менен индивидтиң санасын өз ишине алады.

## 2.Индивидуал сана болмысы

Сананың өмир сүриў спецификасы оның процесслериниң ҳәрекетшеңлигинде. Сондай-ақ бул процесслердиң қәлеген сыртқы бақлаўдан жасырынлығында. Бул ағысты тиккелей услаўдың бир ғана жолы оның санасында болып атырған процесс туўралы индивидтиң өзиниң есабы. Сананың ағысын индивидуаллық толықлықта қайтадан тиклеўди еле адамлар үйренген емес. Ақыры сана жүдә тез өзгериске түсип отыратуғын тәсир, сезимлер, қайғы, толғаныслар, ойлар менен бирге бираз турақлы идеялардың, исенимлердиң, баҳалықлардың, установка, стереотип ҳ.т.б. жыйындысы сыпатында өмир сүреди.

Деген менен усындай хаотикликке, сананың ағысына қарамастан белгили тәртип, байланыс, бирлик, дүзилисинде, турақлылық ҳәм ғалабалық бар. Айтайық, сананың ағысынан оның жеке элементлери, фрагментлери, көринислери ғана алынады. Булар таза субъектив тәсирлер ямаса объектив нәтийжелер болады. Бирақ тарийхый раўажланыў процессинде адамлар өзлериниң санасы менен не болып атырғанын бақлаўды үйренеди, ҳәттеки

өзиниң ойлары, сезимлерин, санасының ҳалатын басқа адамлар менен талқылайды да. Буған адамзат қатнасығы ҳәм белгили дәрежеде мәдений ҳәм тийкарланған. Себеби мәдений жийи-жийи адамның ишки тәжрийбесине бурылған, бул тәжрийбени художниктиң айрықша сыпатлаў ҳәм түсиндириўине тийкарланган. Дурыс, бул жерде реаль қыйыншылық бар, адамның сапасын «тийкарғыда» услаў қыйын, әдебиятта ҳәм искусствода сана туўралы гәп олардың тилине «аўдарылған» жағдайда бериледи.

Руўхыйлықтың индивидуалласқан болмысының тағы бир спецификасы сонда, сананың конкрет процесслери жеке адамлардың туўылыўы менен пайда болып, өлими менен бирге өледи. Бул сананың искерлигиниң барлық нәтийжесиниң миннетли түрде өлиўин, жоқ болыўын аңлатпайды. Олардың екинши, индивидуаллықтан тысқары руўхый формаға өтетуғынлары, сондай-ақ қатнасық пайытында екинши адамларға берилетуғынлары сақланады.

Руўхыйлықтың болмысының индивидуалласқан формаларының «микродуньясын» психология изертлейди. Бул мәселе, бәрибир, сана туўралы илимлерге ҳәм философияда жетерли дәрежеде изертленбеген. Сананы жанапай бақлаўларға тийкарланған подходлар ғана раўажланған. Айтайық, адамлардың жүрис-турыслары ҳәм олардың өзлери туўралы олардың тийкарында жатырған мотивлер, мақсетлер, идеялар, ойлар туўралы пикир айтамыз.

Адамзат санасы туўралы белгили шеклерде сананы изертлеўдиң жанапай методлары (физиологиялық ямаса минез-қулықлық) эффектив түрде қолланылады. Бизиң әсиримизде адамзат мийи туўралы илим айрықша жетискенликлерге еристи. Деген менен тәбият таныў илимлериниң сана туўралы табыслары менен бәрибир, проблемалар шешилген жоқ, ал қыйынласты.

Сананың өмир сүриўи, жасаўы, сөз жоқ, мийдиң искерлиги, индивидтиң денесиниң өмир сүриўи менен байланыслы. Бирақ руўхыйлықтың индивидуалласқан формасы болмысының диалектикасы сонда, сана ҳәм оның барлық көринислери оның тәбийий-биологиялық процесслери болмайды.

Сананың элементлери ҳәм сананың өзи, әлбетте, мийдиң орайларының биринде локалласады. Бирақ олар (сананың элементлери ҳәм сана) кеңисликтен тысқарылыққа ийе. Ақыры ой, толғаныс ҳәм образ физикалық предметлер ҳәм, таза материаллық ҳалатлар ҳәм емес. Олар идеаллық дүзилис. Сана ўақыты ҳәм дүньяның физикалық ўақтында локалласып, спецификалық өзгешеликлерге ийе: ой барлық физикалық тезликлерде тез өтип, кеңислик ҳәм ўақыттың «алдына шығыўы» мүмкин. Адам өзи жасамаған дәўирлерди ойша «жаңғырта алады». Ядтың жәрдеминде адам санасы бүгингиге өткенди енгизиўи қыял ҳәм пикирлеўдиң жәрдеминде келешек туўралы ойлаўы, толғаныўы мүмкин. Бирақ адамның санасында ҳәзирги болады. Сананың өткени изсиз жоқ болады. Деген менен өткен

толғаныслар адамның психикасында сақланып қалады. Ўақты-ўақты сананың өткени актуалласады, қайтадан ҳәзиргиге айналады.

Адамның санасы бир ўақытта оның өзин-өзи аңлаўы, демек адам тәрепинен оның өзиниң денесин, ойларын, сезимлерин, жәмийеттеги жағдайын, басқа адамлар қатнасын, қулласы өзин айрықша ҳәм бирликли жеке адам сыпатында саналы түрде аңлаўы, тусиниўи.

Өзин-өзи аңлаў процесслери тәрпинен улыўма өзиниң санасының ағысынан бөлиниўи мүмкин, бирақ ол бул тутас ағыстан бөлек жасамайды. Өзин-өзи аңлаў - бизиң санамыздың өзинше орайы. Соның ушын ҳәм ири философлар (мәселен, Кант) адамды (жеке адамды) оның өзин-өзи аңлаўы менен бирликте қарады. Адамның «мени» ҳәм өзин-өзи аңлаў ажыралмас бирликте.

Индивидуалласқан руўхыйлық өзине санасызлықты (бессознательное) ҳәм киргизеди. Әлбетте бул мәселе тартыслы. Бәрибир еки сораў қойылады: санасызлық барма? Егер бар болса, ол қалай жасайды, өмир сүреди»

Көп ғана адамлар санасызлықтың барлығын жүдә мақуллайды. Ҳәтте оны индивидтиң психикалық искерлигиниң, оның руўхый тутаслығының зәрүрли тәрепи деп қарайды.

<u>Санасызлықтың биринши дәрежеси.</u> Адамның өзиниң денесиниң, оның гейбир қарапайым мәп, талап, зәриўликлерин қанаатландырыў бойынша функцияларын комбинациялаўдағы санасыз психикалық қадағалаўы. Бул қадағалаў автомат түрде (санасыз түрде) иске асады. Санасызлықтың механизминиң бузылыўы психикалық қыйыншылықларға алып келеди (мәселен, адам саў аяқлары менен жүре алмай қалды дейик). Гейбир тилеклер, нийетлер, түслер, патологиялық руўхый ҳалатлар (фобия, паранойя ҳ.т.б.) санасыз (ямаса азғана санасыз).

<u>Санасызлықтың екинши дәрежеси.</u> Бул адамның тәндар, сергек, зейинли, ҳәтте уйықламайтуғын ҳалатына уқсас процесслери ҳәм ҳалатлары. Бирақ олар сананың майданына енседе белгили ўақытқа дейин саналы түрде танып билинбеген, аңланбаған болып қала береди. Мәселен, күнделикли өмир бақлаўымыз бойынша «ой писип жетилди», «ой келип тур», «мен ойлап турман» деймиз ҳәм тийкарынан, ойдың, образдың санасызлықтың ишинде пайда болғанлығын ҳәм оның соңғы аңланыўын анықлаймыз. Буған аўыр, қәўип-қәтерли тәсирден, информацияның шектен тысқары көлеминен қорғаныў ушын «қысып шығарылған» адамның қысыныспалары, қайғырыўлары ҳәм киреди.

<u>Санасызлықтың үшинши дәрежеси</u> руўхтың адамның жанында писип жетилискен ой-пикирлеринде, гейпара көркем, илимий, философиялық ҳәм басқа да интуицияларда көринис табады. Бул процесслерде санасызлық сана менен, адамның сезимлериниң ҳәм ақыл-ойының дөретиўшилик энергиясы менен, сана менен өтлесип кеткен.

Санасызлық проблемасындағы қарсылық ҳәм қыйынлық сонда, санасызлықтың жеке фрагментлери ғана көринис табады. Олар ҳәм болса

психикалық процесслерди сананың тутыўы түринде болады. Бәрибир дыққат қойып бақлаўлар, оның үстине, әсиресе психиатрлардың, психологлардың, философлардың, жазыўшылардың дөретиўшилик процессти, түс көриў, психикалық патология ҳ.т.б. бақлаўлар санасызлықтың барлығын мойынлатып, оны анализлеўди талап етеди.

Индивидуалласқан руўхыйлықты айрықша болмыс сыпатында қарай отырып, оны философия адамның болмысы ҳәм дүньяның болмысы менен байланыста қарайды. Дүньяның болмысында индивидуалласқан руўхыйлықтың, болмысының орнын анықлаў менен дәстүрий ҳәм ҳәзирги тәлийматлардың (тәлиймат ўәкиллери, айтайық, Р. Декарт, И. Кант, М. Хайдеггер, Ж. П. Сартр) индивидуалласқан руўхыйлықтың адамзаттың өмир сүриў, жасаў формаларының басқалары менен салыстырғанда өзинше артықмашылығы көринис табады.

Индивидуалласқан руўхыйлықтың болмысы индивидтиң болмысының әҳмийетли тәрепи. Шынында да, адамның денеси болмаса (демек тәбият өзиниң эволюциясын әмелге асырмаған ҳәм болар еди), адамның санасы тап усы бүгинги дәрежеде болмаған болар еди. Дурыс, адам «санасын жоғалтады», бирақ жасайды. Бирақ бул норма емес. Адамның өмир сүриўи санасызлықтан ҳәм ғәрезли.

Индивидуаллық сананың болмысы (санасызлықтың ҳәм) болмыстың тек салыстырмалы өзинше формасы ғана. Индивидуалласқан руўхыйлық жәмийетлик адамда локалласқан, тийкарынан жәмийеттиң болмысы ҳәм тарийхтың раўажланыўы менен белгиленген руўхыйлықтың айрықша бир түри болып табылады. Усы себепли ҳәм индивидуаллық ҳәм индивидуаллықтан тысқары руўхыйлық соншелли өтлескен, олар бири екиншисине ағылып турады. Конкрет адамның санасын улыўма руўхый искерликтиң нәтийжелери оннан «сыртқа шығыў» арқалы ғана ажыралады. Мине сонда руўхыйлықтың екинши типи - объективлескен (индивидуаллықтан тысқары) руўхыйлық пайда болады.

Индивидуалласқан руўхыйлық мийдиң, орайлық нерв системасының, пүткил организмниң локалласқан ҳәм материалласқан турмысының көринисинде сананың ҳәм санасызлықтың тиккелей индивидуаллық қайталанбас процесслери түринде өмир сүреди. Соның менен бирге руўхыйлықтың материалласыўының сондай формалары бар, олар адамзат мәдениятының тийкарында пайда болады ҳәм оның индивидуаллықтан тысқары формаларына тийисли болады. Оғада универсаллары руўхыйлықтың тәбийий ҳәм жасалма, белгилилик-символикалық өмир сүриўлериниң жәмлениўи.

Шынында да тил - руўхыйлықтың индивидуалласқан ҳәм объективлескен бирлигиниң жарқын мысалларының бири. Тилдиң ҳәм сананың, тил ҳәм ойдың байланысы гүмансыз. Ақыры тил ойдың ҳақыйқатлығы-ғой. Басқаша айтқанда, тил арқалы сананың жумысының жеке нәтийжелери, фрагментарлыққа ийе процесслери сыртқа шығады,

объективлеседи. Соның менен бирге ҳәриплер (сеслер), сөзлер, гәплер, текстлер, структуралар, қәделер, раўажланған тилдиң бай вариантлары - бул реаллық. Ол сондай-ақ жеке индивидлердиң, адамлардың аўладларының санасынан бөлекленген. Бул реаллық оларға адамзат мәдениятында, адамзаттың «ядында» сақланған айрықша дүнья сыпатында берилген. Адамзаттың, мәденияттың тиллик яды объектив өмир сүриўши естеликлердиң (жазба, соң ала сеслик) ҳәм бул тилде сөйлеўши ҳәм жазыўшы көп ғана конкрет адамлардың актуал ядының қурамалы бирлиги. Усылардың арқасында тил тутаслық сыпатында байыйды, өзгереди, сақланады, демек жасайды.

Тилдиң мысалында көринип турыпты, объективлескен формалар индивидуалласқан формалардың рамкасында, ең алды менен санада (санасызлықтың ишинде ҳәм коллективлик санасызлық түринде) пайда болады ҳәм «жумыс ислейди».

Айтайық, адам әййемги ўақытлары дөңгелек идеясын ойлап тапты дейик. Биринши дөңгелектиң жасалыўы менен идеяның дәслеп реаль дөңгелекте «предметлесиўи», ал соңынан бул идея өзинше, еркин өмир сүриўин даўам еттиреди. Ол дөңгелек туўралы билимлерде енисти, ол әўладлардың практикалық тәжрийбеси арқалы бериледи. Солай етип өлетуғын адамлар өлмейтуғын идеяны пайда етти. Ол сананың индивидуаллық процессинен ҳәм ҳәрекетинен бөлекленди. Идеяның өмир сүриўи басланды.

Идеялар, әлбетте адамның ҳәм адамзаттың раўажланыўы менен өзгереди. Ең баҳалы идеялар таңлап алынады, тутас алғанда адамзат цивилизациясының ҳәм мәдениятының руўхый байлығын қурайды. Бул объективлескен (индивидуаллықтан тысқарыланған) руўхыйлықтың өмир сүриўиниң, жасаўының айрықша усылын характерлейди. Ол ҳәм мисли индивидуаллық руўхыйлық сыяқлы, миннетли түрде материалласады. Руўхыйлықтың бул еки түри ҳәм тәбийий ҳәм жасалма тиллердиң сөзлеринде, сеслеринде, белгилеринде материаллық түрде жәмленеди. Руўхыйлықтың материаллық «алып келиўшилери» - булар материаллық предметлер ҳәм процесслер (китаплар, сызылмалар ҳәм формулалар, проектлер, холстлар ҳәм картиналардың бояўлары, статуялардың мрамор ҳәм бронзасы, фильмлердиң пленкалары, ноталар, музыкалық әсбаплардың сести ҳ.т.б.). Бүгинлигинде социаллық ядты пайдаланыў ҳәм сақлаў функциялары жийи-жийи ҳәзирги заманагөй машиналарға берилген. Бул нәрсе объективлескен руўхыйлықтың дөгерегине жәмленген сананы ҳәм билимди изертлеўдиң ролин жоқарылатады.

Солай етип, идеялардың, ойлардың, баҳалықлардың сыртқы жәмлениўи ҳәрқыйлы, бирақ олар бар. Бул бойынша ҳешқандай объективлескен жәмлениўден азат «таза» идеялар, баҳалықлар болыўы мүмкин емес. Әлбетте Платонның Ийгилик, Шынлық, Сулыўлық ҳ.т.б. идеяларының қәлеген материядан бөлек жасаўы туўралы көз-қарасы қаншелли

мистификацияланған болыўына қарамастан, бул идея өзинен-өзи қурғақ орында пайда болған жоқ. Ол көпшилик жағдайда реаль процесслерге сүйенилген. Бул дөңгелек идеясынан ҳәм көринип турыпты. Платонда усыған уқсас идея бар. Мәселен, ол былай пикир етти, ийиретуғын мәки (ткацкий челнок) бузылыўы, ҳәттеки жоқ болыўы мүмкин. Ал мәки идеясы (мәселен, оны ислеўдиң ойланылған принципи) өткинши емес. Ол ҳәмме жерде ҳәм ҳәмме ўақыт мәкини таярлаў зәрүрлиги болған жерде бола береди.

Ал сулыўлықтың идеалы идеясы, ал адалат идеясы, шынлық идеясы. Сулыўлық, ийгилик, жақсылық, шынлық туўралы көз-караслар өзгериўине қарамастан көркем өнерлик, әдеп-икрамлық, илимий дөретиўшиликти тәртипке салатуғын улыўмаластырылған көз-караслар, өлшемлер ҳәм нормалар улыўма қәлиплести. Идеялар дүньясы байыды. Бирақ бул оның абсолют дәрежеде еркинлигин аңлатпайды. Идеялар болмысы тәбияттан ҳәм адамзат дүньясынан бөлек емес, ол баста-ақ тутас болмыстың ишине киреди.

Объективлескен руўхыйлықтың болмысының спецификасы сонда, оның элементлери ҳәм фрагментлери (идеялар, идеаллар, нормалар, баҳалықлар, ҳәр қыйлы табиийй ҳәм жасалма тиллер) сақланыў, жетилиў ҳәм социаллық кеңисликте ҳәм тарийхый ўақытта еркин орын алмастырыў уқыбына ийе.

Руўхыйлықта әдеп-икрамлық принциплер, нормалар, идеаллар, баҳалықлар, мәселен, сулыўлық, әдалатлық, шынлық идеялары айрықша ролге ийе. Олар индивидуалласқан ҳәм объективлескен руўхыйлық болып өмир сүреди. Бириншиде жеке адамның руўхый структурасын белгилейтуғын мотивлер, тилеклер, мәденияттың қурамалы комплекси, ал екиншиде илимде, мәдениятта, массалық санада жәмленген идеялар, идеаллар, нормалар, баҳалықлар ҳаққында болып отыр.

## 3. Сана философиялық проблема сыпатында

Әлбетте болмысты изертлеў дүньяның тутаслығын түсиниўдиң алғы шәрти ғана. Алғы шәртти анықлаўдан тиккелей дүньяның бирлигин, оның толықлығын да изертлеўге өтиўимиз керек.

Айтайық, болмыстың бас сфераларын (тәбият, жәмийет, сана) бөле отырып, бул сфераларға кирген қубылыслардың, ўақыялардың, процесслердиң көп түрлилиги гейбир улыўма тийкарға бирлескен екенлигин есапқа аламыз. Соның менен бирге бул сфераларды бириктирип турған улыўмалық барма, пүткил көп түрли дүньяның бирлиги туўралы айтыў мүмкинбе деген сораў пайда болады.

Сананың келип шығыўы мәселесин қарағанда, бириншиден узақ аралықты қамтыйтуғынлығы, екиншиден сананың архаикалық форма ҳәм фактлары тиккелей берилиўи мүмкиншилигине ийе емес.

Сананың пайда болыўы мәселесин адамның практикалық искерлигиниң характерине сәйкес дәрежеде түсинбеў мүмкин емес. Адамзат искерлигиниң айырықшалықларынан сананың айырықшалығы келип шығады. Усы себепли

ҳәм ҳайўанларда ҳәм адамларда сәўлелениўдиң принципиаллық айырықшалығы олардың искерлигиниң характери менен байланыслы.

Ҳайўанлардың элементар ойлаўының базиси - олар әмелге асыратуғын биологиялық искерлик. Айтайық, антропоидларға эксперимент пайытында олардың жаңғақты тас пенен бузыўы, таяқларды термитниклерде тесикти кеңейтиўде рычаг сыпатында пайдаланыўда ҳ.т.б. буған дәлийл. Деген менен ҳайўанлардың, ҳәттеки маймыллардың қураллы искерлиги жүдә сийрек, эпизодлық характерге ийе. Ойлаўдың урығы антропоидларда бар. Ол ҳәм болса, мәселен, маймылларда қыйын емес мәселени шешиўде, улыўмаластырыўдың қарапайым формаларын әмелге асырыўда көринис табады. Анализ, синтез, абстракция улыўмаластырыў ҳақыйқый абстрактлы идеаллық формада болмайды.

Раўажланыўдың жоқары точкасына ҳайўанлар австролопитеклерде (адамлардың алды) жетеди. (Мәселен, қазыў барысында табылған тик жүретуғын адам тәризли маймыллар, олар буннан 1, 5-5 млн. жыл бурын жасаған).

Австролопитеклердиң жүдә раўажланған дәўиринде (адамлардың алдының соңғы дәўири) олар қарапайым тас қуралларды таярлап баслайды. Бул қураллар 2, 6 млн. (Туркан көли, Кения), 2, 5 жыл (Заир), 2, 1 млн. жыл (Омо, Кения дәрьялары) ҳәм 1, 75 млн. жыл (Ольдуван жыралары, Танзания) бурын таярланған. Изертлеўдиң көрсетиўинше бундай қуралларды жасаў техникасы шәртли - рефлекторлық искерлик рамкасында ҳәм мүмкин.

Булар менен салыстырғанда әййемги адамларда (архантропларда) бираз илгерилеў бар. Ақыры, мийнет қуралларында ақ, мәселен қол рубилоларды таярлаў ушын турақлы көз-қарас, келешектеги қуралдың образлары талап етиледи. Ойлаўда себеплик ахыбетлик байланыслардың идеялық образын абайлаў мүмкин. Бул басқыште қарапайым сөйлеў пайда болады, ҳәзирги адамның сөйлеў искерлиги менен байланыслы мийдиң участокларында интенсив өсиў сезиледи.

Ал, палеоантроплар (әййемги адамлар) этабында, шамасы улыўмаластырылған көз-қараслар, қарапайым пикирлер ҳәм жуўмақлар пайда болады. Бул дәўирлерде диний ҳәм эстетикалық көз-қараслардың басламалары пайда болады. Буны неандертальлардың жерленген жеринен табылған мағлыўматлар дәлиллейди.

Қулласы, сана еле өзгешеликке ийе емес ҳәм ол материаллық искерликке енисип кеткен. Тек ғана практиканы меңгериўдеги бир ярым миллион жыл аралығында практикалық ҳәрекеттиң логикасы ойдың ҳәрекетиниң логикасына айналады. Солай етип материаллық, практикалық искерликтиң сананың ҳәм ойлаўдың қәлиплесиўиндеги әҳмийети анық. Бул усы бүгин соқыр, тас гереӊ балалардың өзлерине өзлериниң хызмет етиўи барысындағы алынған нәтийжелер менен дәлийлленип отыр (А. И. Мещеряков, А. И. Соколянский методикасы). Бул процессте соқыр, тас гереӊ, гүң балалар материаллық ҳәрекеттиң «логикасын» меңгерип алған.

Ҳәзирги илимде усы бүгинге дейин үлкен ярым шарлардың нейронларының қурамалы жыйындысы сананың ҳәм ойлаўдың пайда болыўына алып келетуғынлығы жүдә анық емес. Бул бир. Екиншиден, бул клеткаларда өтетуғын психофизикалық процесслер ең соңында психикалық искерлик ҳәм адамның ақыл-ойы сыпатында белгиленип, түсиниклердиң, қыйын искерликтиң, яд, болжаўлардың пайда болыўын қалайынша алып келеди деген мәселе ҳәм анық емес.

Физиологиялық процесслер мийде ҳәм нерв системасында өтип, материаллық процесслер бола алады. Оларды приборлардың жәрдеминде бақлаў мүмкин. Бирақ сана ондай емес. Бул жерде сананың информация менен аналогиялық мүмкиншилигин анықлаў мүмкин.

Мәселен, информация физикалық сигналдың жәрдеминде берилгени менен ол мазмуны бойынша сигналдың физикалық қәсийетлери бола алмайды.

Мийдиң физиологиясын изертлеген Нобель сыйлыгының лауериаты Роджер Сперридиң пикиринше бас мийдиң функционаллық асимметриясында мынадай принцип бар. Шеп ярым шар - логикалық, абстракт ойлаўдың, оң ярым шар - конкрет - образлық ойлаўдың базасы. Бул бир, екиншиси, бир индивидте «еки адамның» болыўын Р. Сперри адамлардың ойлаўының ҳәм минез-қулқының гейбир дағдыларының бөлек сәўлелениўи менен байланыслығын айтады. Бас мийдиң оң ярым шарын басқаратуғын адамлардың бөлеги шеп ярым шарды басқаратуғынларға қарағанда конформизмге жақынырақ.

Мийдиң нейронлық шөлкеми ҳәм ондағы өтетуғын процесслер, бир жағынан адамның руўхый дүньясы, екинши жағынан бир-бири менен байланыслы, бирақ бир-биринен айырылып туратуғын қубылыслар. Олар бир-бирине мисли зат ҳәм оның қәсийети, орган ҳәм функция, процесс ҳәм оның нәтийжеси болады. Айырмашылық сонда мийдиң нейродинамикалық процесслери материаллыққа ийе болса, ол пайда ететуғын руўхый қубылыслар, сезимлер, ойлар кеширмелер, эмоциялар-идеаллыққа ийе.

Сана мийсиз болыўы мүмкин емес. Тағы бир шәрт - социаллық орта, ақыры адам-биопсихосоциаллық қубылыс.

Адамлардың социумдағы оз-ара тәсири, олардың мийнет искерлигинде қарым-қатнасы жеке адамның ҳәм пүткил социумның ҳәм санасының пайда болыўына беккемлениўине ҳәм раўажланыўына жағдай жасайды. Информацияның алыныўы, оның берилиўи, сақланыўы ҳәм пүткил социум тәрепинен пайдаланыўы зәрүрли болып табылды. Соның ушын сана ҳәм мийнеттиң зәрүрлиги тийкарында ақыл-ойға сыйымлы сөйлеў, тил пайда болды.

Сана қәлиплесиўиндеги бас социаллық роль мийнет процесине тийисли.

Қулласы, рух, ойлаў, ақыл-ой - адамның жәмийетлик мақлуқ сыпатында функциясы. Адам социаллық қатнаслар системасын алып келиўши, жәмийетлик өмирдиң ҳәм практиканың субъекти.

Мийнет искерлиги ҳәм сөйлеў, адамзат тили адамның ой-өрисин кеңейтип, оның руўхыйлығын раўажландырды. Адамларда кем-кемнен өзиниң болмысын саналы түсиниў, өзиниң дүньядағы орнын, тәбиятқа, жәмийетке қатнасы бойынша саналылық пайда болады. Мийнет практикасын сөйлеўдиң раўажланыўы ҳәм жетилиўи арқасында адам тәбият нызамларын таныпбилип, жоқары илимий дәрежедеги абстракциялаўға өте алады.

Тил адам билимлерин сақлайтуғын ҳәм оны толықтырып туратуғын функцияны атқарады.

Тил социаллық тәжирийбени жеткизеди, адамзаттың тарийхый раўажланыўындағы үзиликсизликти тәмийнлейди. Адамның ойлары, идеаллары, көз-қараслары сөзге айланады. Тил ҳәм сана бирге өмир сүреди. Тил ойдың белгилилик көриниси. Жәмийеттиң раўажланыўы менен тил ҳәм раўажланады

Мийнет ҳәм тил менен бирликте сананың раўажланыўында сиясий, хуқықый, әдеп-икрамлылық, тәрбиялық, басқарыў, шөлкемлестириў, билиўлик аспектлер ҳәм бар.

Адамның санасын қәлиплестиретуғын социаллық процесслер, оның ҳәм материаллық ҳәм руўхый тәреплери бир-бири менен актив өз-ара тәсир етеди. Пүткил социумның, топарлық сананың (миллий-диний, профессионаллық ҳ. т. б) тәсиринде болады.

Жәмийетлик пикир, жәмийеттиң санасы жеке адам тәрепинен тиккелей емес, мәденияттың, илимий, идеологиялық, массалық информация ҳәм коммуникация қураллары арқалы қабылланады. Солар арқалы жеке адам болып қәлиплеседи.

Адамның санасы, оның қурамлы руўхый дүньясы, ақыл-ойы қурамалы дүзилиске, ишки шөлкемге ийе. Жеке адамның тийкарғы стуктуралық элементи бул - оның психикасы, ҳәттеки санасы-адамзат психикасының жоқарғы көриниси. Жоқары ҳайўанлардың дәрежесиндеги психика қурамалы, сыртқы шәраятларға бейимлесиў, мақсетке муўапық искерлик, бай, раўажланған ядтың элементлери сыпатында пайда болады. Бирақ жүдә уқыплы «талантлы» деген ҳайўанлар ҳәм өзлериниң талапларын ҳәттеки тас я таяқ сыяқлы қарапайым мийнет қуралларын пайдаланғанда ҳәм таяр тәбият продукталары менен қанаатландырады. Егер ҳайўанлардың өзин қоршаған орта менен өз-ара тәсири, тийкарынан олардың денелик питими анотомиясы ҳәм физиологиясы арқалы белгиленсе, адамның санасы психиканың көринисиниң жоқарғы формасы сыпатында адамзат болмысының жәмийетлик уйымласыўының тәсиринде әмелге асады.

Адамның психикасы оның психикалық складын, характер, темперамент, уқыпларын, баҳалаў ориентацияларын, өз-ара анализлеўин ҳәм өзин өзи баҳалаўын, ойлаўдың индивидуаллық стилин ҳәм турмыслық укладын белгилейди.

Психика өз ишине сананы, сондай ақ адамның санасынан қадағалаўдан тысқарыда болатуғын оның ишки дүньясының подсознание деп аталатуғын белгили қатларын ҳәм қамтыйды.

Әлбетте сана - бул система. Ишки дүзилиси, типлердиң иерархиясы, дәреже, формаларға ийе. Олар; сезимлер, ойлар, эмоциялар, ерик ҳәм яд ҳәм олардың тутаслығы.

Бул элементлердиң ҳәр бири адамның болмысының конкрет тарийхый шараятлары менен белгиленеди. Айтайық, сананық информациялық функциясының әмелге асыўы ушын ең алды менен сезимлик ҳәм ойлаў қураллары, информациялық сапасын ҳәм мазмунын баҳалаўда эмоциялар иске түссе, сырттан алынған нәтийжелерди әмелге асырыў ушын яд ҳәм ерик зәрүрли.

Сезиў. Адамның сезиўлери, сезимлери ҳәм ойлаў сыртқы дүнья туўралы тийкарғы информация алып келиўшилер. Сезиў, көриў, тактиллик, сеслик, дәм сезимлери адамға бул дүньяда бағдарланыўда үлкен роль ойнайды. Бул сезиўде бизди қызықтырған объекттиң орны, түри, иийси, қаттылығы, температура ҳәм т. баскада қәсийетлери информация береди.

Қабыллаў процесинде объект тутас алынады. Оның ўақытлық - кеңисликлик минезлемеси ҳәм идеаллық образдың материаллық прообраз бенен салыстырылыўы, демек қабыллаўдың объекти менен салыстырылыўы қамтылады.

Эмоциялар сананың дүзилислик элементи сыпатында қубылысларға ҳәм ўақыяларға унамлы ҳәм унамсыз қатнасты, оларға алдын-ала исенимлик қатнас (үмит, қуўаныш, қорқыў ҳәм тағы да басқа) я бийтәрепликти болдырады. Айтайық, адамды исендириўге умтылыў, тартысыў, қайғырыў я эмоционаллық шок, эффект ҳалатында болыў (қызғаныў, жеккөриў, жақтыртпаў), стресс я фрустрация (езилген ҳалат) эмоциялардың информациялық әҳмийети субъекттиң, объекттиң баҳалаў қатнасында ҳәм көринеди (жақсы-жаман ҳ. т. б).

Ерик. Субъекттиң ериклик регуляциясы объектив шараятлар менен субъектив мүмкиншиликлерди ажыратыўда көринеди. Ерик жеке адамның таңлаўында көринис табады. Ериксиз сана акти әмелге аспайды. Әсиресе субъект истиң көзин билип шешимге келсе, ериктиң еркинлиги болғаны.

## Тийкарғы әдебиятлар


1. Фалсафа асослари. Назаров Қ таҳрири остида. – Т.: Шарқ, 2005
2. Шермухамедова Н.А. Гносеология. – Т. ЎФМЖ. 2007
3. Falsafa. Ahmedova M. Tahriri ostida – T.: OFMJ, 2006.
4. Шермухамедова Н. А. Фалсафа ва фан методологияси. – Т.: Университет, 2005.
5. Шермухамедова Н.А. Гносеология билиш фалсафаси. – Т. ЎФМЖ.2011

**4-Тема: Инсан болмысында дүньяға илимий көз-қарастың орны**

**Режеси:**

1. Дүньяға көз қарас ҳәм илим
2. Инсанның дүньяға көз караслық идеаллары ҳәм өмирлик позициясы
3. Инсанның дүньяға илимий көз қарасын қәлиплестириў тийкарлары

**Таяныш сөзлер:** *инсан, инсан болмысы, дүнья, дүньяға көз-қарас, дуньяға көз-қарастың типлери,идея, илим, билим*

## 1. Дүньяға көз қарас ҳәм илим

Дүньяға диний көз қарас өзиниң мазмуны ҳәм усыллары менен илимге қарсы болып, ол илим менен үйлеспейди. Бирақ илимий билимниң раўажланыў процесси, әсиресе XIX – әсирден баслап , дүньяға диний көз қарастың ўәкиллерин өзлериниң дүнья ҳаққындағы концепцияларына тәбийий илимлердиң дара берилгенлерин киргизиўге мәжбүрледи. Бундай қатнас өзгешеликке ийе болып, ол диндеги ең баслы мазмунды айланып өтиўи тийис еди, буған қосымша, ол тәбийийликтен жоқары кәраматлы күшке исенимди күшейтиўи, беккемлеўи керек еди.

Жәмийетлик сананың тараўларының өз-ара тәсир етисиўи ҳәм адамзаттың руўхый мәдениятының интеграцияланыўы дүньяға диний көз қарастың мазмунына көп өзгерислерди киргизди.

Илимий билим илимнен қашық болған, күнделикли тәжирийбе менен шекленетуғын – күнделикли дүньяға көз қарасқа да өз тәсирин тийгизеди. Күнделикли әмелият тараўына да илимниң түсиниклери ҳәм елеслери кирип бармақта. ғалаба хабар қураллары арқалы күнделикли санаға Қуяш системасының дүзилиси, адамның келип шығыўы, атом энергиясының тәбияты ҳәм т.б. ҳаққында улыўма мағлыўматлар сиңдирилмекте. Булардың барлығы адамлардың тек ғана шаңарақлық-турмыслық искерлиги менен шекленген индивидуаллық, инсанлық көз карасларына тәсирин тийгизеди. Бундай көз қарас илимниң тәсири астында кеңеймекте.

Б.Кедров, А.Ракитов, Г.Рузавин, ВУ.Ильин ҳәм басқа да илимпазлардың минетлеринде илимий билимниң илимий емес билимнен парқын көрсетиўши өлшемлери берилген. Мысалы ушын, В.Ильин теориялық илимий билимниң теориялық-билиўлик өзгешеликлерин көрсететуғын белгилерине шынлық, интерсубъективлилик, системалылықты киргизеди. Илимий билимдеги шынлық жеткиликли тийкар принципи менен байланыслы. Интерсубъективлилик белгиси билим тараўының улыўмаәҳмийетлилик, улыўмаминнетлилик, улыўмалық қәсийетлерин аңлатады. Илимий билимниң системалылығы бул билимниң өзгеше системалық дүзилиске ийе екенлигинде көринеди. Бул белгилердиң ҳәр бири өз алдына илимий билимниң гносеологиялық тәбиятының

анықлылығын Бере алмайды. Тек ғана үш белгиниң биргеликте ислетилиўи теориялық билимниң илимийлилигин анықлайды.

А.Кезинниң пикири бойынша илимийликтиң минимал дәрежедеги өлшемлерине проблемалылық, предметлилик, жеткилилик, интерсубъективлилик тексериўшеңлик ҳәм системалылық киреди.

Бул белгилерди философиялық дүньяға көз қарас менен илим арасындағы өз-ара байланыста көриўге болады.

Философия ушын оның илимге қатнасында илимнен келип шығатуғын оның хабарға болған ашықлығы үлкен әҳмийетке ийе. Егерде дин, күнделикли сана сыяқлы дүньяға көз қарастың түрлери илимнен узақта болып, оның тәсирин өзинде сезсе, философия болса ең әўел бастан илимий билим менен биригиўге ҳәм де илимди философиялық билим менен тәмийинлеўге қаратылған. Тәбийий-илимий хабар, мағлыўмат философияның жәмийетлик сананың формасы сыпатындағы ажыралмас атрибуты болып табылады. Ҳәзирги дәўирде филлософиялық билимниң қурамына тәбияттаныў илимлериниң барлық тийкарғы идеялары (космогониялық болжаўлар, зат ҳәм майданның өз-ара байланыс идеясы, энергияның сақланыў ҳәм алмасыў нызамы, органикалық дүньяның эволюциясы идеясы, өмирдиң молекулярлық-биологиялық тийкарлары идеясы ҳ.т.б.) киреди. Бул жерде философиялық дүньяға көз қарастың баслы структуралары бурынғысынша қала береди. Оларға философиялық категориялар ҳәм нызамлар, философияның тили киреди. Олар философияға илимниң тилиниң кириўине тосқынлық жасамайды, керисинше, илимниң тили менен байланыста конкретлирек, мазмунлырақ болады.

Анаў яки мынаў жеке илимлик билимлердиң философиялық дүньяға көз қарастың қурамына кириўи философия ҳәм илимниң дүньяға көз қарастың рационаллық, түсиниклик, логикалық жақтан дәлилленген формалары болғаны ушын емес, ал философияның өзиниң генезиси жағынан илимнен ажыралмас болғаны ушын, буған қосымша дүньяның бир пүтин илимий картинасын (көринисин) ислеп шығыў ушын зәрүрликке ийе болғанлығы менен анықланады. Бундай дүньяның көриниси тәбияттың ҳәм социаллық дүньяның белгили бир тәреплерин үйренетуғын жеке илимлердиң берилгенлерин улыўмаластырмай турып иске аспайды.

Физикалық илим дүньяның физикалық көринисин бериў уқыплылығына ийе. Илим тарийхында дүньяның механикалық, электродинамикалық, квантлық-майданлық көринислериниң орын ийелегенлигин бул жерде еске түсирсек болады. Бул жерде анаў яки мынаў илимлердиң тараўлары тәрепинен берилген улыўма пикирлерди дүньяның көриниси деп айтыўға болады ма деген терминологиялық сораў туўылады. Ондай жағдайда бундай дүньяның көринислери ҳәдден тыс көп болып кетпейме, олар өз

гезегинде тәбияттың бирлиги ҳаққындағы елеслердиң шөлкемлесиўиниң бузылыўына алып келмейди ме деген де сораўлар пайда болады. Булардың ҳәммесине Р.Карпинскаяның пикири менен жуўап бериўге болады. Оның айтыўынша, тек ғана физика, қәлеген материаллық процесслердиң фундаменталлық тийкарлары менен ислесиўине байланыслы билиўдиң ҳәм дүньяға көз карастың раўажланыўы ушын қандай да бир сөзсиз продуктивлик, идеаллық сызылмасын дөретеди ҳәм оны дүньяның физикалық көриниси деп атаўға болады. Дүньяның геологиялық көриниси, дүньяның географиялық көриниси, дүньяның метеорологиялық көриниси ҳәм қәлеген басқа көринислер илимлердиң дифференциациясының ең жоқары дәрежесинде ҳәм олардың шегаралас илимлердеги интеграцияланыўында мүмкин бе. Дүньяның дара көриниси деген түсинигҳимиз, бизлердиң пикиримизше, мәнисин жойтады. Қәлеген илим объективлик реаллықты билиўге оның белгили фрагментин үйрениў арқалы өзиниң үлесин қосады деген фактымыз дүньяның көриниси түсинигин майдалаў ушын, олардың шексиз көплигин дөретиў ушын аргумент бола алмайды. Дүньяның бир пүтинлигин үйренген ўақытлары, бизлер олар менен не ислеў кереклигинде билмеймиз.

Бул Р.Карпинскаяның келтирген пикирлери дыққатқа, бизлердиң пикиримизше ылайық деп ойлаймыз. Дүньяның көриниси деп ҳәр қыйлы жеке мағлыўматларды бириктириўге болмайды. Бул түсиник дүньяға көз караслық мәниге ийе.

## 2. Инсанның дүньяға көз караслық идеаллары ҳәм өмирлик позициясы

Бизиң пикиримизше, қәлеген илим билимлерди системаластырыўдың ең жоқары дәрежесине ийе болыўы тийис. Физика, биология, химия, кибернетика сыяқлы айрым фундаменталлық илимлер материаллық ҳақыйқатлықтың кең тараўларын қамрап алыў уқыплылығына ийе, ал олардың бул тараўлар яки ҳәрекет етиўши материяның формалары ҳаққында улыўмаластырылған елеслери дүньяның көринислери деп аталыўы мүмкин. Физикалық илимниң берген мазмунын дүньяның көриниси деп айтыўға жеткиликли тийкардың өзи жоқ, ал химияның яки биологияның бергенин биз дүньяның көриниси деп айта алмаймыз. Себеби физика басқа жеке илимлер сыяқлы өзиниң дүньялық көринисинде шекленгенликке ийе. Егерде дүньяның көринисине биологиялық системалар, барлық органикалық тәбият, Адам, социаллық ҳақыйқатлық киргизилмесе, оны дүньяның көриниси деп айтып болмайды.

Егер бизлер дүньяның физикалық көриниси ҳаққында пикир жүргизсек, онда физикалық реаллықтың улыўма көриниси ҳаққында, ҳәрекет етиўши материяның физикалық формасы ҳаққында айтылып атыр деп түсиниўимиз керек. Бундай жағдайда дүньяның биологиялық көриниси

дегенимиз биологиялық реаллықтың улыўма көринисин аңлататуғынлығын бийкарламасақ та болады.

Дүньяға философиялық көз қарастың (жәмийетлик сананың формасы сыпатында) дүньяға жеке илимий көринислерден парқы оның дүньяның улыўмаластырылған көринисин ислеп шығыўы менен белгиленеди. Онда фундаменталлық теориялық илимлердиң тийкарғы белгилери синтезленеди ҳәм дүньяның барлық негизги жеке илимлик көринислери интеграцияланады (бириктириледи). Дүньяның философиялық көринисиниң жеке илимлерден парқы, бириншиден, барлық тәбият ҳәм жәмийетти өз ишине қамтыўшы билимлердиң улыўмаластырылыў, генерализацияланыўының жоқары дәрежеде болыўында, екиншиден, адамның дүньядағы орнына қатнасын анықлаўда, яғный билимниң бул системасында Адам ҳәм дүньяның өз-ара қатнасы көринислери ҳаққында билимниң болыўында көринеди.

Солай етип, илимлердиң тәбият ҳәм жәмийет ҳаққындағы берилгенлерине тийкарлана отырып, философиялық дүньяға көз қарас өзиниң мазмунына қарап олар менен барабар алып қаралмайды. Оның, қәлеген дүньяға көз қарастағыдай, өзине тән өзгешелиги бар. Ол дүньяға көз қарастың басқа формаларына салыстырғанда өзиниң илимге бағдарланыўы менен парықланады. Философия илимге қатнаста өз алдына жәмийетлик сананың формасын береди ҳәм илим менен тығыз байланыста болады. Бул жерде бир пүтин адамзат мәденияты рамкасындағы бир бирин талап ететуғын, бир бирин толықтыратуғын өз алдына ғәрезсиз өмир сүретуғын жәмийетлик сананың формаларын биз дыққатқа алыўымыз керек.

Дүньяға көз қарастың ҳәр қыйлы функциялары тиккелей яки қыя түрде адамның, жәмийеттиң руўхый талапларын қанаатландырыўға, жәмийетлик раўажланыўда адам факторын активлестириўге бағдарланады Адам ҳәм кәмил инсанды қәлиплестириў ҳақыйқатлықты философиялық түсиниўдиң ҳәм философиялық көз қарастың өмир сүриўиниң реал процессиниң орайлық мәселеси болып табылады. Оның барлық функциялары жәмийеттиң,инсанның идеаллар системасының бир пүтинлигине жәмленген болады. Идеаллар болмағанда дүньяға көз қарас көплеген бөлекленген проблемаларға ҳәм функцияларға тарқап кеткен болар еди. Идеаллар дүньяға көз караслық билимге ҳәм дүньяға көз қарастың функциялар комплексине бирлик береди.

Идеаллар дүньяға көз қарастың қурамына киреди, оның баҳалық компонентин береди, дүньяға көз караслық тастыйықлаўлардың тийкарын қурайды. Сол себепли идеаллар билим, эмоциялар, исеним, караслар, ҳәрекетке таярлық ерки менен бирге тастыйықлаўлардың бир компоненти болып қоймай, ол инсанның дүньяға көз қарасының баҳалық, мазмунлық, өмирлик дәнешесин аңлатады, ол адамға өмириниң ҳәи искерлигиниң

стратегиялық бағдарын береди. Идеаллар үлкен социаллық группаларға, жәмийетке қатнаста да усы көрсетилген рольди атқарады.

Адамның дүньяға көз қарасы тек ғана бар болмысты, тәбиятлық ҳәм социаллық ҳақыйқатлықты сәўлелендириў менен шекленбейди. Дүньяға көз қарас барлық ўақытта адамның социаллық өмириниң бағдарланыў перспективасы менен байланыслы. Оның тәбиятына жақсылыққа умтылыў, бар нәрсеге қанаатланбаў берилген болады. Идеал адамның дүньяға көз қарасының жоқары дәрежедеги әҳмийетли элементи болып, адамның жетилискен баҳалықлары ҳаққында елеслер түринде өмир сүреди. Идеалда өмирдиң мазмуны, болмыстың баҳалықлары жәмленген болады. Идеалда ҳақыйқатлық күтилгенди оптимал баҳалаўды еспақа алыўды сәўлелендиреди, яғный жақсылық ҳаққында ҳақыйқатлықтан үстин келетуғын мақсетлер ҳәм мәселелерди сәўлелендиреди.

Усы айтылғанларға тийкарланған ҳалда идеал дегенимиз ең алды менен социаллық ҳаққында сөз етилгенде өмир сүреди, яғный жәмийеттиң раўажланыўы менен байланыслы болады.

Идеал түсиниги дүньяға көз караслық идеал түсинигине салыстырғанда кең түсиник, себеби қандай да бир санаат товарларының, аўыл хожалық мәдениятларының, балалар ойыншықларының идеаллары болыўы мүмкин, олардың дүньяға көз караслық идеалға хеш қандай қатнасы жоқ.

Илимде де идеал түсиниги кеңнен қолланылады. В.Степинниң айтыўы бойынша дүньяның илимде сәўлелениўи изертлеў искерлигиниң тарийхый жақтан қәлиплескен идеаллары ҳәм нормалары менен сәйкес иске асырылады. Бундай идеаллардың тийкарғы үш группасын бөлип көрсетиўге болады. Бириншиси, түсиндириў ҳәм сүўретлеў идеаллары. Екиншиси, билимди дәлиллеў ҳәм тийкарлаў идеаллары. Үшиншиси, билимлердиң қурылыў, шөлкемлесиў идеаллары. Бул идеаллар дәўирден дәўирге өтип, өзгерип отырады. Бирақ олар жеке илимлер рамкасында қалып, илимий билимниң анаў яки мынаў тараўларының идеаллары ретинде өмир сүреди. Философия болса өзиниң системасына адамның билиўлик искерлигиниң барлық тараўлары ушын теңдей мәниге ийе болған шынлық түсинигин киргизеди. Шынлық түсинигин киргизиў арқалы философия гносеологиялық идеалды дәлиллейди ҳәм оның ролин шынлық атқарады. Шынлыққа мақсет ретинде билиў, әсиресе илимий билиў умтылады.

Жақсылық, әдиллик, сулыўлық түсиниклери менен де усындай жағдай жүз береди, олар менен сәйкесликте әдеп-икрамлылық идеаллар, эстетикалық идеаллар өмир сүреди. Олардың барлығы дүньяға көз караслық идеалларды деп аталады ҳәм олар баҳалық ретинде жәмийетлик, группалық, индивидуаллық санаға киреди.

Айрым идеалларды өзиниң дүньяға көз караслық мәнисинде салыстырмалыққа ийе десекте болады. Мысалы, индивидуаллық дүньяға көз қарас ушын идеаллар ретинде шаңарақ, ата-ана, перзент, мийнет искерлиги, индивидуаллық турмыс образы идеаллары алып қаралады. Буған қосымша, бахыт проблемасы ҳәм идеал проблемасы дүньяға көз қарастың барлық дәрежелеринде өмир сүретуғын феноменлер ретинде жасайды. Индивидуаллық дүньяға көз қарасқа тийисли айрым идеаллар идеал болмағаны менен, олар теориялық, жәмийетлик дүньяға көз қараста изертлеў объектлери ретинде алып қаралады.

Индивидуаллық дүньяға көз қарас жәмийетлик дүньяға көз қарастың идеалларын бийкарламайды, керисинше, оларды байланыстырыўға уқыплы болып, ол субъекттиң ҳәрекетлери ушын установкаға айланады. Ҳәзирги жағдайда үстинликке ийе социаллық идеаллар ретинде демократиялық, ҳуқықый мәмлекет, пуқаралық жәмийет идеалы, халықлар арасындағы дослық идеалы алып қаралады. Булардың ҳәммеси илимий дүньяға көз қарастың орайлық идеалларын аңлатады.

Э.Ильенковтың пикиринше, идеал ойлаў ҳәм адамның ямаса жәмийетлик группаның искерлиги усылын анықлайтуғын идеаллық образды аңлатады. Идеал идеаллық менен тығыз байланысқан. Идеаллық мақсетти иске асырыўға бағдарланған мақсетке муўапықлықтан ҳәм искерликтен ажыралмайды.

Идеаллықтай идеал мақсеттен ажыралмайды, оның иске асырылыўы ушын субъекттиң ерки ҳәм искерлиги талап етиледи. Ҳақыйқатлыққа айланған идеал идеал емес, ал ҳақыйқатлықты аңлатады. Ҳақыйқатлық басқа системалар ушын образды, үлгини аңлатады, бирақ берилген система ушын үлги бола алмайды.

Идеал баҳалықлар системасы түринде де, дүньяға көз қарастың структурасында болжанатуғын ориентир сыпатында, бүгинги күнди келешек менен байланыста баҳалайтуғын идеялық критерий ретинде де өмир сүреди. Бул қатнаста идеалдың характерли өзгешеликлери ретинде оның мазмунында актив ҳәрекетке келтириўши басламаның болыўы алып қаралады. Бундай баслама ретинде анаў яки мынаў социаллық қатнасықлардың жетикликке умтылыўы, әдеп-икрамлылық жақтан өзиңди жетилистириўге умтылыў, унамсыз қубылысларды шешиўди қәлеў х.б. алып қаралады.

Руўхый баҳалық ретинде идеал өзинде тек ғана ерисилген ҳәм иске аспағанды емес, ал өтмишти ҳәм келешекти де байланыстырады. Бул байланыста ол ҳәзиргини алға илгерлеўдиң бағдары сыпатында алып қарайды.

Идеаллар ҳәр қыйлы болыўы мүмкин (абстрактлик, өмирлик емес, реал өмирде иске аспайтуғын). Бундай идеаллар тәбияттың объектив

нызамларына қарсы келеди. Бирақ адам өз алдына иске асатуғын (толығы менен яки дара жағдайда) идеалларды алға сүреди.

Бизиң халқымыздың дүньяға көз қарасында илимий жақтан дәлилленген, тәбият ҳәм жәмийет нызамларына қайшы келмейтуғын идеаллар өз сәўлесин тапқан.

Егерде Адам бизиң жәмийетимиздиң илимий дүньяға көз қарасындағы жәмийетлик идеалларды қабылласа, онда инсанның дүньяға көз қарасы кеңейеди, байыйды. Оған тийкарланып, инсан социаллық жақтан раўажланған болады, оның өмирлик позициясы актив болады.

Илимий әдебиятта инсанның актив өмирлик позициясы скептицизлик ҳәм тутыныўшылық усыллар менен байланыслы болған өмирлик позициядан парықланатуғынлығы көрсетиледи. Скептицизлик (нигилистлик) усыл жәмийетлик идеалдың жоқ болыўы менен, оның бийкарланыўы менен белгиленеди. Ал тутыныўшылық усылға тийкарланған өмирлик позиция жәмийетлик идеалды эгоистлик алға умтылыўлар менен алмастырады. Бул жерде яки толығы менен жәмийетлик идеал бийкарланады, яки егер ол мақулланса жеке мәп толығы менен жәмийетлик идеалға қарсы қойылады ҳәм оның ҳәрекетке келтириўши тийкарын жоқ етеди.

Көплеген алымлардың пикирине тийкарланып, актив өмирлик позиция деп индивидтиң өзиниң барлық ис-ҳәрекетлеринде жәмийетлик идеалға бағдарланыўын, қубылысларға баҳа бериўде олардың идеалға жақынлатыўын яки узақлатыўын дыққатқа алыўын, барлық ўақытта идеал ушын ҳәрекетке умтылыўын түсиниўге болады.

Усыған байланыслы актив өмирлик позицияны ҳәрекетшеңликке ийе деп қараўымызға болады. Ол субъекттиң бәрҳәма жәмийетлик идеалларды өзиниң жеке идеалларындай турмысқа ендириўге, қорғаўға таяр турғанлығын аңлатады. Индивидтиң социаллық раўажланыў дәрежеси де оның жеке ҳәм жәмийетлик идеалларды гармониялық жақтан сәйкес алып қараў уқыплылығында көринеди.

Сол себепли социаллық идеалларды анализлегенде еки түрли қәтешиликке жол қойыўдан бас тартыўымыз керек. Бириншиден, олардың әҳмийетин түсирип таслаўға да болмайды, яғный күнделикли проблемаларды шешилиўин идеалларды иске асырыў деп қараўға болмайды. Екиншиден, оларды кейинге сүриўге, келешекте иске асатуғын тийкарға да айландырыўға болмайды.

Бизиң жәмийетимиздиң социаллық идеалларын, бизиң пикиримизше, үш бөлекке бөлип көрсетиўге болады. Олардың биринши бөлеги турмысқа ендирилди десек қәтелеспеймиз. Бул жерде бизлер адамның адам тәрепинен эксплуатацияланыўының, миллий езиўшиликтиң жоқ болыўын, адамды жоқары қәдирият сыпатында алып қараўымызды нәзерде тутып

атырмыз. Екинши бөлеги ҳәзирги күни практикалық ориентир характерине ийәе болмақта ҳәм усы бағдарда көзге тасланбақ та. Бул жерде бизлер уллы келешектиң элементлериниң, дәнешелериниң санадан, мийнетимизде, турмыс образымызда орын алыўын дыққатқа алмақтамыз Үшинши бөлек – қурып атырған жәмийетимиздиң жоқары дәрежесиндеги идеаллары – узақтағы перспективадағы идеаллар. Олар алдымызға қойған мақсет толық орынланғанда иске асады, бирақ сол жәмийетти қурыўға бағдарланған искерлик бүгин даўам етпекте.

Солай етип, идеал ҳәақыйқатлық менен байланыста улыўма сапектте еки характерли белгиге ийе болады. Бир тәрептен, идеал ҳақыйқатлыққа қарсы қойылады, оған салыстырғанда үстинликке ийе болады, усы мәниде олардың арасындағы айырмашылық туўралы пикир жүргизгенимиз дурыс болады. Басқа тәрептен, идеалдық тийкарғы базасы ретинде мүмкиншиликтиң ҳақыйқатлықта өмир сүриўи, оның раўажланыў тенденциясы алып қаралады. Идеал ҳәмме ўағытта ҳақыйқатлық менен қатнаста, белгили қубылыстың реал ҳалаты менен қатнаста алып қаралады. Идеал анаў яки мынаў дәрежеде қандай да бир жетиклик менен, анаў яки мынаў процесстиң, қәсийеттиң, жәмийетлик қубылыстың, сапаның ҳәм қатнастың раўажланған ҳалаты менен байланысқан болады. Идеалға қатнас жасаў оның зәрүрли шәрти ретинде идеалды ҳақыйқатлыққа қарсы қойыўды, идеалдың иске асыў мүмкиншилигин, ҳақыйқатлықтың идеалға жақынлаў бағдарында өзгериўин талап етеди. Идеалды ҳақыйқатлыққа қарсы қойыў идеалды субъекттиң мақсетлик структурасына, социаллық ҳақыйқатлықты өзгертиў бойынша дөретиўшилик искерлигине киргизеди. Усы бағдарда идеал адамның өзгериўшеңлик искерлигиниң мақсети сыпатында алып қаралыўы мүмкин.

Идеал ҳақыйқатлықты басқа ҳалатта (берилген ҳалатта емес, өмир сүрип турған ҳақыйқатлықта жоқ көринисинде) сәўлелендиреди.

Идеаллар дүньяға көз қарастың состав бөлегин береди. А.Спиркинниң пикиринше, идеаллар шешиўши өмирлик мақсетлер ретинде дүньяға көз қарастың әҳмийетли компонентин аңлатады. Дүнья ҳаққындағы елеслердиң характери белгили мақсетлерди қойыўға ийтермелейди, оларды улыўмаластырыўдан улыўма өмирлик жоба келип шығады, идеаллар қәлиплеседи, олар дүньяға көз қарасқа ҳәрекетке келтириўши күшти береди. Солай етип, жәмийетлик идеаллардың дүньяға көз қарастың структурасында қәлиплесиў мүмкиншилиги, көпшилик жағдайда, ҳақыйқатлықтың өзгериске ушыраўға таяр яки таяр болмаў уқыплылығында көринеди.

## 3. Инсанның дүньяға илимий көз қарасын қәлиплестириў тийкарлары

Жәмийеттиң избе-изликте раўажланыўын тән алатуғын, бирақ оны дүньяны актив ҳәм өзгермели, мақсетке бағдарланған искерлик менен байланыстыра алмайтуғын қәлеген дүньяға көз караслық системалар субъектлердиң социаллық дөретиўшилигиниң шекленгенлигине алып келеди. Бундай субъектлердиң өмирлик позициясы, әдетте, ҳақыйқатлыққа критикалық емес қатнста болыў менен характерленеди.

Ҳәзирги ўақытлары бизлер дөретиўши искерликтиң тиккелей қатнасыўшылары екенлигимиздиң гуўасы болып атырмыз. Бундай ҳақыйқатлыққа қатнастың тийкарына өткен дәўирдиң негатив қубылысларынан ҳәм кемшиликлеринен қутылыўды қойыўымыз тийис.

Адамның дүньяға илимий көз қарасын қәлиплестириў оның өмири даўамында иске асырылады. Бундай дүньяға көз қарас көплген факторлардың тәсири астында қәлиплеседи. Ол шаңарақта, улыма билим бериўши мектеплерде, орта-арнаўлы оқыў орынларында, жоқары оқыў орынларында, қәнигелиги бойынша жумыс ислеў процессинде, анаў яки мынаў мийнет коллективлеринде қәлиплеседи. Бизлер питкериў қәнигелик жумысымызда тек жоқары оқыў орынларын анализлеўди алдымызға мақсет етип қойдық.

Студенттиң дүньяға көз қарасы объектив ҳәм субъектив факторлардың: елдеги жәмийетлик дүзим, бизиң мәмлекетимиздиң ишки ҳәм сыртқы сыясаты, социаллық структураларды демократияластырыў процесси, студентлердиң өндирислик коллективлер менен қатнасы, олардың мийнет искерлигине қатнасы тәсири астында қәлиплеседи.

Бул процессте арнаўлы-илимий, улыўматеориялық пәнлерди үйрениў үлкен әҳмийетке ийе. Ҳәр бир илимий пән үлкен көлемдеги мағлыўматты бериў арқалы студенттиң дүньяға көз қарасына тәсирин тийгизеди, оларда дүнья, адамның санасы, дүньяны билиў ҳаққында белгили пикирлерди, елеслерди пайда етеди. Тәбийий-илимий билимлер студент жасларда дүньяның материаллық бирлиги ҳәм оның раўажланыўы ҳаққыеда тастыйықлаўларды қәлиплестиреди, олар конкрет материалда диалектиканың нызамларының ҳәрекет етиўин түсиндиреди.

Бул илимлердиң барлығы дүньяға көз ғараслық әҳмийетке ийе, олар дүньяға илимий көз қарасты қәлиплестиреди, бирақ олар философияның айрықша ролин бийкарлай алмайды. Философия социал-гуманитар илимлердиң теориялық ҳәм методологиялық тийкары хызметин атқарып, дүньяға көз қараслық билимлердиң интеграцияланыў негизин береди, дүньяның бир пүтин дүньяға көз қараслық көринисин жаратады.

Илимий көз қарастың қәлиплесиўи адамлардың қатнсындағы ҳәм искерлигиндеги реал жағдайлардың өзгериўи менен басланады. Бул практикалық өмирдеги фундаментсиз қәлеген дүньяға көз қарас формал көз қарасты береди. Усыған байланыслы жаңа жәмийеттиң көз қарасын

қәлиплестириўди теориялық ҳәм практикалық установкалардың системасы деп қараўымыз керек.

Жаңа жәмийеттиң көз қарасы қурылып атырған жәмийеттиң теориясы ҳәм практикасын байланыстырыўы тийис, теорияны практикалық дүньяға көз қарасқа айландырыўы керек. Президентимиз И.Каримовта дүньяға көз қарастың усы өзгешелигине айрықша дыққат аўдармақта. Қурамалы дүньяда өз орнын табыў тәбият тәрепинен адамға берилмейди. Оған келешектиң қәнигелерин үйретиўимиз тийис. Себеби дүньяға көз қарас тек ғана дүнья ҳаққында улыўма мағлыўматлардың жыйнағы болып қоймай, олтүсинилген мәплерди, нормаларды, гуманистлик баҳалықларды да аңлатады.

Бизиң жәмийетимиз жаңа типтеги ойлаўды, социаллық активлиликти талап етпекте. Сол себепли социал-гуманитар пәнлерди жоқары оқыў орынларында үйрениў студентлерди жәмийетлик искерликке қатнасыўға таярлаўы, принципиал мәселелерди шешиўде өз бетинше, критикалық, дөретиўшилик ойлаўды қәлиплестириўи тийис. Жәмийетлик пәнлер оқытыўшылары ҳәр бир студенттиң санасына болып атырған өзгерислердиң тийкарын, мазмунын жеткериўи керек, оларды бул процесстиң актив қатнасыўшыларына айландырыўы тийис.

Жәмийетлик пәнлерди оқытатуғын оқытыўшылардың баслы ўазыйпасы ҳүкиметимздиң алып барып атырған сиясатын жасларға жеткериў, олардың материалларын барлық курсларда тереңнен үйретиў болып табылады. Қабыл етилген концепциялардың мазмунын түсиндириў жумыслары ҳәзирги ўақытлары жоқары оқыў орынларында кеңнен додаланбақта. Социал-гуманитар пәнлерди оқытатуғын оқытыўшылардың семинарлары да өз жумысын қайта тиклемекте. Илимий-теориялық, илимий-әмелий конференциялар өткерилмекте. Өз бетинше жумыслардың сапасына айрықша дыққат аўдарылмақта. Философиялық оқыўлар, аналитикалық семинар-тренинглер шөлкемлестирилмекте. Олардың ҳәммеси студентлердиң мәмлекетимизде ҳәм дүньяда болып атырған проблемаларды тереңнен түсиниўине бағдарланған. Жәмийетлик пәнлерди оқытыўда сабақларды өтиўдиң интерактив уссыллары, проблемалық лекциялар, информациялық характердеги методлардан тәлим бериўди раўажландырыўшы методларға айрықша дыққат қаратылмақта.

Студентлердиң сиясий саўатлығын асырыў ушын, мысалы, университетимизде Ахборот саатлары үзликсиз өткерилмекте. Жасларды тәрбиялаўда ҳәм оқытыўда кафедралардың жаслар шөлкемлери менен байланысына дыққат күшейтилиекте.

Бул жетискенликлер менен бирликте кемшиликлерде оқытыў процессинде жүз бермекте. Оқыў-тәрбиялық процессинде студент жаслардың талаплары, олардың мәдений раўажланыў дәрежеси, информацияға ийе

болыў дәрежеси ҳәмме ўақытлары есапқа алынбайды. Студентлердиң белгили бир бөлеги жәмийетлик пәнлерди тереңнен үйренбейди, биринши дереклерди оқыўға дыққат аўдармайды, тийкарғы теорияларды ҳәзирги дәўир менен байланыстыра алмайды, критикалық анализ бериў уқыплылығы ҳәлсиз десек те болады. Сол себепли, айрым жағдайларда студентлер сиясий пассивликти, басқа бир турмыс образының нормаларына еликлеўди көрсетеди.

Жәмийетлик пәнлерди оқытыўдың идеялық-теориялық дәрежеси көплеген факторлардан ғәрезли, бирақ олардың бири ретинде сапалы оқыў бағдарламаларының болыўын алып қараўға болады. Бағдарламаларда лекция ҳәм семинар саатлары, олардың мазмуны, зәрүрли әдебиятлар дизими көрсетиледи. Жақсы сапалы бағдарламалардың бар болыўы жәмийетлик пәнлердиң оқытылыўының турақлылығын ҳәм бирлигин тәмийинлейди. Сол себепли бул документлердиң оптимал вариантын жаратыў үстинде еледе жумыслар алып барылыўы керек.

Социал-гуманитар пәнлер бойынша оқылатуғын лекциялар теорияның тийкарғы жағдайларын бүгинги күн талабы менен байланыстырыўға бағдарланыўы тийис. Терең илимий анализ бериў уқыплылығын ағартыўшылық пенен алмастырыўға болмайды. Бул жерде оқытыўдың сапасына қойылатуғын талап пенен студентлердиң билимниң сапасына қоятуғын жуўапкершилиги үлкен әҳмийетке ийе болса керек. Өмирдиң өзи тәлим бериўдиң жаңа продуктив усылларын оқыў процессине киргизиў кереклигин талап етпекте. Бул усыллар студент жасларда билиўлик уқыплылықты раўажландырыўға, практикада билимди қолланыў көнликпесин пайда етиўге бағдарланыўы тийис.

Жәмийетлик пәнлерди үйрениў жас қәнигелерге философиялық, экономикалық, социаллық-сиясий көз қараслардың бир пүтин системасын алыў мүмкиншилигин береди, олар өз гезегинде ҳақыйқатлықты терең түсиниўге ҳәм қайта өзгертиўге хызмет қылады. Сол себепли жәмийетлик пәнлерди оқытыўда, студентлерде илимий көз қарасты қәлиплестириўде үйренип атырған материалды қәнигелик менен байланыстырыўға айрықша дыққат аўдарыў керек. Бул байланысты тәмийинлеў инсанның дүньяға көз қарасының қәлиплесиўинде практикалық ҳәм билиўлик искерликтиң өзгешелигин есапқа алыўды аңлатады. Бул талап педагогикалық ҳәм тәрбиялық процесстиң конкретлесиўине ҳәм индивидуалласыўына бағдарланған.

Жәмийетлик пәнлердиң өзинде бул пәнлердиң әҳмийетин көтеретуғын шынлық күши ҳәрекет етеди ҳәм ол өз гезегинде адам факторын активлестиреди. Критикалық ойлаў уқыплылығын тәрбиялай отырып, жәмийетлик пәнлер адамлардың энергиясын жәмийетлик ислерге актив қатнасыўға бағдарлайды.

Жоқары оқыў орынларында тек ғана жәмийетлик пәнлердиң мазмуны студентлерде актив өмирлик позицияны тәрбиялап қоймай, ал олардың оқытылыў формасы да бул процесске өз үлесин қосады. Бундай актив, эффектив формалардың бири ретинде проблемалық оқытыўды алып қарасақ болады. Бул форма кейинги ўақытлары педагогикалық процессте кеңнен пайдаланылмақта. Проблемалық оқытыў деп билимлерди қарсылық арқалы өзлестириўди алып қарасақ болады.

Проблемалық оқытыў методы сүўретлеў методынан парықланады. Оның айырмашылығы сонда, студент проблемалық жағдайға киргизилиў арқалы оқыйды ҳәм қарсылықлардың шешилиў жолын табады.

Пәнлерди оқытқанда ҳәр қыйлы материалларды қолланыў арқалы проблемалық жағдайды жаратыўға болады. Мысалы, анаў яки мынаў проблема ҳаққында ҳәр қыйлы көз карасларды келтириў жәрдеминде семинар ямаса лекция сабақларында проблемалығ жағдайды келтирип шығарсақ болады. Студентти проблемаға киргизиў арқалы да проблемалық жағдайды дөретсек болады.

Проблемалық дегенимиз анықламаларды тек ядлаў арқалы оқыўға қарсы туратуғын методты аңлатады. Бул метод инсанның ишки дүньясын толығы менен қамрайды, инсанды жаңа установкаларды қәлиплестириўге бағдарлайды. Көрнекли алым Е.Лехнердиң пикиринше, проблема ойлаўда жәмленген қарсылықты аңлатады. Проблемалың метод тәрбиялаў методы сыпатында материалды баянлаў менен шекленбеўи тийис, ол инсанды, оның мәплерин, қызығыўшылығын, түсиндирмелерин ҳәм өмирлик ориентирин басшылыққа алыўы тийис. Оның ең баслы мақсети ретинде дөретиўши инсанды, жетик инсанды қәлиплестириў алып қаралады. Басқаша айтқанда, проблемалық оқытыў методы тәрбия методы сыпатында тек ғана улыўма теориялық бояўға ийе сораўларды қойыў емес, ал ишки қызығыўшылықты, ақылый ҳәм мораллық активликти шақыратуғын (талап ететуғын) инсанлық мазмундағы сораўды қойыўды да аңлатады.

Кейинги ўақытлары илимий әдебиятларда проблемалық оқытыў методы кеңнен анализленбекте. Бул мийнетлердиң барлығында проблемалық методтың сүўретлеўши метод пенен бирге алып барыўы, бири бирин толықтырыўы керек екенлиги айтылған. Олар биргеликте илимий дүньяға көз қарастың тийкарғы жағдайларының, түсиниклериниң мазмунын ашыўға қаратылыўы тийис. Олардың екеўиде биргеликте студентлердиң актив өмирлик позициясын қәлиплестириўге хызмет етиўи керек, келешек қәнигелериниң руўхый потенциалын беккемлеўи тийис.

Бизлер бул параграфта  студентлердиң дүньяға илимий көз қарасын қәлиплсетириўдиң барлық аспектлерин көрип шықпадық, бирақ анализ объектине айланған принциплерди согциал-гуманитар илимлерди оқытыў барысында (қәнигелик мене байланыста оқытылыў, тийкарғы материалды

проблемалық оқытыў) басшылыққа алыў олардың дәўир талабына айланғанлығын көрсетеди. Бул жерде соны айтып өтиўимиз керек, тәлим процессинде студент пассив объект ретинде алып қаралмай, субъект сыпатында түсиндирилиўи тийис. Студенттиң объект сыпатында алып қаралыўы, оның тек күтиў менен шекленетуғынлығынан, кимниң дур жағдайды студенттиң қәлегениндей қылып өзгертетуғынлығынан дерек береди. Студент субъект сыпатында өзиниң дүньяға көз қарасын өзи қәлиплестириўи керек. Өзин тәрбиялаў бул процессте инсанның дүньяға көз қарасының жетилисип атырғанлығын аңлатады. Ондағы стихиялы түрде қәлиплескен дүньяға қарастың улыўмаадамзатлық баҳалықлық тәжирийбеге тийкарланған илимий көз қарасқа айланғанлығын аңлатады. Усыған байланыслы студентлерди оқытып атырған устазларға оларда дүньяға көз караслық проблемалар ҳаққында өз бетинше пикир жүргизгенде ишки талапты шақыра алатуғын эффектти беретуғындай талап қойылады.

**Тийкарғы әдебиятлар**


1. Фалсафа асослари. Назаров Қ таҳрири остида. – Т.: Шарқ, 2005
2. Шермухамедова Н.А. Гносеология. – Т. ЎФМЖ. 2007
3. Falsafa. Ahmedova M. Tahriri ostida – T.: OFMJ, 2006.
4. Шермухамедова Н. А. Фалсафа ва фан методологияси. – Т.: Университет, 2005.
5. Шермухамедова Н.А. Гносеология билиш фалсафаси. – Т. ЎФМЖ.2011

## 5-тема. Сана ҳаққында ойлардың раўажланыўы.

**Режеси:**

1. Сананың келип шығыўы ҳәм мәниси.
2. Сананың дүзилиси.
3. Сананың формалары ҳәм типлери.

**Таяныш сөзлер:** *сәўлелендириў, титиркендириў, сезим, қабыллаў, елеслетиў, түсиник, пикир, қабыллаў, психика, сана, тил, билиў, сезиўлик басқыш, рационаллық басқыш, шынлық, практика.*

### 1. Сананың келип шығыўы ҳәм мәниси.

Сана көлеми бойынша кең ҳәм терең категория. Ол субъектив реаллықты, адам тәрепинен, оның мийи ҳәм психикасы арқалы сыртқы дүньяны идеаллық дәрежеде сәўлелендириў болып табылады. Усы себепли сана адамның руўхый дүньясы, оның саналы түрде дуньядағы ҳәм болмысы туўралы кеширмелери, сыртқы дүньяға қатнасы болады.

Адам еси бар, ақылы бар қубылыс сыпатында сыртқы дүньяда актив ориентацияға ийе. Санаға ийе болғанлықтан адамның руўхый дүньясы, оның эмоциялары, кеширмелери, қәўпи ҳәм әрманлары үмит-арзыўлары, қыялы өмир сүреди. Басқаша айтқанда адам тек санасы арқалы ғана h9m9 sap.

Адамның санасы, оның жанының ишки дүньясы тек философияның ғана емес, адам туўралы көп ғана арнаўлы илимлердиң (психология, педагогика, психиатрия, жоқары нерв системасының физиологиясы) изертлеў объекти.

Илимлер сананы адамзат искерлигиниң факторы сыпатында қарап, тәбият пенен жәмийеттиң ара-қатнасын тәртипке салыўшы, социаллық қарым-қатнастың продукты сыпатында қарайды. Бул жағдайда сана билиўлик (гноселогиялық), баҳалылық (аксиологиялық), ериклик ҳәм коммуникативлик (социаллық) параметрлерге ийе.

Антиклик дәўирден усы бүгинге дейинги аралықта сананы өз изертлеўиниң объекти етпеген бирде-бир философ жоқ шығар.

Әлбетте адамзат санасын анализлеў еле толық дәрежеде емес десек қәтелеспеймиз. Еле танып билинбеген, анық емес, алымлардың көз-қарасынан сыртта қалған моментлер еле көп.

Сана-болмыстың социаллық жәмийетлик болмысының тарийхый продукты. Соның ушын сананы түсиниўдиң гилти-адамның, социумның тарийхында. Ақыры, сана болмысының социаллық формасына актив, дөретиўшилик характер енгизеди. Сана-бизди қоршаған ортаны сәўлелендириўдин жоқарғы формасы, адамның қоршаған ортада ҳәм өзине байланыслы ориентациясының формасы. Жеке адамның санасы жәмийетлик сананың раўажланыўысыз мүмкин емес.

Илимде ҳәм философияда сана проблемасы бул психикалық, физиологиялықтың ҳәм социаллықтың ара-қатнасы туўралы проблема. Егер

ақылы бар адам (homo sap) материяның раўажланыў шыны болса, ой-ойлаўшы материалдың адамның бас мийиниң, оның бас ярым шарлары корасының қәсийети. Сананың пайда болыўы сөйлеўдиң, тилдиң пайда болыўы менен байланыслы. Ақыры, тил, сөйлеў - практикалық сана, адамзаттың социаллық тәжирийбесин алып келиўши.

Тил ҳәм билиў тығыз байланыслы, тил ойдың материаллық қабыршағы, ойдың, ақыл-ойдың реаллығы тилде көринеди. Ойдың мазмуны ҳаққында адам оның материалласыўында көреди. (Мәселен, аўызша, жазба пикирде).

Сана, оның келип шығыўы, мәниси ҳәм раўажланыўы ҳаққында мәселелер ҳәр түрли философиялық мектеплерде ҳәм бағдарларда ҳәр түрли сәўлеленген. Сана феноменин анализлеўде философлар антикалық дәўирде-ақ еки бөлекке бөлинеди. Олар-материалистлер ҳәм идеалистлер. Сана феноменин анализлеў бойынша ҳәр қыйлы подходлар бар. Олар материализм, идеализм, дуализм, гилозоизм, пантеизм.

Материалистлик системалардың көпшилиги сананы сәўлелениўдиң айырықша формасы деп қарайды. Бул бойынша сәўлелениў-ҳәрекеттеги, раўажланыўдағы материяның атрибутларының бири. Ал сана материалистлик позициялар бойынша сыртқы дүньяның адамның мийинде сәўлелениўиниң жокарғы формасы, тири тәбияттың эволюциясының жуўмағы, материаллық бирликтиң - адам мийиниң қоршаған ортаны идеаллык образлар формасында сәўлелендириў уқыбы.

Материалистлер сананы материяның эволюциясы хәм сәўлелениў формаларының қыйынласыўы көз-қарасынан қараса, идеалистлер ушын сана - бул дөретиўши, демиург, демек тәбият өзиниң раўажланыў барысында ойды пайда етпейди, керисинше ой тәбиятты дөретеди. Сондай-ақ, тәбият - бул ойлаўшы субъекттиң сезимлериниң комплекси.

Объектив идеалистлердиң пикиринше, идеаллық хақыйқый, жетилген болмыс. Материаллық болмыс болса, жетилмеген, иллюзорлыққа ийе. Рух, ақыл-ой, идеаллық материяның алдында я бирге жүреди (Платонның «идеялар дүньясы», Гегельдиң «абсолютлик идеясы»). «Идеялар дүньясы», «абсолют идея» актив, материя, тәбият-пассив. Аристотельдин пикиринше актив рух материяға зәрүрли түр береди.

Субъектив идеализм субъекттен бийғәрез объектив реаллықтың барлығын маққуллайды. Адам жасап турған дүнья - ойлаўшы субъекттиң сезимлериниң, көз-карасларының, кеширмелериниң жыйындысы ғана (Фихте, Д. Беркли, Юм). Бундай я усыған уқсас позицияда неопозитивизм, критикалык рационализм ҳәм экзистенциализмниң гейбир ўәкиллери турады.

Субъектив идеализмниң шеттен шыққан формасы-солипсизм. Ол тек адамнан ҳәм оның субъектив дүньясынан келип шығады ҳәм объектив дүнья тек адамның санасында өмир сүреди.

XIX-XX әсирлер аралығында солипсизмниң субъектив-идеалистлик идеяларын Германияда Э. Мах, Р. Авенариус, Россияда Н. О. Лосский ҳ.т.б. раўажландырды.

Дуализм (мәселен, Р. Декарт) болмыстың тийкарында бир-биринен бийғәрез еки баслама- материаллык ҳәм идеяллық бар деп есаплайды.

Гилозоизм пүткил материяға (тири жансыз) сезим, психика, жан тийисли деп қарайды.

Пантеизм «қудай», «тәбият», «жан» түсиниклерин жақынластырады. Пантеизм идеялары ертедеги суфизмге жақын (Аль-Тазали). Европа философиясында пантеизм идеясы жаңа дәуирде Дж. Бруно ҳәм Б. Спинозада раўажландырылды.

Ҳәзирги постклассикалық философияда, психоанализ философиясында (З. Фрейд, К. Юнг, Э. Фромм) сана проблемасы қаралады. Әсиресе санасызлықтың санаға тәсири изертленеди.

Неотомизм - ҳәзирги католицизмниң философиясы пүткил дүньяны бир жаратқан алланың дөретпеси деп қарайды.

Экзистенциализм, мәселен, Ж. П Сартрдың пикиринше сана - психикалықтың болмысының өлшеминиң тийкары, жеке адамның өзиниң өмир сүриуўин саналы танып билиуўи «өз болмысының гүўасы».

Ҳәзирги илим көз-қарасынан сана адамның руўхый активлигиниң жоқарғы дәрежеси, реаллықты сезиўлик ҳәм ойлаў образларында сәўлеленедириўдиң жоқарғы формасы.

Сана, ойлаў, психика - сәўлелендириўдиң материаллық тийкарындағы зәрүрли ақыбети. Сәўлелениў өз-ара тәсир етиўши объектлердиң өз-ара тәсириниң нәтийжесиниң көриниси.

Тири емес тәбиятта сәўлелениў көп қырлылыққа ийе. Материяның ҳәр бир структуралық дәрежесине өз-ара тәсирдиң спецификалық характерли түрдеги ҳәм типлери тийисли. Демек, олар механикалық, физикалық, химиялық сәўлелениў формалары.

Жер бетинде биологиялық өмирдиң пайда болыўы менен универсал өз-ара тәсирдиң жаңа түри - тири организмниң қоршаған ортаға бейимлесиўи пайда болады.

Тири тәбияттағы сәўлелениў бул организмлердиң искерлигинде тәртипке салыўшылық роль атқарып, оның сыртқы ортаға байланыслы активлигине де тийисли. Титиркениўшилик - биологиялық дәрежениң сәўлелениўиниң биринши формасы.

Биологиялық дәрежеде сәўлелениў тири организмниң мақсетлери менен, таңлаў ҳәм информация менен белгиленеди.

Информация - бул ҳақыйқатлықтың ҳәр түрли қубылысларын мақсетке муўапық тәртипке түскен ҳалда сәўлелендириў, ол сәўлелендириўши системаның мақсетлери ҳәм бир ўақытта бул мақсетлерге жетиўдиң зәрүрлигин аңлатады. Усы себепли биологиялық дәрежеден баслап информациялық сәўлелениў туўралы айтыў бар.

Информациялық сәўлелениўдиң тири организм дәрежесиндегиси - титиркениўшилик. Бул әпиўайы реакциялар сыртқы ортаның пайдалы ҳәм

зыянлы факторларына байланыслы жуўап бериў уқыбы. Титиркениў пүткил тиришиликке, өсимликлерге ҳәм ҳайўанларға ҳәм тийисли.

Титиркениўшилердиң тийкарында сезиўликтиң тийкарғы организминиң ортаны өзгертиўге реакциялық уқыбы болады. Сезиўлик тири биологиялық системаларға -қарапайым амебалардан баслап раўажланған нерв системасына ийе жоқарғы дәрежедеги ҳайўанларға дейин тийисли.

Соңынан бас мийдиң орайлық нерв системасының ҳәм сезиў органларының тийкарында сәўлелениўдин психикалық формасы пайда болады.

Жоқары ҳайўанлардың орайлық нерв системасы - бул айырықша сәўлелендириў аппараты. Ол ҳайўанларда эволюция барысында пайда болды, ол өмир сүриў процесинде сыртқы дүнья туўралы сигнал, информацияны қабыллаў ҳәм қайта ислеў менен бирге келешектеги искерлиги ушын сақлаўға ийе. Бул - яд.

Сезиўликтиң пайда болыўы менен сәўлелениўдиң организмниң сыртқы тәсирдиң информациясын қайта ислеў бойынша ишки жумысы сыпатында роли күшейеди.

Психикалық процесслердиң пайда болыўы ҳайўанлардың предметлик искерлиги менен байланыслы.

Предметлик искерилик еки дәрежеде әмелге асады. Ҳайўанлардың тиккелей өмир сүриўге бағдарланған искерлиги ҳәм қураллар менен жанапайланған адамлардың материаллық практикасы. Бул адамның ҳәр түрли талапларын қанаатландырыў мақсетинде тәбиятты өзгертиўге қаратылған. Практиканың пайда болыўы менен тек адамзат тегине (родына) тийисли сәўлелениўдиң техникалық формасы пайда болады.

Әлбетте сананың келип шығыўына байланыслы ҳәр турли подходлар бар: а) диний, сана (жан) қудайлық дөретиў актының нәтийжеси, б) Идеалистлик: б/1) сана-мәңги, б/2) сана-қудайдың дөретпеси, б/3) сана-белгили руўхый тийкардың (абсолют идея, жер-жүзлик рух) белгили дәрежесинде пайда болады.

в) Материалистлик: физикалистлик подход. Бул бойынша сана материяның белгили бир түри (вид) болады да, идеаллықтың материаллықтан айырықша келип шығыў проблемасы жоқ деген сөз. Биологияландырыў подходы. Бул бойынша сананың келип шығыўы эволюцияның биологиялық факторлары менен байланыстырылады. Ҳәзирги илимий - материалистлик билиў сананың келип шығыўын адамның социотәбиятлық қубылыс сыпатында қәлиплесиўи менен байланыста қарайды.

Сананың келип шығыўы мәселесин қарағанда, бириншиден узақ аралықты қамтыйтуғынлығы, екиншиден сананың архаикалық форма ҳәм фактлары тиккелей берилиўи мүмкиншилигине ийе емес.

Сананың пайда болыўы мәселесин адамның практикалық искерлигиниң характерине сәйкес дәрежеде түсинбеў мүмкин емес. Адамзат искерлигиниң айырықшалықларынан сананың айырықшалығы келип шығады. Усы себепли

ҳәм ҳайўанларда ҳәм адамларда сәўлелениўдиң принципиаллық айырықшалығы олардың искерлигиниң характери менен байланыслы.

Ҳайўанлардың элементар ойлаўының базиси - олар әмелге асыратуғын биологиялық искерлик. Айтайық, антропоидларға эксперимент пайытында олардың жаңғақты тас пенен бузыўы, таяқларды термитниклерде тесикти кеңейтиўде рычаг сыпатында пайдаланыўда ҳ.т.б. буған дәлийл. Деген менен ҳайўанлардың, ҳәттеки маймыллардың қураллы искерлиги жүдә сийрек, эпизодлық характерге ийе. Ойлаўдың урығы антропоидларда бар. Ол ҳәм болса, мәселен, маймылларда қыйын емес мәселени шешиўде, улыўмаластырыўдың қарапайым формаларын әмелге асырыўда көринис табады. Анализ, синтез, абстракция улыўмаластырыў ҳақыйқый абстрактлы идеаллық формада болмайды.

## 2. Сананың дүзилиси

Раўажланыўдың жоқары точкасына ҳайўанлар австролопитеклерде (адамлардың алды) жетеди. (Мәселен, қазыў барысында табылған тик жүретуғын адам тәризли маймыллар, олар буннан 1,5-5 млн. жыл бурын жасаған).

Австролопитеклердиң жүдә раўажланған дәўиринде (адамлардың алдының соңғы дәўири) олар қарапайым тас қуралларды таярлап баслайды. Бул қураллар 2, 6 млн. (Туркан көли, Кения), 2, 5 жыл (Заир), 2, 1 млн. жыл (Омо, Кения дәрьялары) ҳәм 1, 75 млн. жыл (Ольдуван жыралары, Танзания) бурын таярланған. Изертлеўдиң көрсетиўинше бундай қуралларды жасаў техникасы шәртли - рефлекторлық искерлик рамкасында ҳәм мүмкин.

Булар менен салыстырғанда әййемги адамларда (архантропларда) бираз илгерилеў бар. Ақыры, мийнет қуралларында ақ, мәселен қол рубилоларды таярлаў ушын турақлы көз-қарас, келешектеги қуралдың образлары талап етиледи. Ойлаўда себеплик ахыбетлик байланыслардың идеялық образын абайлаў мүмкин. Бул басқышта қарапайым сөйлеў пайда болады, ҳәзирги адамның сөйлеў искерлиги менен байланыслы мийдиң участокларында интенсив өсиў сезиледи.

Ал, палеоантроплар (әййемги адамлар) этабында, шамасы улыўмаластырылған көз-қараслар, қарапайым пикирлер ҳәм жуўмақлар пайда болады. Бул дәўирлерде диний ҳәм эстетикалық көз-қараслардың басламалары пайда болады. Буны неандертальлардың жерленген жеринен табылған мағлыўматлар дәлиллейди.

Қулласы, сана еле өзгешеликке ийе емес ҳәм ол материаллық искерликке енисип кеткен. Тек ғана практиканы меңгериўдеги бир ярым миллион жыл аралығында практикалық ҳәрекеттиң логикасы ойдың ҳәрекетиниң логикасына айналады. Солай етип материаллық, практикалық искерликтиң сананың ҳәм ойлаўдың қәлиплесиўиндеги әҳмийети анық. Бул усы бүгин соқыр, тас гереӊ балалардың өзлерине өзлериниң хызмет етиўи барысындағы алынған нәтийжелер менен дәлийлленип отыр (А. И.

Мещеряков, А. И. Соколянский методикасы). Бул процессте соқыр, тас гереӊ, гүӊ балалар материаллық ҳәрекеттиӊ ҒлогикасынҒ меӊгерип алған.

Ҳәзирги илимде усы бүгинге дейин үлкен ярым шарлардыӊ нейронларыныӊ қурамалы жыйындысы сананыӊ ҳәм ойлаўдыӊ пайда болыўына алып келетуғынлығы жүдә анық емес. Бул бир. Екиншиден, бул клеткаларда өтетуғын психофизикалық процесслер еӊ соӊында психикалық искерлик ҳәм адамныӊ ақыл-ойы сыпатында белгиленип, түсиниклердиӊ, қыйын искерликтиӊ, яд, болжаўлардыӊ пайда болыўын қалайынша алып келеди деген мәселе ҳәм анық емес.

Физиологиялық процесслер мийде ҳәм нерв системасында өтип, материаллық процесслер бола алады. Оларды приборлардыӊ жәрдеминде бақлаў мүмкин. Бирақ сана ондай емес. Бул жерде сананыӊ информация менен аналогиялық мүмкиншилигин анықлаў мүмкин.

Мәселен, информация физикалық сигналдыӊ жәрдеминде берилгени менен ол мазмуны бойынша сигналдыӊ физикалық қәсийетлери бола алмайды.

Мийдиӊ физиологиясын изертлеген Нобель сыйлыгыныӊ лауериаты Роджер Сперридиӊ пикиринше бас мийдиӊ функционаллық асимметриясында мынадай принцип бар. Шеп ярым шар - логикалық, абстракт ойлаўдыӊ, оӊ ярым шар - конкрет - образлық ойлаўдыӊ базасы. Бул бир, екиншиси, бир индивидте Ғеки адамныӊҒ болыўын Р. Сперри адамлардыӊ ойлаўыныӊ ҳәм минез-қулқыныӊ гейбир дағдыларыныӊ бөлек сәўлелениўи менен байланыслығын айтады. Бас мийдиӊ оӊ ярым шарын басқаратуғын адамлардыӊ бөлеги шеп ярым шарды басқаратуғынларға қарағанда конформизмге жақынырақ.

Мийдиӊ нейронлық шөлкеми ҳәм ондағы өтетуғын процесслер, бир жағынан адамныӊ руўхый дүньясы, екинши жағынан бир-бири менен байланыслы, бирақ бир-биринен айырылып туратуғын қубылыслар. Олар бир-бирине мисли зат ҳәм оныӊ қәсийети, орган ҳәм функция, процесс ҳәм оныӊ нәтийжеси болады. Айырмашылық сонда мийдиӊ нейродинамикалық процесслери материаллыққа ийе болса, ол пайда ететуғын руўхый қубылыслар, сезимлер, ойлар кеширмелер, эмоциялар-идеаллыққа ийе.

Сана мийсиз болыўы мүмкин емес. Тағы бир шәрт - социаллық орта, ақыры адам-биопсихосоциаллық қубылыс.

Адамлардыӊ социумдағы оз-ара тәсири, олардыӊ мийнет искерлигинде қарым-қатнасы жеке адамныӊ ҳәм пүткил социумныӊ ҳәм санасыныӊ пайда болыўына беккемлениўине ҳәм раўажланыўына жағдай жасайды. Информацияныӊ алыныўы, оныӊ берилиўи, сақланыўы ҳәм пүткил социум тәрепинен пайдаланыўы зәрүрли болып табылды. Соныӊ ушын сана ҳәм мийнеттиӊ зәрүрлиги тийкарында ақыл-ойға сыйымлы сөйлеў, тил пайда болды.

Сана қәлиплесиўиндеги бас социаллық роль мийнет процесине тийисли.

Қулласы, рух, ойлаў, ақыл-ой - адамның жәмийетлик мақлуқ сыпатында функциясы. Адам социаллық қатнаслар системасын алып келиўши, жәмийетлик өмирдиң ҳәм практиканың субъекти.

Мийнет искерлиги ҳәм сөйлеў, адамзат тили адамның ой-өрисин кеңейтип, оның руўхыйлығын раўажландырды. Адамларда кем-кемнен өзиниң болмысын саналы түсиниў, өзиниң дүньядағы орнын, тәбиятқа, жәмийетке қатнасы бойынша саналылық пайда болады. Мийнет практикасын сөйлеўдиң раўажланыўы ҳәм жетилиўи арқасында адам тәбият нызамларын таныып билип, жоқары илимий дәрежедеги абстракциялаўға өте алады.

Тил адам билимлерин сақлайтуғын ҳәм оны толықтырып туратуғын функцияны атқарады.

Тил социаллық тәжирийбени жеткизеди, адамзаттың тарийхый раўажланыўындағы үзиликсизликти тәмийнлейди. Адамның ойлары, идеаллары, көз-қараслары сөзге айланады. Тил ҳәм сана бирге өмир сүреди. Тил ойдың белгилилик көриниси. Жәмийеттиң раўажланыўы менен тил ҳәм раўажланады

Мийнет ҳәм тил менен бирликте сананың раўажланыўында сиясий, хуқықый, әдеп-икрамлылық, тәрбиялық, басқарыў, шөлкемлестириў, билиўлик аспектлер ҳәм бар.

Адамның санасын қәлиплестиретуғын социаллық процесслер, оның ҳәм материаллық ҳәм руўхый тәреплери бир-бири менен актив өз-ара тәсир етеди. Пүткил социумның, топарлық сананың (миллий-диний, профессионаллық ҳ. т. б) тәсиринде болады.

Жәмийетлик пикир, жәмийеттиң санасы жеке адам тәрепинен тиккелей емес, мәденияттың, илимий, идеологиялық, массалық информация ҳәм коммуникация қураллары арқалы қабылланады. Солар арқалы жеке адам болып қәлиплеседи.

Адамның санасы, оның қурамлы руўхый дүньясы, ақыл-ойы қурамалы дүзилиске, ишки шөлкемге ийе. Жеке адамның тийкарғы стуктуралық элементи бул - оның психикасы, ҳәттеки санасы-адамзат психикасының жоқарғы көриниси. Жоқары ҳайўанлардың дәрежесиндеги психика қурамалы, сыртқы шәраятларға бейимлесиў, мақсетке муўапық искерлик, бай, раўажланған ядтың элементлери сыпатында пайда болады. Бирақ жүдә уқыплы «талантлы» деген ҳайўанлар ҳәм өзлериниң талапларын ҳәттеки тас я таяқ сыяқлы қарапайым мийнет қуралларын пайдаланғанда ҳәм таяр тәбият продукталары менен қанаатландырады. Егер ҳайўанлардың өзин қоршаған орта менен өз-ара тәсири, тийкарынан олардың денелик питими анотомиясы ҳәм физиологиясы арқалы белгиленсе, адамның санасы психиканың көринисиниң жоқарғы формасы сыпатында адамзат болмысының жәмийетлик уйымласыўының тәсиринде әмелге асады.

Адамның психикасы оның психикалық складын, характер, темперамент, уқыпларын, баҳалаў ориентацияларын, өз-ара анализлеўин ҳәм өзин өзи

баҳалаўын, ойлаўдың индивидуаллық стилин ҳәм турмыслық укладын белгилейди.

Психика өз ишине сананы, сондай ақ адамның санасынан қадағалаўдан тысқарыда болатуғын оның ишки дүньясының подсознание деп аталатуғын белгили қатларын ҳәм қамтыйды.

Әлбетте сана - бул система. Ишки дүзилиси, типлердиң иерархиясы, дәреже, формаларға ийе. Олар; сезимлер, ойлар, эмоциялар, ерик ҳәм яд ҳәм олардың тутаслығы.

Бул элементлердиң ҳәр бири адамның болмысының конкрет тарийхый шараятлары менен белгиленеди. Айтайық, сананық информациялық функциясының әмелге асыўы ушын ең алды менен сезимлик ҳәм ойлаў қураллары, информациялық сапасын ҳәм мазмунын баҳалаўда эмоциялар иске түссе, сырттан алынған нәтийжелерди әмелге асырыў ушын яд ҳәм ерик зәрүрли.

Сезиў. Адамның сезиўлери, сезимлери ҳәм ойлаў сыртқы дүнья туўралы тийкарғы информация алып келиўшилер. Сезиў, көриў, тактиллик, сеслик, дәм сезимлери адамға бул дүньяда бағдарланыўда үлкен роль ойнайды. Бул сезиўде бизди қызықтырған объекттиң орны, түри, ийиси, қаттылығы, температура ҳәм т. баскада қәсийетлери информация береди.

Қабыллаў процесинде объект тутас алынады. Оның ўақытлық - кеңисликлик минезлемеси ҳәм идеаллық образдың материаллық прообраз бенен салыстырылыўы, демек қабыллаўдың объекти менен салыстырылыўы қамтылады.

Эмоциялар сананың дүзилислик элементи сыпатында қубылысларға ҳәм ўақыяларға унамлы ҳәм унамсыз қатнасты, оларға алдын-ала исенимлик қатнас (үмит, қуўаныш, қорқыў ҳәм тағы да басқа) я бийтәрепликти болдырады. Айтайық, адамды исендириўге умтылыў, тартысыў, қайғырыў я эмоционаллық шок, эффект ҳалатында болыў (қызғаныў, жеккөриў, жақтыртпаў), стресс я фрустрация (езилген ҳалат) эмоциялардың информациялық әҳмийети субъекттиң, объекттиң баҳалаў қатнасында ҳәм көринеди (жақсы-жаман ҳ. т. б).

Ерик. Субъекттиң ериклик регуляциясы объектив шараятлар менен субъектив мүмкиншиликлерди ажыратыўда көринеди. Ерик жеке адамның таңлаўында көринис табады. Ериксиз сана акти әмелге аспайды. Әсиресе субъект истиң көзин билип шешимге келсе, ериктиң еркинлиги болғаны.

Яд - бул адамның я адамзат жәмийетиниң, өзиниң я басқаның өткенин бүгингиде сақлаўы ҳәм қайта жаңғыртыўы. Адамзат яды адамлардың пүткил өткен тарийхы туўралы тәжирийбени, информацияны сақлайды. Соған қарап адам ўақытта, кеңисликте ориентацияға ийе болады. План, программалар жасайды.

Ядтың басқа функциясы - өткен ҳақыйқатлықты қайта жаңғыртыў.

Ойлаў бул ҳәр қашан жеке адамлық өзгешеликке ийе. Ол өз ишине мақсетке муўапық, улыўмаластырылған билимди алады. Бунда субъекттиң объектив байланысларды ҳәм қатнасларды билиўи ҳәм бар.

Ойлайтуғын адам логикалық жуўмақларға келе алады. Ойлаўда адамзат тәжирийбесиниң мийраслығы әмелге асады.

Сананың бул аталған элементлери бир-бири менен тығыз байланыслы.

Дурыс, адамның пүкил искерлигине санадан баска санасыз элементлер, подсознание тәсир етеди.

Айтайық, Шынлық ҳәм Жалғанлық, Жақсылық ҳәм Жаманлық, Гөззаллық ҳәм Келбетсизликтиң поляризацияланыўын субъекттиң психикасы гейде психикалық искерликтиң санасызлығы арқасында ҳәм әмелге асырады. Солай етип, санасызлық, шала саналылық сананың болмысының бир формасы болып табылады. Сананың бул еки сыңары - сана ҳәм подсознание бир-бирине тәсир етеди.

Подсознательное (шала саналылық) областы өз ишине түс көриў, гипноз ҳалатын, саналы емес тилеклер, қәўипти алдын ала сезиў, (мәселен, жағымсыз ўақыялар алдында) ҳ.т.б. алады. Подсознаниеге индивидтиң өмирлик тәжирийбеси, өмирлик информациясының кең массасы киреди. Адам тәрепинен автомат, инстинктив түрде әмелге асып, қорғаныў механизминиң ролин атқарып, мийди мудамы зорығыўдан сақлайтуғын көп ғана ҳәрекетлер подсознание арқалы қадағаланады ҳәм басқарылады. Санасызлық бул өмирлик установкалар, адамның әдетлениўи, интуиция ҳ.т.б.

Подсознаниениң философиялық ҳәм психологиялық анализине дыққат бөлген уллы ойшыллар З. Фрейд, К. Юнг, Э. Фромм.

З. Фрейдтиң пикиринше подсознание адамлардың минез-қулқының, искерлигиниң, моралының, искусствосының, пүткил руўхый мәдениятының тийкары. К. Юнг индивидуаллық санасызлық пенен бир қатарда «коллективлик санасызлық» түсинигин илимий айналысқа түсирди. Бул бойынша подсознание өзине тек субъективликти ҳәм индивидуаллықты ғана емес, ең алды менен коллективлик, жекелик емес психологиялық мазмунға ийе. Бул терең әййемгиликке кетеди ҳәм ол Юнгта архетип деген атқа ийе. Э. Фромм болса «социаллық характер» түсинигин енгизеди. Бул субъекттиң индивидуаллық психикасы менен жәмәэттиң социаллық структурасын жалғастыратуғын, дәлдәлшы. Э. Фромм подсознаниениң ҳәзирги тутыныўшы жәмәэттиң баҳалық, аксиологиялық ориентирлерине тәсирин изертлейди. Мәселен, Фромм шығармаларының қаҳарманы тири жан-тутыныўшы. Гамлеттиң «быть или не быть» сораўының орнына «иметь или быть» дейди. Бул заманагөй адамды тәбияттан басқа адамлардан бөлеклейди, мизантропиялық психиологияны қәлиплестиреди. Ал подсознание болса бул психиологиялық ажыралыў барьерин алыўға, адамның характерине өзгертип, өмирге ҳүрметке шақырады, дүнья менен бирлесиўге умтылады.

3. Сананың дүзилиси өз ишине оның пикир, гүман, исеним ҳ. т. б сананың эпистемиялық формаларын деген атқа ийе қәсийет алады (эпистеме-

гирекше билим). Олар сананың типлери менен формалары. Пикир. Адамның я адамлардың топарларының пикири оларды анаў я мынаў мәселе бойынша көз-қарасын, дүньяны түсинетуғынын аңлатады. Ол жеке адамның индивидуаллық тәжирийбеси ҳәм пүткил социумның коллектив тәжирийбеси, сондай-ақ адамның ҳәм адамлардың яды менен байланыслы. Үлкен топарлардың тутас социаллық топарлардың массалық санасындағы фактларға, ўақыяларға, жәмийеттиң қубылысларына қатнасларын, олардың талап, мәплерин билдиретуғын жәмийетлик пикир бар. Жәмийетлик пикир - индивидуаллық пикирлердиң әпиўайы қосындысы емес, ал жәмийетлик коллективлик ақыл-ойдың жәмленген көриниси.

Гүман өз ишине дурыслығы ҳәм пайдалылығына субъект еле исеними жетпеген мағлыўмат ҳәм информацияны алады.

Исеним сананың формасы сыпатында субъект тәрепинен анық, исенимли, логикалық қарама-қарсылыққа ийе емес болады. Исенимниң тийкарында дәлийлсиз, аксиоматиялық дәрежеде анаў я мынаў мағлыўматларды, факторларды қабыллаў мүмкин. Адамның исенимлеринде идеялар сезимлер ҳәм субъекттиң ерки алға қойылған мақсетти практикалық жеткизиўге қаратылған.

Билим сананың формасы сыпатында өз ишине пикир исеним ҳәм гүманды киргизеди. Билим дүньяның объектив қәсийетлериниң ҳәм байланысларының идеяллық сәўлелениўи (Р. Бэкон «Билим-күш»). Ҳақыйқатында да нағыз анық билим - бул квинтэссенция, адамзат практикасының жыйындысы, адамзат тәрепинен көп әсирлик тарийхында жәмленген коллективлик тәжирийбе.

Исеним (вера) билимниң қарама-қарсы тәрепи. Билим адамға исеним енгизип, оны исенимлер менен қуралландырады. Инаным - исенимниң жоқарғы басқышы. Дурыс, инаным (вера) билимниң көриниси болмаўы мүмкин. Инаным жүдә жекелик әҳмийетке ийе. Соның ушын инаным менен билимниң арасындағы айырмашылық сонда биринширинде акцент адамның субъектив исенимине, екиншисинде объективликке исленеди.

### 3. Сананың формалары ҳәм типлери.

Сананың тийкарғы әҳмийетли функцияларының бири - адам өз болмысын, оның уникаллығын, қайталанбаслығын саналы түрде таныпбилиўи. «Өзиңди-өзиң таныпбил» - бул антикалық дәўир философларының шақырығы. Басқа бир сентенция, ол ҳәм болса антикалық дәўирден киятырған ҳәм бизге жеткен – «Адам - барлық затлардың өлшеми». Усы себепли адам өзин-өзи таныпбилиўи менен бир ўақытта өзин қоршаған дүньяны толығырақ, тереңирек түсинеди.

Адамның өзин-өзи саналы түрде таныпбилиўи тийкарынан үш органикалық моменттиң бирлигин тутады; а)адам тәрепинен өзиниң басқа адамларға уқсаслығын я олардан айырмашылығын саналы түрде билиўи. б)

Адамның өзиниң басқада материаллық тәбиййй ҳәм социаллық объектлер менен уқсаслығын, олардан айырмашылығын саналы түрде танып билиўи. в) Бул саналы түрде танып билиў тийкарында өмир сүриў, жасаў субъектиниң өзин-өзи баҳалаўының пайда болыўы. Өзин-өзи танып билиўдиң (самосознание) тийкарғы элементлери; өзин-өзи анализлеў, өзин-өзи бақлаў ҳәм өзин-өзи баҳалаў.

Өзин-өзи танып билиў арқалы адам өзиниң дүньяға актив қатнасын, сондай-ақ мақсетке муўапықлық функциясын атқарады (Айтайық, адам өзиниң келешектеги ҳәрекетлериниң жобасын жасап, мүмкин болған жуўмақларын алдын-ала биледи). Адамның өзин-өзи танып билиўи жәрдеминде сананың басқарыў функциясы әмелге асады.

Өзин-өзи танып билиўи (самосознание) сананың өзине қаратылған өзиниң мәнисин, адамның мақсети, оның болмысының мәнисин, өз потенциалларының ҳәм уқыпларының әмелге асыў мүмкиншиликлерин танып билиўге, басқаша айтқанда адамның өзин-өзи өзиниң, жәмийеттиң көз алдында актуалластырыўына қаратылған.

Адамның санасының тағы бир функциясы - түсиниў. Қәлеген түсиниў - белгили бир түсинбеўшиликти жеңиў деген сөз. Түсиниў ең абстракт философиялық мәнисте ҳақыйқыйлықтың анаў я мынаў қубылысын саналы түсиниў ҳәм усының тийкарында бул қубылстың мәнисине жетиў ҳәм оның адам тәрепинен меңгерилиўи болады.

Түсиниўди изертлеў - герменевтиканың изертлеў объекти. Герменевтиканың тийкарын салған XVIII -әсирдиң ақыры XIX әсирдиң биринши шерегинде немец протестант теологы ҳәм филолог Фридрих Шлейермахер. Оның пикиринше герменевтиканың тийкарғы ўазыйпасы классикалық тарийхый текстлерди түсиниў ҳәм оларды дурыс оқыў барысында өткен дәўирлердеги адамлардың рууҳый дүньясын танып билиў. Олардың дүньясын тек объективлестириў арқалы ғана билиў мүмкин. Мәселен поступкалар, текстлер, искусство шығармалары ҳәм өнер ҳ.т.б. Бул объективлестириўдеги мәнисти айырықша сезим жәрдеминде - эмпатия әмелге асырыў мүмин. Ҳәзирлигинде философиялық герменевтика шешетуғын мәселелер кеңейди. Сананы танып билиў ҳәм түсиниў процесинде субъекттиң актив роли жүдә есапқа алынады. Индивид бир нәрсени билип ғана қоймастан, ол бул билимниң фактын ҳәм саналы танып биледи; мен бир нәрсени билип ғана қоймайман, оны түсинемен, түсинетуғынлығымды ҳәм түсинемен.

Ҳәзирги герменевтикаға үлес қосқанлар немец философлары В. Дильтей, М. Хайдеггер, Ханс Георг Гадамер, француз философы Поль Рикер. Түсиниў Дильтейдиң пикиринше түсиниў рууҳый ҳалатты тоталь түсиниў ҳәм сезиниўдиң тийкарында оны реконструкциялаў, Гадамер ушын - бул билиўши, ҳәрекет етиўши ҳәм баҳалаўшы адамның жасаў усылы. Рикер ушын ең фундаментал философиялық түсиник - жеке адам, себеби ол

мәнислердиң, түсиниўлердиң туўылыў орны. Адамды адам түсиниў процеси қарым-қатнасық (общение) пенен тығыз байланыслы.

Түсиниў бурынғы билим, ойлаўдың логикалық мәденияты, алдыңғы социаллық тәжирийбе менен белгиленген.

Түсиниўге адамның уқыбы «практикалық түсиниў» статьясынан басланады (Алғашқы адам). Соңынан түсиниўдиң айырықша формасы-магия, билиўге бағдарланған ойлаўдың айырықша рефлекциясы, «практикалық түсиниўди» саналы билиў ҳәм оның үстинен айырықша ой жүритиў, пикирлеў. Тек антикалық дәуирден баслап Ғтеориялық түсиниўҒ топлаған билимлердиң, билиўлердиң, дағды ҳәм технологиялардың рефлекциясы сыпатында көринис табады. Демек түсиниўдиң характери, саналы түсиниўдиң механизми жекелик ҳәм социаллық моментлердиң өз-ара тәсириниң нәтийжеси болады ҳәм жәмийетлик практиканың көп тарийхый ҳалаты менен белгиленеди.

Сананың тағы бир функциясы - дөретиўшиликке умтылыў. Бул сананың мақсетти қойыўында, адамның болжаўды болдырыўында көринис табады.

Творчестволық искерлик конструкторлық-дөретиўшилик, қайта өзгертиўшилик искерлик пенен байланыслы.

Дөретиўшилик - жаңадан материаллық ҳәм руўхый баҳалықларды адамзат тәрепинен тәбийий байлықларды саналы меңгериў нәтийжсинде қурыў, жасаў, сондай-ақ адамның өзиниң уқыпларының раўажланыўы.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. И. А. Каримов. Узбекистон буюк келажак сари. Т. 1998.
2. И. А. Каримов. Өзбекистан XXI әсирге умтылмақта. Т. 1999.
3. В. С. Библер. Мышление как творчество. М. 1975.
4. Д. И. Дубровский. Проблема идеального. М. 1975.
5. М. К. Мамардашвили. Сознание как философская проблема. Вопросы
6. Философии. 1999 /10.
7. Туленов Ж. Гафуров З. Фалсафа. Т. 1997.
8. Э. В. Ильенков. Идеальное //Философская энциклопедия. т. 2. с. 219-227.

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎ УШЫН МАТЕРИАЛЛАР

**Нөкис-2018**

## Әмелий шынығыўлар ушын тапсырмалар

### №1-Тема: Философия тарийхында инсанның келип шығыўы ҳаққындағы тәлийматлар

**Режеси:**

1. Адам проблемасын философиялық аспектте қараўдың өзгешелиги ҳәм актуаллығы. Антропосоциогенез ҳәм оның комплексли характери.
2. Адамдағы биологиялық ҳәм социаллық, олардың өз-ара байланысы. Адамның руўхый тәжирийбесинде өмир ҳәм өлим мәселеси.
3. Индивид, индивидуаллық, жеке адам, түсиниклери. Жеке адамның тарийхтағы роли.

***Дискуссия ушын берилген сораў:*** Адамның қандай искерлиги дөретиўшилик болыўы мүмкин. Бул сораўға төмендеги берилген жуўапларды анализлең. Сизиң пикириңизше, олардың қайсысы берилген түсиниктиң мәнисин толық ашады?

-Дөретиўшилик бул өмир сүрип турған бағдарламаның шегарасынан системаның шығып кетиў уқыплылығы.

-Дөретиўшилик бул қойылған сораўларға жаңа, оригинал жуўапларды тек ғана бериў емес, ал ол жаңа сораўларды қойыўға уқыплылықта.

Дөретиўшилик бул жаңа информацияны өндириўге болған уқыплылық.

-Дөретиўши искерлик бурын ҳеш қашан болмаған қандай да бир сапалы жаңаны барқулла пайда етиў.

-Дөретиўши искерлик бел адамның талаплары ҳәм мақсетлерине сәйкес тәбийғый ҳәм социаллық дүньяны қайта өзгертиўши искерлик.

-Дөретиўши искерлик бул қайталанбайтуғын жаратыўшы искерлик.

Төмендеги берилген илимий билиўдиң формаларын илимий билиўдиң реал процессинде орын алған избе-излигине сәйкес тәртиплестириң.

Теория, факт, гипотеза, проблема, концепция.

### №2-Тема. Инсан болмысының өзине сай қәсийетлери

**Режеси:**

1. Инсан болмысының өзине сай қәсийети.
2. Индивидуал сана болмысы
3. Инсанның жәмийетлик сана болмысындағы орны

Айрым илимпазлар философия илим менен ҳеш қандай улыўмалыққа ийе емес деген пикирди алға сүреди. Олардың пикиринше, қәлеген философия дүньяға көз қарасты берип идеологияның бөлегине айланады. Бирақта идеология қандай да бир жәмийетлик класслардың қатламлардың ҳәм басқа мәплерин сәўлелендиреди; сол себепли қәлеген идеология субьективлик характерге ийе, бирақ илим обьектив болыўы керек, оның жағдйалары класслық мәплерде ғәрезли болмаўы тийис; усыған байланыслы

философия – илим емес, бул пикирлеўдеги келтирилген аргумсентелр қанаатландырарлы дәрежеде берилгенбе? Идеология обьективлик мазмунға ийе болыўы мүмкинбе ?

Барлық материя сәўлелендиреди.Барлық материя сезеди. Бул пикирлер эквивалент пикирлер бола алады ма?

Философия предметиниң кең тарқалған – «Философия» - бул жәмийетлик сананың формасы: болмыс ҳәм билиўдиң улыўма принциплери, адамның дүньяға қатнасы ҳаққында тәлиймат: тәбияттың, жәмийеттиң ҳәм ойлаўдың ең улыўмалық нызамлары ҳаққында илим» деген анықламасын анализлей отырып, айрым изертлеўшилер бул анықламадағы логикалық қарама қарсылыққа дыққат аўдарады. Анықламада бир тәрептен философияның, жәмийетлик сананың өзгеше формасы екенилиги тән алынса, екинши тәрептен оның илим екенлиги мақулланады. Бирақ, илимниң өзиде өз гезегинде жәмийетлик сананың өзгеше формасын аңлатады – ғой. Усыған байланыслы «философия» ҳәм «илим» түсиниклериниң көлеми бир-бири менен қалай үйлеседи ҳәм олардың арасындағы көрсетилген қарсылық қалай шешиледи?

---

## №3-Тема. Сана инсан болмысының тийкары сыпатында

**Режеси:**

1.Инсан болмысында сананың тәбияты

2.Индивидуал сана болмысы

3. Сана философиялық проблема сыпатында

***Дискуссия ушын берилген сораў:*** Спиркин А. Болмысқа төмендегише анықламаны береди: «Бытие есть все то, что существует это и материальные вещи, и процессы, и свойства, и связи, и отношения. Даже плоды самой буйной фантазии, сказки, мифы, да и бред больного существует как духовная реальность. Следовательно, бытие охватывает и материальное, и духовное. Оно есть, таким образом, нечто реально сущее» (Спиркин А. Основы философии. М., 1998. С. 93). Егерде биз болмыс түсинигине берилген бул анықламаны қабыл алсақ, онда қандай түсиник оған қарама-қарсы түсиникти береди? Болмысқа берилген бул анықламаның жәрдеминде философияның бас мәселеси ретинде болмыстың санаға қатнасы мәселесин алып қараўға болады ма?

## №4-Тема. Инсан болмысында дүньяға илимий көз-қарастың орны

**Режеси:**

1. Дүньяға көз қарас ҳәм илим
2. Инсанның дүньяға көз караслық идеаллары ҳәм өмирлик позициясы
3. Инсанның дүньяға илимий көз қарасын қәлиплестириў тийкарлары

1. Француз философы К.Гелвеций билиў процессин суд пенен салыстырды: биз сезиў органы-бул бес гүўаны аңлатады, тек солар ғана шынлықты бериўи мүмкин.Оның оппонентлери Гелвецийдиң судьяны умытып кеткенлигин айтып оған қарсы шықты.

Оппонентлер судьяны айтқанда нени дыққатқа алды? Гелвецийдиң гносеологиялық позициясына қандай сыпатлама бериўге болады?

2. Жәмийетте тәбияттағыдай соқыр күшлер ҳәрекет етпейди, ал өзиниң искерлигин жобаластыратуғын, өзиниң ис ҳәрекетин тәртиплестиретуғын санаға ийе адамлар өмир сүреди. Бул адамлардың жобалары, мақсетлери, ойлары олардың ис-ҳәрекетин анықлайтуғынлығын аңлатады. Усыған тийкарланған ҳалда жәмийетлик турмыста сананы бирлемши, ал болмысты екилемши деп алып қараўға болады. Берилген пикирлеўдеги қәтени табың?

1. Төмендеги берилген анықламалардың қайсылары философиялық мазмунға ийе?

3. Егер материя бизге сезимде берилген объективлик реаллық болса онда басқа адамның санасы маған қатнаста объективлик реаллық болып табылады, себеби ол мениң санамнан ғәрезсиз жасайды ҳәм тил, ис-ҳәрекет арқалы мениң сезиў органларыма тәсир жасайды, менде белгили бир сезимди пайда етеди. Усыған байланыслы басқа адамлардың санасы мениң ушын материя болып табылады. Берилген пикирлеўдиң қай жеринде қәте жиберилген?

4. Семинар сабағында бул студент жәмийеттеги нызамлардың ҳәрекет етиў спецификасы ҳаққында сораўды көреди. Оның айтыўы бойынша сотциаллық яки экономикалық нызамлар физикалық яки биологиялық нызамлардан принципиал дәрежеде парықланады. Экономикалық нызамларды бузыўға дыққатқа алмаўға болады, тарийхта ондай жағдайлар болған. Физикалық яки биологиялық нызамлар зәрүрлилик пенен ҳәрекет етеди ҳәм бузылыўы мүмкин емес. Студенттиң пикирлери дурыс па?

6. Төмендеги берилген дизимниң қайсылары сананың философиялық түсинигине киреди?

Сезимлер, тил, ойлаў, мийдиң биотоклары, ерк, елеслер, қыялланыў, эмотциялар, темперамент, яд, түсиниклер, нерв импулслары, инстинктлер,дүньяға көз қарас, қәлеўлер ҳәм мақсетлер, нейронлар, рефлекслер.

7.Материя «Бизлерге сезимлерде берилген объективлик реаллықты аңлатады. Бирақ ўақыт материядай бизге сезимлерде берилмеген. Сол себепли ўақыт материядай материаллық емес». Берилген пикирлеў дурыс па? Егер қәте болса, қәтесин көрсетиң?

## №5-Тема. Сана ҳаққында ойлардың раўажланыўы.

**Режеси:**

1. Сананың келип шығыўы ҳәм мәниси.
2. Сананың дүзилиси.
3. Сананың формалары ҳәм типлери.

4. Сананың функциялары.

1. Медицина илиминиң жетискенликлерине байланыслы дүньяда клиникалық өлим ҳалатынан өмирге қайтқан адамлардың саны өспекте.
Р. Муди бир неше жүз өмирге қайтқан адамлардың (патсиентлердиң) арасында сораў өткерди ҳәм олардың көбисинде уқсас сезимлердиң ашық рең, шуңғырлы, тоннелдеги ҳәрекет, өз денесиниң үстинен қараў-болғанлығын анықлады. Бул алынған мағлыўматларды улыўмалыстырыў тийкарында Р. Муди тәрепинен «Өмирден кейинги өмир» («Жизнь после жизни») атлы китап жазылады. Е. Кублер Росс, Дж Еккиз ҳәм басқа да нейрофизиологлар оған тийкарланған ҳалда адамның өлимнен кейин оның санасы өз бетинше жасаў мүмкиншилигине ийе деген пикирлерди айтты. Тоннел арқалы ашық светке қараў ҳәрекет өлген адамның жанының басқа кеңисликке, басқа дүньяға өтип атырғанлығын аңлатады деди.
2.Сана ҳаққында материалистлик тәлиймат көз қарасында турып, берилген болжаўларды қабыллаў мүмкин бе? Егер яқ болса, онда бундай қубылысларды материалистлик түрде қалай түсиндириўге болады?

**№6-Тема.** Инсанды философиялық түсиниўдиң өзине сай қәсийети.

**Реже:**

1. Инсан болмысы түсинигин философиялық анализлеў
2. Философияда инсан проблемасы
3. Адам социаллық қубылыс сыпатында

***Дискуссия ушын берилген сораў:*** «Жәмийетлик сана индивидуал санадан тысқарыда (помимо) өмир сүрмейди. Бирақта жәмийетлик сананы жеке адамлардң санасының әпиўайы суммасы ретинде алып қараўға болмайды». Берилген пикирди сиз қалай түсинесиз?

Төмендеги берилген қубылыслардың қайсылары жәмийетлик болмысқа, ал қайсылары жәмийетлик санаға тийисли?
Сиясат. Географиялық орталық. Экономикалық қатнасықлар. Ширкеў. Мәмлекет. Искусство. Мәдeният. Миллий қатнасықлар. Мораль. Илим.

**№7-Тема Инсан философиялық проблема сыпатында**

**Реже:**

1. Философиялық антропологияның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы, предмети ҳәм ўазыйпалары.
2. Инсан барлығының космобиологиялық дәрежелери.
3. Социаллық ҳәм мәдений факторлардың инсан санасына тәсири

Әййемги грек философы Протогор «Адам – ҳәмме нәрсениң өлшеми»-деген пикирди билдирген. Сиз бул қарасты қалай түсиндире аласыз? Протогордың пикирине қосыла аласыз ба?

Төмендеги берилген пикирлерде қандай философиялық бағдарлар өз сәўлесин тапқан?

-Тәбият ҳәм жәмийет нызамлары адамлардың дөретиўши ойлаўының жемиси.

-Тәбият ҳәм жәмийет нызамлары-илимий жәмәәт қабыл еткен келисимлер.

-Материаллық дүньяның нызамлары-санадан тысқарыда өмир сүриўши турақлы, әҳмийетли ҳәм зәрүрли байланыслардың адам санасында сәўлелениўи.

---

Тәбият ҳәм жәмийет системаларын салыстырың. Олардың ҳәр бирине қандай системалық сыпатламалар тән, бул системаларының бир-бирине айырмашылығы неде?

Төмендеги берилген мәденияттың элементлериниң қайсылары материаллық мәдениятқа, ал қайсылары руўҳыйлық мәдениятқа киреди? Өзиңиздиң берген жуўабыңызды аргументлестириң.

Мораллық нормалар, зергерлик буйымлар, архитектура, өндирис қураллары, анекдотлар, философия, илим, сиясий, доктриналар, жәмийетлик шөлкемлердиң уставы, фольклор, тил, ораторлық искусство, технология, мағлыўмат, этикет.

## №8-Тема. Сана руўхый болмыс сыпатында.

**Режеси:**

1. Сананың келип шығыўы ҳәм мәниси.
2. Сананың руўхый болмыс сыпатындағы өзгешелиги
3. Сананың формалары ҳәм типлери.
4. Сананың функциялары

Сана, жәмийетлик сана», «руўҳый мәдeният» ҳәм «руўҳый турмыс» түсиниклер арасындағы қатнасты анализлең.Оларды тең мәнислес түсиниклер деп алып қараўға болады ма?

Жәмийетлик сана индивидуал санасыз өмир сүрмейди, бирақ ол жекке адамлардың санасының әпиўайы жыйнағын аңлатпайды.Берилген пикирди сиз қалай түсинесиз?

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# ӨЗ БЕТИНШЕ ТӘЛИМ ТЕМАЛАРЫ

**Нөкис-2018**

1. Адам дүньяда (человек в мире) ҳәм адам дүньясы мәселеси: экзистенциализм, персонализм, философиялық антропология бағдарлары (С.Кьеркегор, М.Хайдеггер, Ж.-П. Сартр, А.Камю).
2. Дүнья тәбият ҳәм адамның, материаллық дүнья ҳәм адам руўхының бирлиги сыпатында
3. процесслердеги кеңислик-ўақытлық қатнасықлардың спецификасы
4. Сана ҳәм адамның руўхый искерлиги
5. Саналылық проблемасы: социаллық-этикалық аспектлери
6. Адамның интеллектуаллық раўажланыўының тийкарғы факторлары
7. Ҳайўанлар психикасы ҳәм адам санасы
8. Философияда саналылық ҳәм санасызлық мәселеси
9. Руўхыйлықтың генезиси: материалистлик ҳәм идеалистлик көз-қарaслардың өзгешеликлери
10. Жәмийетлик ҳәм индивидуаллық сана, олардың диалектикалық өз-ара байланысы
11. Адам ҳәзирги заман өндирисиниң субъекти сыпатында
12. Адамның социаллық идентификациясында жеке таңлаўдың ролиниң күшейиў мәселеси

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# АССЕССМЕНТ ТАПСЫРМАЛАРЫ

**Нөкис-2018**

1.Адам проблемасын философиялық аспектте қараўдың өзгешелиги ҳәм актуаллығы.

2.Антропосоциогенез ҳәм оның комплексли характери.

3. Адамдағы биологиялық ҳәм социаллық, олардың өз-ара байланысы.

4. Адамның руўхый тәжирийбесинде өмир ҳәм өлим мәселеси.

5. Индивид, индивидуаллық, жеке адам, түсиниклери. Жеке адамның тарийхтағы роли.

6. Тарийхый зәрүрлик ҳәм адамның саналы искерлиги.

7. Ҳайўанлар психикасы ҳәм адам санасы

8. Философияда саналылық ҳәм санасызлық мәселеси

9. Руўхыйлықтың генезиси: материалистлик ҳәм идеалистлик көз-қараслардың өзгешеликлери

10. Жәмийетлик ҳәм индивидуаллық сана, олардың диалектикалық өз-ара байланысы

11. Адам ҳәзирги заман өндирисиниң субъекти сыпатында

12. Адамның социаллық идентификациясында жеке таңлаўдың ролиниң күшейиў мәселеси

## Тыңлаўшылар ушын методикалық көрсетпелер

## Кейсти шешиў ушын көрсетпелер.

| № | Жумысты шөлкемлестириў басқышлары | Усынıслар | Баҳалаў критерийлери (максимал) |
|---|---|---|---|
| 1. | Кейс пенен танысыў | Дәслеп кейс пенен танысыў керек. Оқып шығыў ўақтында кейсти анализлеўге урынбаң | - |
| 2. | Берилген қубылыс пенен танысыў | Берилген хабарды және бир мәртебе оқып шығың. Сиз ушын әҳмийетли болып көринген бөлимлерди ажыратып алың. | - |
| 3. | Тийкарғы проблема ҳәм ўазыйпаларды анықлаў. | Проблеманы анықлаўда өтилген темалар бойынша теориялық билимлериңизден пайдаланың | 0,3 балл |
| 4. | Проблеманы анализлеў. | Проблеманы сәўлелендириўши тийкарғы белгилер: | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | 1. Келтирилген аргументлердиң дурыслығын анықлаў<br>2. Аргументлер ортасындағы логикалық байланыстың дурыслығын анықлаў.<br>3. Проблеманы шешиў бойынша гипотезаларды ислеп шығыў. | 1 – 0,2 балл<br>2 – 0,1 балл<br>3 – 0,2 балл |
| **5.** | Проблеманың шешимин көрсетиў ҳәм оны дәлийллеў. | Проблема шешими теория менен байланыста көрсетилиўи мақул. (темада көрсетилген мағлыўматларға силтеме бериў арқалы)<br>Жуўмақты аўыз еки баянлаўда логикалық избе-излик сақланылыўы шәрт. | 0,2 балл |

**Кейс пенен ислесиўди баҳалаў критерийлери**

86-100% / 0,86 - 1 баллға шекем – «айрықша»
71-85% / 0,71 – 0,86 баллға шекем – «жақсы»
55-70% / 0,55- 0,71 баллға шекем – «қанаатландырарлы»

**Топарларда ислеўди баҳалаў таблицасы**

| **Гуруҳ** | Презентация (формасы)<br><br>Айрықша – 0,5 балл<br>Жақсы – 0,4 балл<br>Қанаатландырарлы – 0,3 балл | Проблемалы мәселениң шешими (мазмуны)<br>Айрықша – 0,5 балл<br>Жақсы – 0,4 балл<br>Қанаатландырарлы – 0,3 балл |
|---|---|---|
| **1** | | |
| **2** | | |
| **3** | | |

**4. Баҳалаў критерийлери**

*Топарлы проектлер тапсырмасын ислеўде төмендегилер баҳаланады:*
- ҳәр бир топар тәрепинен исленген проект өз алдына баҳаланады(темалар бойынша)
- MS Power Point проект презентациясы (ең жоқары 1 балл);
- аўызеки презентация (ең жоқары 0,8 балл).

**Орынланған проект бойынша баҳалаў**

| № | **Баҳалаў критерийи.** | **Баҳалаў көрсеткишлери** |
|---|---|---|
| **1.** | Проектте көрсетилген мәселелердиң тапсырмаға сәйкеслиги | Проект мазмуны берилген тапсырманы толық қамтый алыўы лазым |
| **2.** | Проектте көрсетилген информациялардың муғдары ҳәм сапасы | - информациялардың жаңалығы;<br><br>- проект ўазыйпаларын толық сәўлелендириўи; |

| | | |
|---|---|---|
| | | - Кең дереклерге тийкаранғанлығына дыққат қаратылады |
| **3.** | Проекттиң усынылыўы | Егер жазба түрде усынылған болса кирисиў тийкарғы бөлим ҳәм жуўмақлар дурыс избе изликте берилгенлигине дыққат қаратылады.<br><br>Егер көргезбели усынылса көргизбели қураллар менен тәмийнленгенлигине дыққат аратылады<br><br>Мултимедиялық формада орынланса дөретиўшилик қәбилетке дыққат қаратылады |

**Пректти MS Power Point те орынланған презентацияны баҳалаў**

| **№** | **Баҳалаў критериясы** | **Баҳалаў көрсеткишлери** |
|---|---|---|
| **1.** | Проект презентациясы бойынша көрсетпеге әмел қылыў. | Көрсетпе избе-излиги болса, макс. 2,5 балл |
| **2.** | Слайдларды техникалық көрсетиў көрсетпесине әмел қылыў. | Презентация таярлаўда көрсетпеге әмел қылынған болса, 1,0 балл |
| **3.** | Презентацияны рәсмийлестириў көрсетпесине әмел қылыў | Презентацияны рәсмийлестириў көрсетпесине әмел қылынған болса, 1,5 балл |

**Орынланған проект бойынша есабатты баҳалаў**

| **№** | **Бахалаў критерийи** | **Бахалаў көрсеткишлери** |
|---|---|---|
| **1.** | Есабатты таярлаў бойынша көрсетпеге әмел қылыў | Есабат дүзилиси көрсетпеге муўапық болса, макс. 0,5 балл |
| **2.** | Таңланған теманың актуаллығы | Таңланған тема актуаллығы тийкарланған болса, макс. 0,5 балл |
| **3.** | Проблеманың дәлийлленгенлиги | Проблема дәлийлленген болса, макс.0,5 балл |
| **4.** | Ўазыйпалар ҳәм пректқатнасыўшылары искерлиги түрлериниң көрсетилиўи | Ўазыйпа ҳәм проект қатнасыўшыларының искерлиги анық белгиленген болса |
| **5.** | Ўазыйпа бойынша проекттиң ис нәтийжелериниң көрсетилиўи | Ўазыйпалар бойынша ис нәтийжелери орынлаўшылар көрсетиў менен, анық келтирилген болса, макс. 1,0 балл |
| **6.** | Жуўмақ ҳәм усыныслардың берилиўи | Жуўмақта усыныс ҳәм көрсетилип атырған проектти әмелиятқа енгизиў әҳмийети жарытылған болса, макс. 1,5 балл |

| | | |
|---|---|---|
| **7.** | Пайдаланылған дереклер дизиминиң көрсетилиўи | Пайдаланылған дереклер дизими орынланған ислер бойынша группаларға бөлинген ҳәм стандарт талапларына муўапық рәсмийлестирилген болса, 0,2 балл |
| **8.** | Қосымшалардың барлығы | Қосымшаларда проект қатнасыўшылары анкеталары ҳәм проект исиниң ис материаллары болса, 1,0 балл |

**Орынланған проекттиң аўызеки презентациясы ҳәм орынланған проектти корғаўды баҳалаў**

| № | **Баҳалаў критериясы** | **Баҳалаў көрсеткишлери** |
|---|---|---|
| **1.** | Аўызеки презентация кағыйдасына рәсмий әмел қылыў | Проект қатнасыўшылары менен танысыў менен басланыўы<br><br>Сөзге шығыўшылардың белгиленген ўақытқа әмел қылыўы (7 – 15 мин.);<br><br>Презентация ўақтында әдепсизлик ҳалатларына жол коймаўы, макс. 0,2 балл |
| **2.** | Проектти қорғаў | Презентацияда топардың барлық ағзалары қатнасқан болса, макс. 1 балл |
| | | Жуўаплар тийкарланған, анық болса, макс. 0,8 балл |

**1-вариант**

1. Философия не ҳаққында илим, оның изертлейтуғын нызамлары қандай?

A) Данышпанлықты суйиўшилик

B) Ол тек конкрет илимлердиң жетискенликлерин жуўмақлаў менен шекленеди ҳәм дбньяға көз-қараслық статусқа ийе

C) Адамзаттың билиўин изертлейди

*D)Тәбияттың, жәмийеттиң ҳәм адамзат ойлаўының ең улыўма раўажланыў нызамлары ҳаққында илим

2. Ҳәзирги ғәрезсизлик дәўириндеги философияның тийкарғы ўазыйпасы.

A) Пролетариаттың илимий қуралы болыў

B) Философиядан толығы менен идеологияны сапластырыў

C) Бурынғыша ҳәкимшилик - буйрықпазлық идеологияны жақлаў

*D)Республикамыздың прогрессив жолының, ғәрезсизлик сиясатының методологиялық қуралы ҳәм улыўма теориялық негизи болыў

3) Философияның тийкарғы мәселеси.

A) Дүньяның затларының ҳәм қубылысларының пайда болыўының ең дәслепки себепшиси

B) Дүньяны қудай жаратты ма ямаса мәңги жасай ма?

C) Филоссфияның тийкарғы мәселеси бул натуўры мәселе

*D) Ойлаўдың болмысқа қатнасығы ҳәм оның еки тәрепи ҳаққындағы мәселе

4. Әййемги Қытай диалектикасының ең көрнекли ўәкили

A) Конфуции

*B) Лао-цзы

C) Ван-Чун

D) Сюнь-цзы

5. Әййемги Грециядағы Милет мектебиниң тийкарын салыўшысы

A) Анаксагор

B) Пифагор

C) Платон

*D) Фалес

6. Әййемги Грецияда диалектикалық тәлийматтың тийкарын салыўшы

A) Анаксимен

B) Ксенофан

*C) Гераклит

D) Эпикур

7. Европадағы феодализм дәўириндеги қарама-қарсы философиялық бағдарлар
A) Демокрит ҳәм Платон философиялық линиясы
B) Рационализм ҳәм эмпиризм
*C) Реализм ҳәм номинализм
D) Суннизм ҳәм шиизм

8. Орта әсирлерде католик ширкеўиниң рәсмий философиясының тийкарын салыўшысы
A) Августин
B) Абеляр
*C) Фома Аквинский
D) Ереугена

9. Орайлық Азияның көрнекли ойшылларының шығармалары` Наўайы
A) Индия ҳаққында китап
B) Шежире
C) Шах намэ
*D) Чардивон

10. Орайлық Азияның көрнекли ойшылларының шығармалары` Бердақ
A) Индия ҳаққында китап
*B) Шежире
C) Шах намэ
D) Даниш-номэ

**2-вариант**

1. Ояныў дәўириниң ойшыллары ояныў дәўириниң социологиялық ағымларының көрнекли ойшыллары
A) Н.Кузанский, Леонардо да Винчи, Б.Телезио
B) Н.Коперник, Дж.Бруно, И.Кеплер
C) Т.Мор, Т.Кампанелла, Т.Мюнцер
*D) Н.Макиавелли, Ж.Боден, Г.Гроции

2. Ояныў дәўириниң ойшыллары XV-XVI әсирлер философиясының көрнекли илимпаз-ойшыллары
*A) Н.Кузанский, Леонардо да Винчи, Б.Телезио
B) Н.Коперник, Дж.Бруно, И.Кеплер
C) Т.Мор, Т.Кампанелла, Т.Мюнцер
D) Н.Макиавелли, Ж.Боден, Г.Гроции

3. Жаңа заман дәўириниң философиялық ағымлары ҳәм олардың көрнекли ўәкиллери XVII әсирдеги субстанция ҳаққында тәлийматлардың ўәкиллери

A) Кант, Гегель, Фейербах

*B) Декарт, Спиноза

C) Бэкон, Гоббс, Локк

D) Гольбах, Дидро, Ламетри

4. Жаңа заман материалистлери, әсиресе қайсы методологияны раўажландырды?

A) стихиялық диалектиканы

B) схоластиканы

*C) метафизикалық методты

D) диалектикалық методты

5. Ҳәзирги заманның белгили философиялық ағымлары ҳәм олардың ўәкиллери: Постпозитивистлер

A) Коген, Наторп-Виндельбанд, Риккерт

B) Хабермас, Шлейермахер

C) Кьеркегор, Хайдеггер, Ясперс

*D) Поппер, Лакатос, Кун

6. Ҳәзирги заманның белгили философиялық ағымлары ҳәм олардың ўәкиллери Неотомистлер

A) Коген, Наторп-Виндельбанд, Риккерт

B) Хабермас, Шлейермахер

C) Кьеркегор, Хайдеггер, Ясперс

*D) Маритэн, Жильсон, Тейяр де Шарден

7. Ҳәзирги заманның белгили философиялық ағымлары болмыстың тийкарғы себепшиси ҳаққында Неотомистлер

A) Жигер

B) Сезимлер

*C) Қудай

D) Практика ҳәрекети

8. Ҳәзирги заманның белгили философиялық ағымлары болмыстың тийкарғы себепшиси ҳаққында Прагматистлер

A) Жигер

B) Сезимлер

C) Қудай

*D) Практика ҳәрекети

9. Моралдың категорияларын көрсетиң?

A) Жақсылық ҳәм Жаманлық

B) Бахыт

C) Ар-намыс, хүждан

*D) Ҳәмме жуўап дурыс

10. Эстетикалық сананың компонентлерин көрсетиң

A) Искусство, гөзаллық

B) Эстетикалық талғам, эстетикалық сезим

C) Эстетикалық идеал, эстетикалық теориялар

*D) B ҳәм C

**3-вариант**

1. Ҳәрекеттиң тийкарғы формалары Механикалық

A) Натрий менен хлордың қосылыўының нәтийжесинде дуздың пайда болыўы

B) Чайнекте суўдың қайнап баслаўы

C) Феодализмнен капитализмге өтиў

*D) Жердиң Қуяш дөгерегинде айланыўы

2. Ҳәрекеттиң тийкарғы формалары Физикалық

A) Натрий менен хлордың қосылыўының нәтийжесинде дуздың пайда болыўы

*B) Чайнекте суўдың қайнап баслаўы

C) Феодализмнен капитализмге өтиў

D) Теректиң раўажланыўы

3. Кеңислик деген не?

A) Затлардың ҳәм қубылысларды жасаў орны болған олардан ғәрезсиз жасайтуғын субстанциясы

B) Тәбиятта жоқ бизиң санамыздың билиў қуралы ретинде пайдаланатуғын априорлы категория

*C) Затлардың тийкарғы жасаў формасы ҳәм бирге жасаўының өз-ара қатнасығы.

D) Атомлардың жасаў орны ҳәм ҳәрекетте болыўының зәрбрли жағдайы-шеги жоқ бослық.

4. Ўақыт деген не?

*A) Затлардың арасындағы избе-излик қатнасықларды билдиретуғын ҳәрекеттеги материяның тийкарғы жасаў формасы

B) Затлардан ҳәм қубылыслардан ғәрезсиз жасайтуғын нақ узақлықтың ағымын билдире-туғын субстанция

C) Ўақыт тәбиятта жоқ нәрсе. Ол априролық категория, билиў қуралы

D) Сезиўлик билиўдиң формалары менен бара-бар түсиник

5. Адамзат билиў барысының негизги басқышлары

A) Эмпириялық-теоретикалық-интуитивлик

B) Затлардың сыртқы қубылысынан-затлардық ишки тийкарына

*C) Сезимлик-ойлаў- практика

D) Жеккелик-даралық-ғалабалық

6. Шынлық деген не?

A) Шынлық бул анық ҳәм айқын билиў

B) Шынлық-обьектив дбньяның сбўретлемеси емес, ал адамлардың келисиминиң нәтийжеси

C) Диний режелерге тийкарланған билимлер

*D) Адамзат практикасында тастыйықланған бизиң билимимиздиң мазмунының обьектив реаллыққа уқсаслығы

7. Диалектиканың категориялары ҳәм мысаллары Жеккелик ҳәм улыўмалық

A) Ыссылықтың көбейиў ҳәм муздың ериўи

B) Ериктиң шаңғалағы ҳәм ериқтиң нәли

*C) Ерназар бий ҳәм халық қаҳарманы

D) Углеродтың кислород пенен қосылыўы ҳәм оттың лаўлап жаныўы

8. Диалектиканың категориялары ҳәм мысаллары Себеп ҳәм нәтийже

*A) Ыссылықтың көбейиўи ҳәм муздың ериўи

B) Ериктиң шаңғалағы ҳәм ериқтиң нәли

C) Ерназар бий ҳәм халық қаҳарманы

D) Углеродтың кислород пенен қосылыўы ҳәм оттың лаўлап жаныўы

9. Жәмийеттиң социаллық дүзилиси

A) руў, қәўим, халық миллет

*B) этникалық, класслық, демографиялық, профессионаллық-билим бериў, жайласыў структурасы

C) демографиялық топарлар ғана

D) стратлар

10. Жәмийетлик психология

*A) жәмийетке, үлкен социаллық топарларға тән сезимлер, көңил-күй, үрп-әдет, дәстүр нийетлердиң жыйынтығы

B) теориялық көз-караслар

C) жеке пикир ғана

D) үрип-әдетлер, дәстүрлер

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# ТЕСТ ТАПСЫРМАЛАРЫ

**Нөкис-2018**

| № | Тест тапсырмасы | Туўры жуўап | Муқобил жуўап | Муқобил жуўап | Муқобил жуўап |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | “Адам ол узақ ойлағанындай дүньяның статикалық орайы емес, ал эволюцияның көшери ҳәм шыңы. Бул көбирек гөззаллыққа ийе” деген пикир қайсы алымға тийисли? | П.Тейяр де Шарден | Д.Шопенгауэр | К.Маркс | П.Сорокин |
| 2 | “Адам зыянлы мақлуқат, ол тәбияттың халтурасы” пикириниң ийеси… | Д.Шопенгауэр | П.Тейяр де Шарден | К.Маркс | П.Сорокин |
| 3 | Философия тарийхында ойшыллар адамның тийкары ҳаққында Гоббс | Адам басқа адамларға қасқыр | Адамның тийкары өндирис қатнаслардың жыйынтығы | Адам бизди қоршаған тәбияттың уллы өними | Адам қараматлы күштиң еркинлик ҳәрекетиниң өними |
| 4 | Философия тарийхында ойшыллар адамның тийкары ҳаққында` Фейербах | Адам бизди қоршаған тәбияттың уллы өними | Адам басқа адамларға қасқыр | Адам қараматлы күштиң еркинлик ҳәрекетиниң өними | Адамның тийкары өндирис қатнаслардың жыйынтығы |
| 5 | Адамды дәслеп тири емес, соңынан тири затлықтың эволюциясының продукты сыпатында тәрийплеген алым… | Ч.Дарвин | П.Сорокин | П.Тейяр де Шарден | Д.Шопенгауэр |
| 6 | Философиялық антропология | Адамды философиялық аспектте изертлейтуғын тәлиймат | Адамзат баҳалықлары туўралы илим | Адамның келип шығыўын ғана изертлейди | Алғашқы мифлерди изертлейди |
| 7 | Алғашқы дүзим тусында эндогамия | Бир руў ишинде жупласыў | Еки руў шегараында жупласыў | Үш руў шегарасында жупласыў | Парықсыз жупласа бериў |
| 8 | Бүгинлигинде өмир ҳәм өлим проблемасының қайсы тәрепине дыққат күшейип атыр? | Социаллық-этикалық | Медициналық | Биологиялық | Демографиялық |
| 9 | “Өлимге ҳуқық”… | Өмирден ерикли кетиў | Өмир ҳәм өлимниң парқын анықлаў | Өмирди я өлиўди таңлаў | Жуўапкершиликтен ўаз кешиў |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **10** | Эвтаназия… | Пациенттиң тилеги бойынша оның ақырын өлтирилиўи | Билқастан адамның өлтирилиўи | Врачтың қәтеси себепли наўқас адамның өлип қалыўы | Адамның өзине-өзи жан қаслық қылыўы |
| **11** | Эвтаназияға қарсы көз-қараслар | Медицинаның тоқтаўсыз раўажланыўы, илимий-техниканың раўажланыў жетискенликлери, врачтың қәтеси | Өлимди санаға сыйдыра алмаслық | Жаманлықты жек көриўшилик сезим | Уят сезими |
| **12** | Реаль философиялық гуманизм… | Адам өмириниң мәниси, жекелик, индивидуаллықтың улыўмаинсанийлығы, идеаллық | Индивидуаллық | Жекелик | Адамның адамнан парқы |
| **13** | Демографиялық проблемалар… | Глобаллық проблемалардың ақыбетлери, халықтың санының көбейе бериўи | Қураллы конфликтлер | Саўатсызлық | Экологиялық проблемаға бара-бар |
| **14** | Адамның мәнисин қурайтуғын субстанция | Мийнет | Жуўапкершилик | Информациялық қураллар | Еркинлик |
| **15** | Адамның мәниси оның конкрет-эмпириялық көринисинде | Индивидуаллыққа, улыўмаинсанийлыққа, жекеликке ийе | Тек индивидуаллыққа ийе | Адамның сөйлеўи менен шекленеди | Адамның денеси менен минезленеди |
| **16** | Томас Гоббс… | Адам – тәбияттың бөлеги, сол себепли адам адамға қасқыр | Адам ҳәм дене ҳәм жанның бирлигинен ибарат | Адамның турмысы механикалық күш-қуўатқа ийе | Адам-тәбияттың бөлеги, сол себепли адам адамға дос. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **17** | Рене Декарт… | Адамның руўхый турмысы механикалық күш-қуўат ҳәм ҳәрекетлердиң жыйындысы | Адам ерк ҳәм ойлаў уқыбына ийе жаннан турады. | Адам – дене ҳәм жанның бирлиги | Адам жансыз денеден турады |
| **18** | Бенедикт Спиноза… | Адам – тәбияттың бөлеги, дене ҳәм жанның бирлиги | Адам ҳәм дене ҳәм жанның бирлигинен ибарат | Адамның руўхый турмысы механикалық күш-қуўат ҳәм ҳәрекетлердиң жыйындысы | Адам тәбияттың бөлеги болар екен, ол тек тәбият нызамларына ғана бағынады. |
| **19** | Ламетри жәмийеттиң раўажланыўының тийкарғы себеплери ҳаққында | Уллы адамлардың искерлиги ҳәм мәрипет | Қудай | Адамның тилеги ғана | Адамдағы индивидуализм |
| **20** | Фейербахтың пикиринше, адамның мәниси… | Философияның бирден-бир универсаллық, жоқары предмети | Адамның ойы | Адамның еркинлиги | Сана |
| **21** | Адам…. | тарийхтың алғы шәрти ҳәм нәтийжеси | адам тек биологиялық қубылыс | тарийхтың алғы шәрти ғана | тарийхтың нәтийжеси ғана |
| **22** | Обьектив шараятлар | адамлардың еркинен ҳәм сапасынан бийғәрез феноменлер ҳәм шараятлар | тек материаллық қубылыслар | тек руўхый қубылыслар | адамның саналы искерлиги |
| **23** | Ҳәрекет дегенимиз не? | Материяның ҳәр бир өзгерислери арқалы көринетуғын жасаў усылы | Затлардың кеңисликте орын өзгертиўи | Затлардың тек жай санлы көбейиўи ямаса азайыўы | Материяның өз тәбиятынан келип шықпайтуғын сырттан енгизилген күш |
| **24** | Философия илиминиң пайда болыўының ҳәм раўажланыўының тийкарғы себеби | адамзат практикасының ҳәм билиўиниң талабы ҳәм раўажланыў дәрежеси | мәмлекетлердиң пәрманлары | караматлы күштиң жигерлиги, еркинлиги | дана адамлардың ойлары, пикирлери |
| **25** | Христиан апологет лериниң тийкарғы ўазыйпасы кандай? | Христианшылықтын алдынғы динлерден үстин екенлигин дәлийллеў | Қудайдын бар екенлигин дәлийллеў | Бир пүтин христиан-шылық тәлийматын жаратыў | Кәраматлы жазыўларды Европа тиллерине аўдарыў |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **26** | Библия канонларына киргизилмеген ерте христианшылық әдебияты шығармасы? | Апологиялар | Апокрифлер | Евангелия | Хроник |
| **27** | Қудай дүньяны жоқтан бар қылған деген дүньяға көз-қараслық принцип не деп аталады? | Креационизм | Диалектика | Дуализм | Монотеизм |
| **28** | Августин пикири бойынша, адамнын ен жоқары қәбилети не? | Қудайға исениў | Ақыл | Интуиция | Дөретиў |
| **29** | Қайсы философ Платонның жанның мәңгилиги ҳаққындағы идеяларын қабыл етеди, бирақ руўхлардың басқа денелерге өтиўи ҳаққындағы көз-қарасын тән алмайды.? | Августин | Ориген | Ансельм | Бруно |
| **30** | Дене ҳәм жаннын бир биринен ғәрезсизлигин тастыйықлаған орта әсир ойшылы ким? | Августин | Абеляр | Скотт | Боэций |
| **31** | Аврелий Августин пикиринше, «жердин патшалығы» нан «қудай патшалығы»на қалайынша өтиўге болады? | Аскетизм арқалы | Жақтыланыў ҳалатына умтылыў менен | Сыйыныў арқалы Қудайға умтылыў менен | Билимлерди ийелеў арқалы |
| **32** | Орта әсир Батыс философиясынын көрнекли ўәкили? | Ф.Аквинский | М.Хайдеггер | К.Маркс | Ж.Сартр |
| **33** | Қайсы философ ушын Қудайдын болмысын дәлийллеў орайлық проблема есапланады? | Ф.Аквинский | Августин | Абеляр | Толланд |
| **34** | Фома Аквинский алға сүрген идея? | Қудай болмысынын 5 дәлийли | Төрт шынлық | Христиан нәсиятлары | Жаннын мәнгилиги |
| **35** | Ортодоксаллық схолостикаға белгили үлес қосқан монах? | Ф.Аквинский | Августин | Нил Сорский | Иоанн Росцелин |
| **36** | Аристотелизм менен теологияны бириктириўге умтылған Батыс Европалық ойшыл? | Ф.Аквинский | Августин | Нил Сорский | Иоанн Росцелин |
| **37** | Фома Аквинскийдин тәлийматынан келип шыққан ҳәзирги заманнын философиялық бағдары кандай? | Неотомизм | Атомизм | Неоплатонизм | Томизм |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **38** | Августинниң жәмийет ҳаққындағы көз-қараслары кандай мазмунға ийе. | Диний | Илимий | Руухый | Теориялык |
| **39** | Августинниң кайсы шығармасында тарийх философиясы өзгеше тәризде ислеп шығылган? | “Иләҳий салтанат ҳаққында” | Төрт шынлық | Христиан нәсиятлары | Жаннын мәнгилиги |
| **40** | Европада антикалық идеаллардын қайта тикленген дәўири? | Ояныў дәўири | Орта әсир | Ағартыўшылық | Жана заман |
| **41** | Ренессанстын белгиси не? | Антропоцентризм | Теоцентризм | Натуроцентризм | Космоцентризм |
| **42** | Кайсы бири ояныў дәўири философиясына тийисли? | Антикалық мәдениятты күсеў | Илимнин аҳмийетин бийкарлаў | Караматлы жазыўларды үйрениў | Ақырзаман болатуғынына исениў |
| **43** | Ояныў дәўиринде барлық нәрселердин ҳәм қатнаслардын өлшеми болған тийкарғы объект? | Адам | Тәбият | Кудай | Космос |
| **44** | Ояныў дәўиринин антисхоластикалық белгиси неде көринеди? | Орта әсирлер философиясы критикасында | Шығыс философиясы критикасында | Антикалық философия критикасында | Аристотель философиясын критикасында |
| **45** | Инсанның дүньядағы орны, әҳәмийети ҳәм ўазыйпасы, жасаўының мазмуны ҳәм мақсети бул не? | Гуманизм (инсанийлық) | Рационализм | Иррационализм | Теоцентризм |
| **46** | Ояныў дәўириндеги жеке индивидти ҳәм жәмийетти қарама-қарсы қоятуғын дүньяға көз-қарас типи? | Индивидуализм | Рационализм | Иррационализм | Теоцентризм |
| **47** | Ояныў дәўиринде схоластикаға ҳәм ширкеўге карсы турған тәлиймат? | Гуманизм | Пантеизм | Рационализм | Материализм |
| **48** | Адамды әлемнин орайына қойып қарайтуғын дүньяға көз-қарас? | Антропоцентризм | Провендиализм | Космоцентризм | Скептицизм |
| **49** | XV-XVI әсирлер философиясының көрнекли илимпаз-ойшыллар? | Н.Коперник, Дж. Бруно, И.Кеплер | Т.Мор, Т.Кампанелла,Мюнцер | Н.Макиавелли, Ж.Боден, Г.Гроции | Н.Кузанский, Л.да Винчи, Телезио |
| **50** | Ф.Беконның пикиринше, Емпирия бул - | Експериментке тийкарланған тәжирийбе | Шекленген сезиўлик қабыллаў | Заттың өзине тийимли болған формасы | Заттың санада сәўлеленген ойдағы образы |
| **51** | Ф.Беконның «Жаңа Оргонон» шығармасында сынға аланады | Аристотелдиң логикасы | Ф.Аквинскийдиң теологиясы | Платонның диалектикасы | Нютонның космологиясы |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **52** | Ф.Беконның «идоллар» тәлийматы бойынша,куяштың жер әтирапында әйланыўы қандай идол болады? | Руў идолы | Үңгир идолы | Базар идолы | Театр идолы |
| **53** | Емпиризмниң тийкарын салыўшысы, «билим бул-күш» лозунгиниң авторы | Бекон | Волтер | Беркли | Декарт |
| **54** | Беконның тәжирийбелерди «жемисли» (плодоносные) ҳам «жақтылы» (светоносные деп бөлиўи билиўдиң қайсы түрлерине сәйкес келеди? | Емпирикалық ҳәм теориялық | Сезиўлик ҳәм ратсионаллық | Әмелий ҳәм фундаменталлық | Тәбиий илимий ҳәм материалистлик |
| **55** | «Жаңа Оргонон» шығармасының авторы | Бекон | Мор | Гоббс | Спиноза |
| **56** | «Нәмениң ҳәммеге қарсы урысы тәбиий жағдай» деп көрсеткен философ? | Гоббс | Фихте | Дидро | Локк |
| **57** | Жәмийетлик келисим теориясын қоллап куўатлайды | Гоббс | Аристотел | Платон | Гегел |
| **58** | Гоббс бөлип көрсеткен мәмлекетлик ҳәкимияттың түрлери | Демократия, аристократия, монархия | Аристикратия, тирания, демократия | Олигархия, монархия, авторитаризм | Монархия ,Республика, сотсиализм |
| **59** | «Левиафан» шығармасының авторы | Гоббс | Волтер | Дидро | Петрарка |
| **60** | Гоббстың көз-қарасында Актсидентсия болмайды…? | Субстантсия | Нәрекет | Тынышлық | Рең |
| **61** | Гоббстың пикиринше, мамлекет тәбият нызамларын | Жәмийетлик нызамлар менен алмастырады | Раўажландырады ҳәм жетилистиреди | Қосымшалар киргизеди | Тиккелей пайдаланады |
| **62** | Гоббс қандай мәмлекетлик ҳәкимиятты қоллап куўатлады? | Монархиялық | Демократиялық | Аристократиялық | Олигархиялық |
| **63** | Материалистлик сенсуализм принтсипин тийкарлап берген философ | Локк | Гоббс | Спиноза | Шеллинг |
| **64** | Локк бойынша ҳәр қандай билиўдиң тийкарында не турады | Сезиў | Ой | İнтуитсия | Тәжирийбе |
| **65** | Локктың пикиринше, адам еркинлиги | Басқа адамлардың еркинлиги менен шекленген | Абсолют ҳәм ҳеш ким тәрепинен қадағаланбайды | Салыстырмалы, адамның конкрет жағдайынан ғәрезли | Мәмлекет тәрепинен шекленген |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **66** | Декарт ушын ол «ҳеш қандай материаллық нәрселерден ғәрезли емес» ти анықлаң | Ойлаўшы Мен | Реал барлық | Абсолют мазмун | Көринип турған қубылыс |
| **67** | Декарттың пикири бойынша материя ҳәм руўхый субстантсия | Бир биринен ғәрезсиз жасайды | Бир-бири менен тығыз байланыслы | Бир бирине қарама- карсы, гүресиўде болады | Бир-биринен бөлек өмир сүреди, бири екиншисин бийкарлайды |
| **68** | Декарт бойынша материяның тийкарғы атрибуты | Кеңисликте жайласыўы | Мәңгилик | Өзгериўшеңлик | Бөлиниўи |
| **69** | Декарт философиясының тәсиринде раўажланған бағдарды көрсетиң | Механикалық тәбийий билимлер | Диалектикалық материа лизм | Обективлик идеализм | Пртестантлық теология |
| **70** | «Ойлайман, демек мен жасайман» кимге тийисли | Декарт | Фома Аквинский | Волтер | Бекон |

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# ПИТКЕРИЎ ЖУМЫСЛАРЫ УШЫН ТЕМАЛАР

**Нөкис-2018**

1.Адам  ҳәзирги заман өндирисиниң субъекти сыпатында

2. Жәмийеттиң социаллық болмысының системалылығы (системность)

3. Социаллық стратификацияның философиялық проблемалары

4.Этникалық ҳәм демографиялық структуралар социаллық өмирдеги биологиялылықтың сәўлеси сыпатында

5.Адамның социаллық идентификациясында жеке таңлаўдың ролиниң күшейиў мәселеси

6. Жәмийеттиң руўхый өмириниң тийкарғы мазмуны ҳәм өзгешеликлери

7. Жәмийетлик сана ҳәм оның структурасы

8. Жәмийетлик психология, массалық сана ҳәм идеология түсиниклери ҳәм олардың өз-ара байланыс мәселеси

9. Жәмийетлик сана формалары, олардың өз-ара қатнасы ҳәм тарийхый динамикасы проблемасы

10. Адам ҳәм руўхыйлық .

11. Философияда сана проблемасы

12. Саналылық проблемасы: социаллық-этикалық аспектлери

13. Адамның интеллектуаллық раўажланыўының тийкарғы факторлары

14. Философияда саналылық ҳәм санасызлық мәселеси

15. Руўхыйлықтың генезиси: материалистлик ҳәм идеалистлик көз-қараслардың өзгешеликлери

16. Жәмийетлик ҳәм индивидуаллық сана, олардың диалектикалық өз-ара байланысы

**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

**БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# ГЛОССАРИЙ

**Нөкис-2018**

| Термин | Қарақалпақ тилиндеги түсиндирмеси | Инглиз тилиндеги түсиндирмеси |
|---|---|---|
| ***Философия*** | Адам-дүнья системасының ең улыўмалық нызамлықларын үрениўши пән | Science about general law of the system of the person-world |
| ***Онтология*** | Болмыс мәселелерин үйрениўши философияның тараўы | Branch philosophy which researches questions to be |
| ***Гносеология*** | Билиў мәселелерин үйрениўши философияның тараўы | Branch philosophy which researches questions of the cognition |
| ***Диалектика*** | Раўажланыў ҳәм өз-ара байланыслар ең улыўмалық нызамлықларын үйрениўши философияның тараўы | Branch philosophy which researches questions an intercoupling and developments |
| ***Социаллық философия*** | Жәмийеттиң ең улыўмалық нызамлықларын үйрениўши философияның тараўы | Branch philosophy which researches most general laws society |
| ***Болмыс*** | Бар болыў, өмир сүриўди аңлатыўшы категория | Category which reflects characteristic to be |
| ***Материя*** | Инсан санасынан ғәрезсиз жасайтуғын ҳәм сезиўлерде сәўлеленетуғын объектив реаллық | Objective reality which exists regardless of consciousnesses and is reflected in sensations |
| ***Ҳәреке***т | Материяның тийкарғы өмир сүриў усылы, материяда жүз беретуғын ҳәр қандай өзгерис | Main way of existence to matters, any change to matters |
| ***Ўақыт*** | Материяның тийкарғы өмир сүриў формасы, материяда жүз беретуғын өзгерислердиң избе излиги | Main form of existence to matters, order of the changes to matters |
| ***Кеңислик*** | Материяның тийкарғы өмир сүриў формасы, материяның жайласыў тәртиби | Main form of existence to matters, order device to matters |
| ***Раўажланыў*** | Қайталанбайтуғын сапалы өзгерислер | Not repeated qualitative change |
| ***Сан*** | Предмет, қубылыс ямаса процесстиң басқа қубылыс ҳәм процесслер менен уқсаслығын көрсетиўши тийкар | Central to comparison of the things |
| ***Сапа*** | Нәрсени басқа нәрселерден айрмашылығын көрсетиўши қәсийетлердиң бир пүтинлиги | Central to determination of the things |
| ***Өлшем*** | Сан менен сапаның бирлиги | Unity quality and amount |
| ***Секириў*** | Үзиликсизликтиң үзилиўи, бир сападан екинши сапаға өтиў | Failure of the gradual relationships transition from one quality to another |
| ***Тийкар*** | Ҳақыйқатлықтың ишки салыстырмалы турақлы тәрепи | Internal, relatively firm side belongings |
| ***Қубылыс*** | Ҳақыйқатлықтың сыртқы өзгермели тәрепи | External, comparative unstable side belongings |
| ***Мазмун*** | Предметтиң, қубылыстың, процесстиң белгилери, қәсийетлериниң жыйнағы | Collection of all sides and relationships from which consists thing |
| ***Форма*** | Мазмунның өмир сүриў, раўажланыў, көриниў усылы | Way existence of the contents, things device order |

| | | |
|---|---|---|
| ***Себеп*** | Өз ара тәсир етисиўде қубылысты келтирип шығарған тәреп | Side of the interaction which defines change |
| ***Нәтийже*** | Өз-ара тәсир етисиўде қубылысты келтирип шығарған тәреп | Side of the interaction, which is defined by change |
| ***Зәрүрлилик*** | Предметтиң, процесстиң өмир сүриўиниң ҳәм раўажланыўының ишки себеплери менен анықланатуғын тәрепи | Change defining internal reason |
| ***Тосынанлық*** | Предметтиң, процесстиң өмир сүриўиниң ҳәм раўажланыўының сыртқы себеплер менен,оның қоршаған орталықтың басқа предметлери менен тәсир етисиўинде анықланатуғын тәрепи | Change defining external reason |
| ***Ҳақыйқатлық*** | Болған, ҳәзир бар, реал өмир сүриўши нәрсе | Belongings  exists here and presently |
| ***Мүмкиншилик*** | Еле жоқ көриниўи, жасаўы мүмкин болған нәрсе | Belongings can exist |
| ***Сәўлелендириў*** | Өз-ара тәсир етисиў процессинде сәўлелениўши предметтиң қәсийетлериниң екинши бир предметте қайта тиклениўи | Reconstruction quality one belongings on another in process of the interaction |
| ***Сана*** | Объектив дүньяның субъектив образы | Subjective image of the objective world |
| ***Санасызлық*** | Сананың қурамында болып, бирақ оның басқарыўында болмайтуғын процесслер | Side of the consciousness which is not adjusted by consciousness |

ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ

ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ

**«Инсан философиясы»**
**модулинен**

# ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

**Нөкис-2018**

## Әдебиятлар

### I. Өзбекистан Республикасы Президентиниң шығармалары

1. И.Каримов. Озод ва обод Ватан эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз, 8-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2000.

2. И.Каримов. Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз, 9-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2001.

3. И.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т.: “Маънавият”. –Т.: 2008.-176 б.

4. И.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т.: “Ўзбекистон”. –Т.: 2011.-440 б.

### II. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер

1. ЎзбекистонРеспубликасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2011 йил 20 майдаги “Олий таълим муассасаларининг моддий-техника базасини мустаҳкамлаш ва юқори малакали мутахассислар тайёрлаш сифатини тубдан яхшилиш чора-тадбирлари тўғрисидаги” ПҚ-1533-сон Қарори.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2015 йил 12 июндаги “Олий таълим муасасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида” ги ПФ-4732-сон Фармони.

4. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2006 йил 16-февралдаги “Педагог кадрларни қайта тайёрлаш ва уларни малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш тўғрисида”ги 25-сонли Қарори.

5. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 26 сентябрдаги “Олий таълим муассасалари педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 278-сонли Қарори.

### Ш. Арнаўлы әдебиятлар

1. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технологиялар ва педагогик маҳорат. – Т.: Молия, 2003. – 192 б.

2. Арипов М. Интернет ва электрон почта асослари.- Т.; 2000. – 218 б.

3. Баркалов С.А. Системный анализ и принятие решений.– Воронеж: НПЦВГУ,2010. 662с.

4. DUET-Development of Uzbekistan English Teachers*- 2-том. CD ва DVD материаллари, Тошкент.: 2008.

5. Michael McCarthy “English Vocabulary in use”. Cambridge University Press, 1999, Presented by British Council.

6. Исмаилов А.А, Жалалов Ж.Ж, Саттаров Т.К, Ибрагимходжаев И.И. Инглиз тили амалий курсидан ўқув-услубий мажмуа. Basic User/ Breakthrough Level A1/-Т.: 2011. – 182 б.

7. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Таълимда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: "Истеъдод" жамғармаси, 2008. – 180 б.

8. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Тарбияда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: "Истеъдод" жамғармаси, 2009. – 160 б.

9. Норенков И.П., Зимин А.М. Информационные технологии в образовании. Учебное пособие.М.: Изд. МГТУ им. Н.Баумана.2002.-336с.

10. Симонович СВ., Евсеев Г.А., Мураховский В.И. WINDOWS: лаборатория мастера: Практическое руководство по эффективным приемам работы с компьютером - М.: АСТ-ПРЕСС: Информком-Пресс, 2000. - 656 с.

11. Спицнадель В.Н. Основы системного анализа. Учебное пособие.– Санкт-Петербург: Издательский дом «Бизнес-пресса»,2000.–17с.

12. Зеер Э.Ф., Шахматова Н. Личностью ориентированные технологии профессиональногоразвития специалиста. – Екатеринбург, 1999. – 244 с.

13. Саттаров Э., Алимов Х. Бошқарув мулоқоти. – Т.: "Академия", 2003. – 70 б.

14. Маҳмудов И.И. Бошқарув психологияси. – Т.: 2006. – 230 б.

15. Маҳмудов И.И. Бошқарув профессионализми: психологик таҳлил. – Т.: "Академия", 2011. – 154 б.

16. Шарипов М., Файзиходжаева Д. Мантиқ. – Т.: Ғ.Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи. 2004. –214 б.

17. Пулатова Д., Файзиходжаева Д. Мантиқ. – Т.: "Premier Print". 2013. – 324 б.

18. Файзиходжаева Д. Мантиқ.Изоҳли луғат. – Т.: "TAMADDUN". 2015. – 272 б.

19. Абдулла Шер. Ахлоқшунослик / Дарслик.Тошкент: Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти, 2010.

20. Абдулла Шер. Эстетика / Дарслик. Тошкент: Шарқ, 2014.

21. Абдулла Шер, Баҳодир Ҳусанов. Эстетика /Услубий қўлланма. Тошкент: Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти, 2010.

22. Муҳаммаджонова Л. Давлат хизматчиси этикаси ва имиджи / Ўқув қўлланма. Тошкент: Университет, 2014.

23. Нурматова М., Муҳаммаджонова Л. Маънавиятнинг ахлоқий асослари /Ўқув қўлланма. Тошкент: Университет, 2013.

24. Пулатова Д.А., Жалолова Ў.К., Рўзматова Г.М. Ахлоқшунослик /Ўқув қўлланма. Тошкент: Premier print, 2011.

## IV. Қосымша әдебиятлар:

1. Фалсафа қомусий луғат. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2005

2. Ғарб фалсафаси. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2004

3. Шарқ фалсафаси. / Н.Иброҳимов таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2006
4. Фалсафа. Қисқа изоҳли луғат. Абдуллаева М. таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2004.
5. Зотов И.В.Бытие и сущее. –М.: Современные тетради, 2005.
6. Аршинов В.И. Синергетика как феномен постклассической науки. М. 1999.
7. Ахмедова М. Основы философии. -Т.: Узбекистан, 1998. -340 с.
8. Спиркин В. Бытие // Философия. Учебник. –М.: Канон, 2001. -500 с.
9. Философский энциклопедический словарь / под ред. Л.Ф.Ильичева. -М.: Сов. энциклопедия, 1983.
10. История философии. Энциклопедия. Интерпрессервис. –Минск.: Книжный Дом, 2002
11. Глобалистика. Международный энциклопедический словарь. / Под ред. Мазур И.И., Чумаков А.Н. –Москва-Санкт-Петербург-Нью-Йорк, ЕЛИМА, ПИТЕР, 2006.
12. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006

## V. Электрон тəлим ресурслары

1. www. Ziyonet. uz
2. www. edu. uz
3. Infocom.uz электрон журнали: www.infocom.uz
4. www. nuuz.uz
5. www.bimm.uz